

WULAN BRAYAT 2022

**“BRAYAT KULA
PINANGGIH GUSTI,
BRAYAT KULA
MANGGIHAKEN MAKNA”
Mazmur 105:4**



LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH
Samironobaru 77 kompleks LPPS
Yogyakarta 55281

Wulan Brayat 2022

Téma:

**“Brayat Kula Pinanggih Gusti,
Brayat Kula Manggihaken Makna”**

Kaimpun déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia
Jawa Tengah

Telepon: 0274 514721

Website: lpps.or.id

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun)
saben buku Rp.

**ATUR
SAPALA****“BRAYAT KULA PINANGGIH
GUSTI, BRAYAT KULA
MANGGIHAKEN MAKNA”****Mazmur 105:4**

Sokur konjuk Allah, Lembaga Pembinaan lan Pengaderan Sinode GKJ lan GKI SW Jateng saged pepanggihan malih kaliyan para mitra sedaya, dadosa pasamuwan-pasamuwan GKJ, GKI Sinode Wilayah Jawa Tengah, punapadéné para mitra saking pundia papan. Mugi para mitra saged tetep ngraosaken kabingahan lan greget nindakaken patunggilan, paseksi saha paladosan.

Kawula ngucap sokur awit saking panyengkuyungipun para mitra sedaya, buku Wulan Brayat 2022 saged mawujud saprelu mbiyantu gréja-gréja ngraos-raosaken saha ngriyayakaken sih nugrahanipun Allah wonten ing satengahing brayat. Jejer Wulan Brayat 2022 inggih punika “Brayat Kula Pinanggih Gusti, Brayat Kula Manggihaken Makna”. Jejer punika kadhasaraken saking Mazmur 105:4.

Bahan-bahan ing buku punika saged mawujud kados mekaten awit panyambutdamelipun para mitra ingkang sesarengan kaliyan LPP Sinode ngrakit jejer, damel bahan sarta ngrembak bahan-bahan punika kanthi premati. Awit saking punika, keparenga kawula ngaturaken agenging panuwun konjuk dhateng:

1. Pdt. Immanuel Addi Saputro (Bapelsin XXVIII Bidang PWG)
2. Pdt. Erni Ratna Yunita (Bapelsin XXVIII Bidang PWG)
3. Pdt. Yohannes A.B.S (DPG GKI SW Jateng)
4. Pdt. David Nugrahaning Widhi (GKI Pemalang)
5. Pdt. Sony Kristiantoro (PTKSW GKI SW Jateng kanggé Fakultas Teologi UKSW Salatiga)

6. Pdt. Veronica Ayu Marharanauli Siregar (GKJ Kaliwungu Kab. Kendal, Semarang)
7. Pdt. Iwan Setiawan (GKJ Sokaraja)
8. Pdt. Addi Soselia Patriabara (GKI Kavling Polri Jakarta)
9. Pdt. Em. Iman Santoso (GKI Salatiga)
10. Ibu Margaritifera Listyakusumadewi (GKI Nusukan Solo)
11. Bapak Sri Bayu Selaaji (Yakkum)

Kados taun-taun kapengker, bahan-bahan ing buku punika karancang katindakaken sacara intergenerasional. Awit saking punika sedaya brayat Kristen, Wilayah/Blok/Kring saha pasamuwan saged ngraos-raosaken bahan-bahan punika sacara wetah. Supados bahan-bahan punika sangsaya mumpangati tumrapping pasamuwan, bahan-bahan punika prayogi dipun olah malih kacocogaken kaliyan kawontenan saha kabetahaning saben pasamuwan. Wonten ing buku Wulan Brayat Basa Indonésia, kejawi isi bahan khotbah, tata pangabekti, bahan panyuraos Kitab Suci, saha bahan pakempalan pandonga, ugi wonten artikel utawi bahan mirungga. Kawula ngajab supados bahan-bahan mirungga punika saged nambah seserepan saha mbiyantu pasamuwan langkung ngraos-raosaken wekdal-wekdal ing Wulan Brayat punika. Kejawi punika, bahan-bahan mirungga kasebat saged dipun olah malih dados bahan pembinaan.

Pungkasaning atur, kawula saking Komplek LPP Sinode ingkang mapan ing Samironobaru 77 Ngayogyakarta ngaturaken sugeng ngraos-raosaken rengkuhaning sih katresnanipun Allah Sang Rama, Sang Putra tuwin Sang Roh Suci ingkang karsa ngagem brayat-brayat kagunganipun wonten ing pakaryan-Ipun ing bumi sesarengan kaliyan sedaya titah, ingkang ugi minangka satunggal brayat.

Komplek LPP Sinode, Juni 2022,
Salam Kawula,
Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Pdt. Murtini Hehanussa

DHAPTAR ISI

Atur Sapala	i
Dhaptar Isi	iii

Bahan Khotbah

Khotbah Minggu Kapisan	1
Khotbah Minggu Kaping Kalih	5
Khotbah Minggu Kaping Tiga	9
Khotbah Minggu Kaping Sekawan	17
Khotbah Minggu Kaping Gangsal	23

Bahan Liturgi

Liturgi Minggu Kapisan	31
Liturgi Minggu Kaping Kalih	37
Liturgi Minggu Kaping Tiga	45
Liturgi Minggu Kaping Sekawan	57
Liturgi Minggu Kaping Gangsal	65

Bahan Panyuraos Kitab Suci

Bahan Panyuraos Kitab Suci 1	73
Bahan Panyuraos Kitab Suci 2	79
Bahan Panyuraos Kitab Suci 3	87
Bahan Panyuraos Kitab Suci 4	95

Bahan Pakempalan Pandonga

Bahan Pakempalan Pandonga 1	101
Bahan Pakempalan Pandonga 2	107
Bahan Pakempalan Pandonga 3	113
Bahan Pakempalan Pandonga 4	119
Bahan Pakempalan Pandonga 5	127
Bahan Pakempalan Pandonga 6	133

BAHAN KHOTBAH

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

KHOTBAH
Minggu Kapisan

Minggu,
2 Oktober 2022

“KULA SANTUN SLAGA”

Lukas 19:1-10

KHOTBAH JANGKEP**“KULA SANTUN-SLAGA”**

Para laré, para kanèman, tuwin sadaya ingkang dipun tresnani Gusti,

Cariyos pepanggihanipun Zakhéus kaliyan Gusti Yésus temtu sampun mboten anèh kanggé kita. Malah wonten lagunipun ugi, (*umat katuran nglagokaken sesarengan*):

*Zakheus orang pendek kecil mungil dia
Dia naik pohon ara hendak melihat Yesus
Yesus berkata kepadanya:*

“Hai Zakheus, turunlah! Aku akan singgah di rumahmu!”

Lukas 19:1-10 nyariyosaken bilih Zakhéus kepéngin ningali Gusti Yésus ingkang pinuju miyos ing kitha Yérikho. Semunipun Zakhéus kepéngin sanget mangertos kaliyan blegripun Gusti Yésus ingkang pawartosipun sumebar dados rembaganipun tiyang ing pundi-pundi papan. Sekawit Zakhéus namung kepéngin ningali, alias kepéngin mangertos kémawon kados menapa tiyang ingkang asmanipun Yésus menika. Ananging mboten kanyana, Gusti Yésus dumadakan ngrawuhi tuwin ngaruh-aruhi Zakhéus. mBoten namung menika kémawon, Gusti Yésus ugi ngandika bilih Panjenenganipun kersa lerem wonten ing griyanipun Zakhéus. Pratéla menika èstu ngagètaken tumrapping Zakhéus menapa déné kanggé tiyang kathah ingkang wonten ing ngriku.

Zakhéus menika pangarsaning juru-mupu-béya. Amargi padamelanipun menika, Zakhéus mboten dipun-remeni tiyang kathah sarta kaanggep minangka tiyang dosa. Kénging menapa makaten? Tumrapping tiyang Yahudi bab mbayar paos (pajeg) dhateng pamaréntah (Kaisar, Sang Nata Agung) menika sanès namung prakawis politik ékonomi, ananging gegayutan urusan ingkang sesambédan kaliyan agami ugi. mBayar pajeg nedahaken sikap tumungkul dhateng Kaisar, mangka tiyang-tiyang Yahudi dipun-wulang supados namung tumungkul dhumateng Gusti Allah. Menawi mbayar pajeg kémawon karaosaken minangka tumindak ingkang mboten leres, menapa malih tumrapping tiyang-tiyang ingkang nyambut-damelipun minangka juru-mupu-béya. Para juru-mupu-béya kaanggep nyidrani Gusti Allah sarta tiyang-tiyang sabangsa. Menika sababipun Zakhéus kasebat minangka tiyang dosa (ayat 7).

Ananging Gusti Yésus karsa manggihi Zakhéus sarta lerem wonten ing griyanipun. Tembung “lerem” (μείναι = manggon) cetha bènten kaliyan tembung “*singgah*” (ing lagu Sekolah Minggu). Tembung *singgah* menika tegesipun mampir, medhayoh (lèrèn) sadhéla ana ing panggonan kang kedalanan. Ananging tembung “lerem” ing ngriki tegesipun lereb utawi nginep (dados radi sawetawis dangu tinimbang namung mampir). Temtu kémawon, tiyang ingkang lereb sekedhik kathah badhé ngrépotaken ingkang gadhah griya. Ananging Zakhéus purun nampi Gusti Yésus kalawan bingah (ayat 6), Zakhéus mboten rumaos kamomotan, piyambakipun malah remen. Gusti Yésus leres-leres lerem (lereb) ing griyanipun Zakhéus. Menika ateges menawi Gusti Yésus ugi manggèn utawi dedunung wonten ing satengahing brayatipun Zakhéus. mBoten dipun cariyosaken pinten dangunipun Gusti Yésus manggèn wonten ing griyanipun Zakhéus. Ingkang cetha, pepanggihanipun Zakhéus kaliyan Gusti Yésus menika njalari kelampahanipun éwah-éwahan wonten ing gesangipun Zakhéus (sarta brayatipun).

Zakhéus nggadhahi tékad kanggé ngéwahi cara gesangipun. Zakhéus salin slaga, Zakhéus kalakuané malih. Zakhéus ingkang ngantos sapriki terus-terusan mendheti sarta ngempalaken, samangké purun ngeculaken sarta ngedum-edumaken bandha ingkang dipun gadhahi kanggé tiyang ingkang mbetahaken. Zakhéus purun ndandosi dhiri menawi ngantos sapriki sampun lepat salebetipun tumindak. Zakheus malah siyaga nanggél

kawusananipun (ayat 8). Pepanggihanipun kaliyan Gusti Yésus ndhatengaken makna énggal kanggé gesangipun Zakhéus. Zakhéus rumaos dipun tresnani, samangké piyambakipun samekta kanggé nresnani.

Pepanggihanipun Zakhéus kaliyan Gusti Yésus dados berkah mboten namung kanggé Zakhéus sacara pribadi, ananging ugi kanggé brayatipun. Gusti Yésus ngandika: *"Ing dina iki omah iki katekan karahayon,..."* (Luk. 19:9 pertal taun 1981). Temtu kémawon tembung "omah" ing ayat menika mboten nedahaken dhateng satunggaling wewangunan utawi griya, ananging nedahaken dhateng brayat ingkang manggèn ing griya menika, kados ingkang kaserat ing Lukas 19:9 pertal taun 2006, *"Ing dina iki brayat kéné katekan karahayon,..."* Déné éwah-éwahaning gesangipun Zakhéus temtu dados berkah tumrap tiyang-tiyang ing sakiwa tengenipun ugi.

Para laré, para kanèman, tuwin sadaya ingkang dipun tresnani Gusti,

Punapa brayat panjenengan sampun pinanggih kaliyan Gusti? Minangka tiyang pitados, kita temtu kalebet tiyang-tiyang ingkang sampun pinanggih kaliyan Gusti. Ing Wulan Brayat menika, kita kasuwun supados ngraos-raosaken karawuhanipun Gusti ing satengahing brayat kita. Pitakènipun, menapa maknaning karawuhanipun Gusti Yésus kanggé brayat panjenengan?

(Umat katuran wekdal sawatawis kanggé ngraosaken sarta nyuwun sawatawis tiyang ingkang rawuh supados nglairaken wangsulanipun)

Para laré, para kanèman, tuwin sadaya ingkang dipun tresnani Gusti,

Sinau saking cariyosipun Zakhéus, kita pikantuk pangertosan bilih Gusti Yésus manggihi kita kanggé ndadosaken gesang kita langkung saé saking sadèrèngipun. Gusti Yésus rawuhipun *"prelu nggolèki lan mitulungi rahayu wong kang ketriwal."* (ayat 10). Prakawis menika katindakaken amargi Panjenenganipun nresnani sanget dhateng kita. Gusti Yésus mboten kedayan déning caranipun mbiji tiyang sanès ing ngatasipun dhiri kita. Ingkang prelu kita tindakaken inggih

menika tansah nampèni Panjenenganipun kanthi sukarena. Nampèni Gusti kanthi sukarena menika ateges purun nampi piwulang-piwulang-Ipun kanthi sukarena kanggé dipuntindakaken. Menika ingkang badhé ngéwahi gesang kita dados langkung saé sarta ndadosaken keparengipun Gusti.

Kadosdéné Zakhéus sarta brayatipun, gesang kita ugi tebih saking sampurna. Wonten sawatawis kathah kekirangan sarta karingkahan kita. mBokmenawi ngantos sapriki kita namung meleng ngempalaken bandha utawi ribut nandangi urusanipun piyambak. mBokmenawi kita ugi naté ndamel tiyang sanès mboten remen dhateng kita. mBokmenawi kita ugi naté damel kapitunanipun tiyang sanès ing sakiwatengen kita. Kadosdéné Zakhéus, sumangga kita mendhet lampah kanggé santun slaga, santun tingkahlaku utawi kalakuan. Karawuhanipun Gusti Yésus ing satengahing brayat kita, menika ingkang maringi daya sarta grengseng, nyagedaken kita nglampahi gesang kanthi cara anyar. Gesang kanggé nresnani Gusti lan sesami.

Kita (saé minangka anak, tiyang sepuh, tiyang sesomahan, lsp.) menika péranganing brayat. Saé utawi awon kalakuan kita temtu mangaribawani dhateng brayat kita (sarta dhateng paguyuban ingkang langkung wiyar). Minangka tuladha, Zakhéus ingkang dipun sengiti tiyang kathah temtu ndamel brayatipun ugi mboten dipun remeni tiyang sanès. Kosokwangsulipun, Zakhéus ingkang malih (santun slaga) amargi pinanggih kaliyan Gusti, dados berkah tumrap brayat lan tiyang kathah.

Kita menika pérangan saking brayat kita piyambak-piyambak. mBoten namung menika kémawon, kita (GKJ lan GKI SW Jateng) menika pérangan saking patunggilanipun gréja sajagad. Sarta kita menika warganing brayatipun Gusti Allah. Saé awoning sikap kita badhé mangaribawani caranipun mbiji tiyang dhateng brayat kita. Awit saking menika, sumangga kita sinau dados langkung saé malih. Sumangga kita dados berkah kanggé brayat kita sarta tiyang ing sakiwatengen kita. Pinujia asmanipun Gusti. Amin.

[ERY-DEN]



KHOTBAH
Minggu
Kaping Kalih

Minggu,
9 Oktober 2022

“ING ANTAWISIPUN
KASIL SARTA GAGAL”
Jabur Masmur 37:22-26

KHOTBAH JANGKEP

“ING ANTAWISIPUN KASIL SARTA GAGAL”

Falsafah Jawi ingkang badhé dipun aturaken menika sayektosipun mboten anèh malih wonten ing talingan kita ingkang taksih nyepengi kabudayan Jawi. Ananging mbokmenawi wiwit anèh ing talinganipun turunan utawi gènerasi *_strawberry_* wekdal samangké. Falsafah Jawi menika “Cakra Manggilingan”. Ing Bausastra Jawa tembung “cakra” dipun tegesi bunderan, rodha, gegaman awujud rodha pating cringih. Déné tembung andhahan “manggilingan” asal saking tembung lingga “giling”, tembung kriyanipun “nggiling” ateges nggiles; tembung aranipun “gilingan” ateges apa-apa sing digiling, rodha kréta; tembung andhahanipun “manggilingan” ateges mubeng.

Cakra manggilingan menika wanguning rodha ingkang tansah mubeng utawi ngglindhing. Kalih tembung menika nggadhahi makna bilih gesang menika kados rodha ingkang mubeng, terkadhang wonten ing ngandhap, terkadhang wonten ing nginggil. Gesang kita badhé tansah ngalami éwah-éwahan, saged kelampahan dinten menika kasil ananging mbokmenawi bénjing utawi bénjing embèn badhé keblesek saha meningi kagagalan. Contonipun nalika pageblug Covid-19 nrajang. Sadèrèngipun pageblug gesangipun tentrem, pangudinipun gangsar saha kasil, ananging nalika dipun-banting déning praharaning pageblug, samudayanipun santun kawontenan. Kosokwangsulipun, wonten ingkang gesangipun pas-pasan sarta kacingkrangan, ananging

sadangunipun pageblug kelampahan, gesangipun dados santun kawontenan amargi pangudinipun dados langkung saé.

Namung ingkang prelu dipun-mangertosi gegayutan kaliyan falsafah cakra manggilingan menika, mboten namung bab nyipati saha nglampahi éwah-éwahan, ananging kadospundi saget nyukani makna menggahing gesang ing saben lelampahan kanthi saé? Falsafah kasebat ngajeng-ajeng saben tiyang tansah siyaga déning kawontenan ingkang badhé dipun-adhepi, saé utawi awon. Menawi saweg ngalami kagagalan mboten pasrah bongkokan ananging tetep sabar lan ngajeng-ajeng, menawi saweg kasil mboten tekabur/kumalungkung sarta blereng déning kasugihan.

Sabdanipun Gusti dinten menika ugi nuntun kita supados mangertosi gesang ingkang leres ing samudayaning kawontenan. Masmur 37 menika seratan anggitanipun Prabu Dawud (ayat 1). Ing serat menika, Sang Prabu Dawud ngetingalaken sawetawis bab supados dipun-gatosaken déning umatipun Gusti: Kapisan, menggahing bèntening asil ingkang dipun gayuh déning tiyang duraka kaliyan asil ingkang dipun gayuh déning tiyang mursid.

Kados ingkang sinerat ing ayat sepisan, Masmur 37 menika asal saking Prabu Dawud. Ing ayat 22-26 menika kados dados katrangan ingkang cetha kanggé tiyang ingkang gesangipun mursid ing ngrasanipun Gusti Allah. Wiwit ayat 1 ngantos ayat 21; Prabu Dawud ndadosaken lelawanan antawisipun pandamelipun tiyang duraka kaliyan pandamelipun tiyang mursid. Makaten ugi woh ingkang dipun-asilaken saking pandamelipun tiyang duraka kaliyan tiyang mursid. Wonten tigang ukara ingkang sami kaserat déning Prabu Dawud menawi tiyang mursid gesang ing salebeding sarta nglampahi dhawuhipun Gusti. Piyambakipun badhé pikantuk warisan bumi; makaten ugi kosokwangsulipun, Prabu Dawud nyerat patrap ngambali ukara kanggé tiyang-tiyang ingkang gesangipun duraka saha nindakaken pandamel duraka badhé pikantuk paukuman saha dipun-tumpes.

Awit saking menika ing salebeding nglampahi gesang peparingipun Gusti, kita kedah tansah mersudi ngèneti dhateng panganthinipun Gusti sarta ngendelaken Gusti, kénging menapa? Gusti Allah kagungan cara kathah kanggé tetep nuntun tiyang mursid ing salebeding kaleresan. Ing ayat 23-26 sabonten-botenipun wonten kalih cara ingkang dipun-tedahaken Gusti Allah kanggé tiyang ingkang ndadosaken keparengipun Gusti:

- 1) Pangéran Yéhuwah ngekahaken jangkahipun tiyang-tiyang ingkang gesangipun ndadosaken keparengipun Pangéran (ayat 23). Sinaosa kala-kala dhawah (gagal), Pangéran Yéhuwah mboten ngèndelaken tiyang-tiyang menika gumuling, amargi Panjenenganipun njamin katentreman tuwin kawilujenganipun. Wujuding pitulunganipun Gusti mboten namung awujud pitulungan ing wekdal ngadhepi pakèwed ananging nalika Panjenenganipun karsa nuntun ing sauruting gesang supados kita tetep ing larikanipun Gusti Allah. Menika ingkang prelu dados pangertosan kita sesarengan, bilih Gusti Allah sumadhiya tindak kalayan jangkahing suku kita. Panjenenganipun mboten badhé ngèndelaken kita ngraosaken momotan awrat amargi Astanipun Gusti cumawis nggandhèng kita. mBokmenawi wekdal samangké kita saweg ngalami geguletaning gesang ingkang awrat sanget tuwin kados-kados mboten wonten margining uwal. Ananging émuta ing Kitab Nabi Yésaya 59:1-2 “1 Astaning Yéhuwah iku sanyata ora cupet kagem paring karahayon, lan pamirengé ora kurang landhep kagem miyarsakaké; 2 nanging kang dadi sesinggetan ing antarané kowé lan Gusti Allahmu iku sakèhing pialamu, tuwin kang njalari Panjenengané asingidan ana ing ngarepmu, satemah banjur ora mireng, iku sakèhing dosamu.”

Pangajeng-ajeng menika ingkang nalesi tiyang pitados supados mboten pasrah bongkokan nalika saweg ngalami kagagalan, saweg ngalami keblesek, amargi wonten Gusti Allah, ngagem Astanipun ingkang kebak panguwaos nggandhèng kita.

- 2) Ayat 25 nélakaken “Wiwit aku isih enom nganti saiki wis tuwa, aku durung tau nyumurupi wong mursid katégakaké, utawa anak-putuné padha luru-luru pangan; 26 saben dina nandukaké kawelasan lan ngutangi, sarta anak-putuné padha dadi berkah.” (ayat 25-26). Ayat menika ngèngetaken umat dhateng jaminanipun Gusti Allah katandukaken mboten namung kanggé tiyang-tiyang ingkang saweg aben-ajeng kaliyan Gusti Allah ananging

ugi katandukaken dhateng anak-putunipun. Saben tiyang sepuh temtu sampun ngrerancang wekdal ingkang badhé kelampahan tumrap putra-putranipun. Samudayanipun ingkang dipun-tindakaken kagungan ancas supados putra-putranipun ing tembé langkung saé gesangipun. Ananging ing satengahing lampahipun, menapa wonten jaminan bilih ingkang kita lampahi badhé saged kasil? Wonten kathah cariyos kagagalanipun tiyang sepuh salebedipun nyawisaken wekdal ingkang badhé kelampahan tumrap putra-putranipun. Awit saking sinambi nyawisaken wekdal ingkang badhé kelampahan, kita ugi kedah ngendelaken Gusti, amargi namung Panjenenganipun ingkang sembada maringi sih kawelasan tuwin maringi sambutan dhateng saben tiyang ingkang nyenyuwun.

Kanthi makaten, lumantar kalih prakawis menika, kita kedah saged ngendelaken Pangéran Yéhuwah sarta gesang ing salebeding kaleresanipun Pangéran. Amargi ing antawisipun kagagalan lan kasiling gesang kita, wonten Gusti Allah ingkang njamin dan nggandhèng gesang kita.
Amin.

[IAS-DEN]



KHOTBAH
Minggu
Kaping Tiga

Minggu,
16 Oktober 2022

“NALIKA SISAH
KALIYAN SUWUNGING GESANG
TUMANDUK”
Yohanes 11:17-38

KHOTBAH JANGKEP

Wonten laré alit naminipun Jono. Jono nggadahi segawon ingah-ingahan ingkang dipun tresnani sanget. Ing satunggaling wekdal, nalika Jono saweg ngwengani pager griyanipun, segawon ingah-ingahanipun mlajeng medal. mBoten kanyana, satunggaling pit motor rikat sanget sarta nrajang segawon ingkang dipuntresnani Jono. Jono sisah sanget sarta muring amargi segawon ingkang dipuntresnani pejah. Jono putus semangatipun sarta waringuten. Kécalan segawon ingah-ingahanipun, ndamel Jono nandhang sisah sarta rumaos suwung gesangipun.

Umat ingkang dipun tresnani Gusti, saking cariyos prasaja nginggil menika, kita kaèngetaken, bilih raos sisah sarta suwung saged nempuh Bénjing menapa kémawon sarta ing kawontenan menapa kémawon. Sumangga cobu kita émut-émut lelampahan-lelampahan ingkang ndamel dhiri kita sisah sarta suwung. mBokmenawi wonten saking antawis kita ingkang taksih ngalami prosès ing salebeding kasisahan amargi kécalan tiyang ingkang kita tresnani, duka tumrap bapa, biyung, putra, éyang kakung, éyang putri, malah sanak-sedhèrèk kita. mBoten sekedhik brayat ingkang geter amargi ngalami kasisahan sarta rélasi utawi mitra ing gesangipun karaosaken musna. Kita taksih mboten nginten menawi piyambakipun utawi tiyang-tiyang menika énggal sanget nilaraken kita, sarta sanalika gesang kita santun kawontenan.

Kawontenan suwung ugi saged kelampahan amargi bab-bab sanès kajawi dukacipta. Satunggaling anak rumaos suwung

gesangipun amargi nelasaken wekdalipun sesarengan kaliyan réncangipun (*_asisten rumah tangga_*), awit tiyang sepuh kekalihipun (bapa-biyungipun) répot nyambut damel. mBoten wonten sih-katresnan sarta wekdal sesarengan bapa-biyungipun. Adiyuswa sajodho ingkang nelasaken wekdalipun ing ndhusun sekaliyan kémawon, amargi putra-putranipun kekésahan pados pangupajiwa dhateng sanjawining kitha. Saben dinten namung kepéngin sanget wonten dinten prèi, supados putra-putra sarta brayatipun saged wangsul dhateng kampungipun manggihi piyambakipun. Anak-anak ingkang rumaos mboten dipun-rèwès amargi dipun-jiyat nuruti pepénginanipun tiyang sepuh gegayutan kaliyan wekdal ingkang badhé kelampahan. Piyambakipun namung saged ngendhem saklebet-lebetipun pepénginan sarta idham-idhamanipun piyambak. Para berah ingkang kajebag déning jiret ingkang asipat ajeg sarta ila-ila, amargi sampun kécalan greget saha grengseng nyambut damel. Dèrèng malih katambah wontenipun pameteg tuwin pandhesekipun pangarsa. Satunggaling kanéman ingkang kecuwan jalaran dipun-putus sarta dipun-tampik katresnanipun. Sampun temtu taksih kathah malih lelampahan ingkang ndamel kita rumaos suwung gesangipun.

Kanthi tembung sanès, raos sisah sarta suwung, sanget anggènipun ngrisak semangating gesang. Ing ngriki, lelampahan ingkang alit saged dhatengaken raos suwung sarta sisah sanget, makaten kosokwangsulipun. Saben lelampahan saged karaosaken minangka prakawis ingkang nilaraken sisah sarta suwunging gesang menapadéné kosokwangsulipun, kaanggep limraih kémawon. Kajawi menika, saben tiyang ugi nggadahi kawontenaning raos sisah sarta suwunging gesang ingkang bènten-bènten. mBoten saged dipun-samèkaken sarta mboten saged dipun peksa.

Umat ingkang dipun tresnani Gusti, waosan Kitab Suci wekdal samangké nyariyosaken menggahing lelampahan kasisahan ingkang dipun-alami déning brayatipun Maria sarta Marta adhikipun. Maria tuwin Marta kécalan sadhèrèkipun jaler ingkang asesilih Lazarus. Pejahipun Lazarus nirahi sisah dalah sedhah sanget tumrapping Maria dalah Marta. Ing salebeding kasisahanipun, Maria dalah Marta ènget dhateng Gusti Yésus sarta salajengipun ngutus tiyang kanggé ngaturaken kabar kasisahan menika dhumateng Panjenenganipun, ingkang nalika

semanten saweg wonten ing saubenging Lèpèn Yordan. Nalika wiwitan Gusti Yésus nampi pawartos kasisahan menika, Gusti Yésus mboten énggal-énggal manggihi Marta dalah Maria. Gusti Yésus malah lereb kalih dinten malih ing papan Palerebanipun, sadèrèngipun Gusti Yésus wusananipun kondur dhateng Yudéa sarta manggihi Maria dalah Marta.

Nalika Gusti Yésus rawuh, layonipun Lazarus sampun kalebetaken ing pakuburan, ugi manggihaken tiyang-tiyang ingkang saweg nglelipur brayat ingkang saweg nandhang sungkawa. Marta ingkang mireng Gusti Yésus rawuh, nunten menyat methukaken Panjenenganipun. Wonten ing pepanggihan menika, wonten “sekedhik” protès ingkang dipun aturaken Marta dhateng Gusti Yésus, kanthi munjuk: ‘21, "Gusti, manawi Panjenengan wonten ing ngriki, sadhèrèk kula tamtu mboten pejah. 22 Nanging sapunika ugi kula mangertos, bilih punapa ingkang Panjenengan suwun dhumateng Allah, tamtu badhé dipun sembadani.” (Yoh. 11:21-22)

Wonten tanggapan ingkang nengsemaken saking gunemipun Marta kasebat. Kajawi protèsipun, Marta ugi mitayakaken sawetahipun dhumateng Gusti Yésus menggah lelampahan kécalan sarta dukacipta ingkang dipun-alami. Pancèn sekawit Marta nggetuni mboten rawuhipun Gusti Yésus, ananging Marta mboten nglepataken bab menika. Marta saya santosa nalika Gusti Yésus ngandika: “25, "Aku iki patangèn lan kauripan. Sing sapa pracaya marang Aku bakal urip, sanadyan wus mati. 26 Lan saben wong kang urip sarta pracaya marang Aku, iku ora bakal mati ing salawas-lawasé. Apa kowé pracaya marang iku?” (Yoh. 11:25-26). Nanggapi pangandikanipun Gusti Yésus menika, Marta sumarah sarta mitayakaken samudayanipun nalika kasisahan tumempuh. Karawuhanipun Gusti Yésus dipun-sokuri sarta dipun-maknani minangka rawuhipun sumbering pangajeng-ajeng sarta pamulihan tumrap kasisahan sarta suwunging gesang ingkang dipun alami Marta.

Sami kaliyan menika, Maria ingkang mireng rawuhipun Gusti Yésus ugi lajeng maknyat jumeneng manggihi Pajenenganipun, sarta sumungkem ing ngarsanipun Gusti Yésus kanthi sesambat nangis kecalan. Maria sanget mboten gadhah daya sarta keblesek. Maria ugi munjuk ingkang sami kaliyan aturipun Marta, ‘32 ..., "Gusti, saupami Panjenengan wonten ing ngriki, sadhèrèk kula mesthi mboten pejah.” (Yoh. 11:32).

Nanggapi kasisahanipun Maria menika, Gusti Yésus dhèrèk sungkawa ing penggalih sarta muwun sesarengan. Kacathet ing waosan kita bilih Gusti Yésus muwun sarta sungkawa ing penggalih. Sungkawa ing ngriki mujudaken pangrintih utawi panggerenging kasisahan ingkang ageng katemahanipun ngalami lelampahan ingkang awrat sanget, nrenyuhaken, sarta katempuh tanpa daya. Kita saged nyipati tanggapanipun Gusti Yésus ingkang bènten ing ngriki. Gusti Yésus ngalami prosès sesarengan kaliyan Maria. Makaten ugi kosokwangsulipun, Maria ngalami prosès salebeding kasisahan sesarengan Gusti Yésus. Gusti Yésus pirsanget dhateng pribadinipun Maria tuwin nyalarasaken raosing manah sarta kasisahan ingkang dipun alami Maria.

Raosing penggalhipun Gusti Yésus mratandhani menawi Gusti Yésus ugi kadunungan émpati dhateng Maria lan Marta, awit pejahipun Lazarus. mBoten namung menika, Gusti Yésus ugi èstu-èstu ngraosaken kécalan Lazarus, mitranipun. Bab menika kosok-balèn sanget kaliyan tumindakipun Gusti Yésus sadè-rèngipun, nalika Panjenenganipun nampi pawartos kasisahan. Kita saged mirsani bilih Gusti Yésus mboten nyélaki menapa ingkang karaosaken. Gusti Yésus nggatosaken sarta nggegulang émosi ingkang dhateng kanggé saged mangertosi dhiri sarta tiyang-tiyang ing sakiwa tengenipun ingkang ngalami sisah sarta suwunging gesang.

Ing satengahing sisah sarta suwunging gesang, wonten lelampahan ironis (mengko pikajeng béda) ingkang dipun alami Gusti Yésus. Wonten kémawon tiyang-tiyang ingkang ngina Panjenenganipun nalika Panjenenganipun ngalami sisah tuwin suwung. Gusti Yésus pikantuk pangina salebedipun lelampahan kasisahan kasebat. Tiyang-tiyang nalika samanten nanyèkaken panguwaosipun Gusti Yésus sarta nggetuni anggènipun Gusti Yésus kèndel. Bab kasebat dados sikap ingkang *_toxic_* (wonten upasipun). Tiyang kathah rumaos leres dalah nglepataken Gusti Yésus. Kados-kados, tiyang kathah wau nyuwun tanggal jawabipun Gusti Yésus ingkang ngendikanipun kagungan panguwaos. Asring sikap ingkang kados makaten menika ugi kita prangguli nalika kita ngadhepi sisah sarta suwunging gesang. Nalika kita keblesek, tiyang sanès ndamel saya awon kanthi pandugi dalah sikap ingkang *_judgemental_* (ngakimi).

Menawi kados ingkang kita mangertosi, wusanipun Gusti Yésus tumandang damel wonten ing lelampahan kasisahan

menika. Panjenenganipun nangèkaken Lazarus ingkang sampun pejah, sarta prakawis menika nedahaken menawi Gusti Yésus mengku panguwaos menggahing gesang tuwin pejah. Langkung lebet saking menika, tumindakipun Gusti Yésus menika nedahaken bilih Panjenenganipun kuwaos ugi kanggé nangèkaken pribadi-pribadi ingkang kebleseg sarta ngalami kothong ing gesangipun minangka katemahanipun sisah kaliyan suwunging gesang tumanduk.

Umatipun Gusti ingkang kinasih, nalika lelampahan sisah kaliyan suwunging gesang tumanduk ing gesang kita, mbokmenawi kita kalebet golonganing tiyang ingkang kados Marta. Kita ngalami proses ingkang langkung cekak wonten ing salebedipun sisah kaliyan suwung ingkang kita alami. Kita mitadosaken sarta masrahaken dhateng menapa ingkang dipun kersakaken Gusti, sanadyan dhiri kita taksih senggoyoran. Ing sisih sanès, mbokmenawi kita ugi kados Maria ingkang mbetahaken prosès langkung dangu nalika ngalami lelampahan sisah kaliyan suwunging gesang. Dangunipun proses menika mboten namung amargi ingkang kita alami menika awrat, ananging amargi pancèn kita mbetahaken wekdal saha cara ingkang langkung panjang kanggé saged nampi sarta ngakeni raos sakit, sisah, kuciwa, utawi muring amargi pengalaman sisah kaliyan suwung menika. Ingkang cetha, menapa kita kados Marta utawi Maria, kita manggihaken satunggal prakawis wigatos, inggih menika bilih Gusti Yésus nampi saha mangertosi sikap kalih-kalihipun menika. Gusti Yésus rawuh tuwin ngancani kekalihipun. Gusti Yésus ngalami prosès sesarengan kaliyan kekalihipun.

Prakawis menika ingkang prelu dados pancadan wigatos tumrap kita ingkang ngalami sisah kaliyan suwunging gesang, inggih menika bilih Gusti Yésus ndhèrèk ngalami proses sesarengan kita. Lajeng, menika panduman kita samangké kanggé saged mitadosi karawuhanipun Gusti Yésus. Yohanes 11:25-26 dados kaleresaning sabda ingkang nyantosakaken kita kanggé mitadosi karawuhanipun Gusti Yésus nalikanipun sisah tuwin suwunging gesang ndhatengi kita. "Aku iki patangèn lan kauripan. Sing sapa pracaya marang Aku bakal urip, sanadyan wus mati. 26 Lan saben wong kang urip sarta pracaya marang Aku, iku ora bakal mati ing salawas-lawasé. Apa kowé pracaya marang iku?"

Cara tuwin sikapipun Gusti Yésus ingkang karsa ngalami prosès sesarengan kaliyan tiyang ingkang sisah lan suwung gesangipun nimbali kita kanggé nggadhahi tumindak ingkang sami. mBokmenawi samangké kita mboten sisah tuwin mboten ngraosaken suwung ing salebeding gesang. Ananging kita saged nulad Gusti Yésus kanthi dados mitranipun tiyang sisah lan suwung gesangipun. Kita tumut ngraosaken (*_bersimpati_*) dalah nggadhahi pikiran ingkang sami (*_berempati_*) kaliyan tiyang-tiyang ingkang sisah, jibeg, kuwur manahipun, dalah ajrih. Kita mboten pareng ngrèmèhaken menapa malih mboten nggapé dhateng sesami kita, dadosa menika dhateng warganing brayat, mitra ing sapatunggilan, mitra nyambut damel, menapadéné tangga tepalih kita.

Prakawis kaping kalih, sumangga kita ngilo dhateng menapa ingkang dipun-raosaken tuwin dipun-tindakaken Gusti Yésus nalika pinuju nandhang sisah. Gusti Yésus mboten nyélaki raos-pangraos ingkang karaosaken. Patrap nyélaki menggah raos-pangraos ingkang tuwuh minangka temahanipun sisah lan suwunging gesang, sayektosipun mboten mbiyantu kita ing salebedipun ngadhepi sisah kaliyan suwunging gesang. Kita nganggepi sadayanipun kados-kados saé-saé kémawon, mangka tebih saking telenging manah kita wonten tatu tuwin kawontenan suwung ingkang menga. Ing ngrika kita tinimbangan supados sinau ngakeni sarta ngemunah pangraos ingkang tuwuh nalikanipun sisah kaliyan suwunging gesang tumempuh. Raos sisah, kuciwa, malah muring sanès prakawis ingkang nglelingsemi, ananging satunggaling proses limrah peparingipun Gusti. Ngakeni tuwin ngemunah raos-pangraos kados makaten dados sarana pangudi mangertosi dhiri tuwin tiyang sanès, sarta kawontenan ing sakiwatengen kita. Nampèni dhiri ingkang ketaton sarta rumaos suwung ugi prosès peparingipun Gusti supados kita ngwengani dhiri kanggé rawuhipun Gusti ngisèni tuwin mulihaken kita. Saya kita nyélaki saya ketutup papaning manah kita kanggé nampèni menapa kémawon. Awit saking menika, sumangga kita ngakeni pangraos ingkang tuwuh amargi lelampahan sisah lan suwunging gesang ingkang kita alami.

Pungkasan, sumangga kita ngudi tangi sarta pulih saking sisah kaliyan suwunging gesang ingkang kita alami. mBoten sekedhik saking antawis kita ingkang nampèni sikap mboten ngremenaken saking tiyang sanès nalika ngalami lelampahan

sisah kaliyan suwunging gesang. Nalika kita kebleseg, tiyang sanès rumaos remen, malah ugi ngina kita. Tiyang-tiyang ingkang ngina menika mboten mitulungi, ananging malah moyoki. Gusti Yésus ugi ngalami ingkang kados makaten nalika Panjenenganipun saweg sisah amargi pejahipun Lazarus. Mila kanggé menika, kita sinau saking sikapipun Gusti Yésus. Gusti Yésus mboten dhawah krungkep margi pangina menika. Kanthi ngendelaken panguwaosipun Gusti Allah, Panjenenganipun nélakaken Mahakuwaosipun. Ing ngriki, kita sinau kanggé gondhélana sarta pitados dhateng Gusti, bilih Panjenenganipun badhé maringi kakiyatan malah margining luwar saking geguletaning gesang kita. Kita kasagedaken déning Panjenenganipun kanggé tangi sarta kaluwaran saking raos suwung lan kothong amargi kangèlan ingkang kita alami.

Amin.

[YABS-DEN]



**KHOTBAH
Minggu
Kaping Sekawan**

**Minggu,
23 Oktober 2022**

**“PRACAYA, PANGAREP-AREP,
KATRESNAN”
1 Korintus 13**

KHOTBAH JANGKEP

Sampun lumampah 3 taun, pandhemi Covid-19 wonten ing bumi punika. Mèh sadaya péranganing gesang lebur karana dhatengipun pandhemi punika. Makatena ugi wonten ing gesangipun brayat, kathah brayat ingkang benthèt, malah kepara ambyar jalaran pandhemi nukulaken dredah wonten ing brayat. Manéka palapuran nyebataken, sesarengan kaliyan dhatengipun pandhemi, dredah salebeting brayat saya ngetingalaken indhak-indhakanipun. Psikolog Klinis Anak saking Universitas Indoensia (UI) Edward Andriyanto ngandharaken sawatawis akibat saking covid-19 ingkang tumama dhateng brayat. Wiwit saking bebèncengan, pepisahan, kekerasan salebeting balé griya (KDRT), prakawis psikologis, prakawis piranti sesambetan, lan prakawis kabetahan.

Kénging punapa sadaya punika saged kalampahan? Kénging punapa pandhemi njalari brayat dredah, ingkang tundhonipun tumuju dhateng pepisahan? Prakawis kabetahan ékonomi asring dados jalaran ingkang utami. mBoten saged kita selaki, ing wekdal pandhemi punika kathah tiyang ingkang kangèlan ngupadi rejeki. PHK (Pemutusan Hubungan Kerja) ingkang ageng-agengan kalampahan, kathah peranganganing kanggé gesang sesarengan sami lumpuh, sadaya eneripun dhateng kangèlaning pangudi rejeki. Saking punika, prakawis wiwit jumedhul: Dredah, bebèncengan wonten ing brayat wiwit ketingal, jalaran “pawon wiwit kaganggu anggènipun ngebul”, ingkang tegesipun kabetahan-kabetahaning brayat wiwit mboten

kacekapan kanthi samesthinipun. Salajengipun, prakawis ékonomi ingkang dèrèng rampung, *téknologi informasi* andhatengi makaten cepet, nawèkaken punapa ingkang gampil, lan semunipun donya sampun wonten ing tanganipun. Sadaya tiyang saking manéka panggènan saged pepanggihan kanthi cepet. Nalika satunggaling tiyang mboten ngatos-atos tanggapanipun dhateng kamajenganing téknologi informasi ingkang nawèkaken punapa ingkang gampil lan mbingahaken, tundhonipun badhé kajiret ing gesang semu ingkang dipunkinten dados jampi kasisahan sadangunipun punika.

Sebat kémawon Sephia, 35 taun. Gesangipun wekdal punika kados namung kanggé dolanan *handphone* supados saged masang kawontenan wonten ing média sosial. Amargi sampun nyandu dhateng médsos, tanggel jawab minangka sémah lan ibu dipun lirwakaken. Nanging Sephia mboten purun dipun lepataken ing bab lumèngkètipun dhateng *gadget*-ipun. Malahan piyambakipun nuding bilih sémahipun Donjuan, 36 taun, mèri dhateng pakulinanipun. “Aku iki mung dolanan *handphone*, ora ana dolanan liyané, ngono kok ngluputké aku”. Ujaripun Sephia wonten ing ruang tunggu Pengadilan Agama Surabaya, nalika wonten médiiasi. Ing wiwitanipun Sephia mboten ngakeni, nanging dangu-dangu ngakeni bilih piyambakipun kecanduan internèt. Tumrap piyambakipun jagad maya dados candu. Nalika dèrèng wonten *internèt*, ing wanci énjing Sephia sampun nggigah sémahipun lajeng masak sesarengan. Sapunika sasampunipun mlebet ing mangsa 4G, wiwit ngelèkaken mripat piyambakipun madosi HP-nipun. Kalajengaken masang *status* ing manéka warni média sosial. Malahan saking anggenipun lèngkèt dhateng médsos, ngantos nilar tanggel jawab dhateng brayat. Sanadyan makaten sémahipun tansah sabar. Piyambakipun milih sarapan wonten kantor lan nyukani arta sangu kanggé anakipun ingkang taksih TK kangge jajan wonten ing sekolah. Ing sekolahan wekdal nengga anak, Sephia inggih mboten saged uwal saking *handphone*. Malah saking tumemen anggenipun lèngkèt dhateng médsos piyambakipun naté ngalami kacilakan kaliyan anakipun. “Anakku bola-bali kejugur got lan ketinggalan,” ujaripun Sephia. Nanging sadaya wau mboten adamel Sephia kapok. Malah pendhak dinten sangsaya lumèngkèt dhateng *handphone*-nipun. Tumrap Sephia, sesambetan ing jagad maya ngremenaken. “Bisa olèh tepungan akèh, bisa crita mrana-mréné. Sing lanang

nggantheng-nggantheng,” ujaripun kaliyan mringis. Mboten saged dipun sélaki, karana pakulinan ingkang makaten wau, Sephia lajeng selingkuh kaliyan tiyang-tiyang jaler wonten ing jagad maya wau. “Wong ora tau sapatumon ana ing kasunyatan kok, bojoku serik banget,” ujaripun. Nah, amargi sémahaipun sujana, Sephia milih pisahan. Kanthi makaten piyambakipun saged sisan selingkuh kaliyan tiyang-tiyang jaler.

Saèstu, lelampahan-lepampahan kados Sephia pinanggih kathah. Tiyang jaler èstri, nyobi-nyobi pados margi kaliyan tiyang-tiyang lawan jenis ing jagad maya ingkang nawèkaken kanikmatan ingkang cepet. Akibatipun, njedhul tumindak selingkuh. Kawiwitan saking prakawis ékonomi, ingkang njalari sami mboten setya dhateng pasanganipun. Punapa bab punika sampun mandheg? Kasunyatanipun mboten. Saking punapa ingkang dipun tawèkaken, pinanggih kathah bab-bab ingkang dipun tawèkaken ingkang ngener dhateng *konsumerisme* lan *hedonisme*, ingkang tundhonipun badhé sangsaya ngrisak gesanging brayat.

Lajeng kadospundi menggahing brayat Kristen nanggapi kasunyatan ingkang kados makaten? punapa brayat Kristen inggih badhé kéntir ing gesanging jagad maya ingkang kados makaten? Punapa mboten wonten ingkang mbèntèngi murih brayat Kristen mboten katut dhateng kejemipun jagad? Wangsulaniipun, wonten! Punapa punika? Iman utawi pracaya, Pangajeng-ajeng lan Katresnan.

Lumantar waosan ing dinten punika, 1 Korinta 13, kita badhé sinau nglampahi gesang minangka brayat ingkang prayogi lan saé, ingkang béda saking brayat-brayat kadonyan, ingkang mesthinipun mituhu dhateng karsanipun Gusti. Serat 1 Korinta, sejatinipun inggih kababar nalika pasamuwan ing Korinta ngalami bebèncèngan karana kathah prakawis. Wiwit saking patrap, ngantos pecah pasamuwan amargi ngunggulaken peparing roh. Mila lumantar bab 13 punika, Rasul Paulus madhangi pasamuwan Korinta supados purun mratobat lan wangsul malih dhateng gesanging pasamuwan ingkang leres lan mituhu ing karsanipun Gusti.

Ketingalipun, bilih seratipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan ing Korinta ing bab 13 punika, inggih dados pepajar kanggé kita, brayat-brayat Kristen ingkang wekdal punika sami ngadhepi jagad ingkang kebak kasisahan karana covid-19,

punapadéné kawontenan sanèsipun. Salebeting prakawis-prakawis punika kita manggihi wontenipun kemerosotan patraping manungsa lan kathahipun brayat ingkang benthèt. Kénging punapa serat 1 Korinta 13 saged nyukani pepajar kanggé brayat-brayat Kristen wekdal punika ingkang dipun aben-ajengaken kaliyan manékawarni prakawis? Wangsulaniipun inggih punika, karana wonten ing serat 1 Korinta 13, rasul Paulus ngandharaken tigang pokok panggalihan, inggih punika iman (pracaya), pangajeng-ajeng, lan karesnan. Ing pundi tetiganipun punika asring sinebat minangka dhasar ing kekristenan.

Kanthi pitados dhumateng Sang Kristus, pramila saben brayat temtu sami pitados dhumateng Sang Kristus, kalebet pitados bilih wonten pangrimatan ingkang kalampahan ing tengahing brayatipun. Makatena ugi kaliyan pangajeng-ajeng, saben brayat Kristen temtu inggih badhé mitayakaken pangajeng-ajengipun dhumateng Sang Kristus, temahan punapa lan kadospundi ingkang kalampahan ing brayatipun, wonten pangajeng-ajeng ingkang ageng wonten ing Sang Kristus. Nanging sanadyan makaten, saking kalih pérangan inggih punika kapitadosan lan pangajeng-ajeng, kedah kawengku ing katresnan, jalaran katresnan punika ingkang utami. Bab punika amargi katresnan mboten kacancang déning wewatesaning wekdal kados kapitadosan lan pangajeng-ajeng. Sapinten agenging iman lan pangajeng-ajeng, katresnan badhé langkung ageng. Nalika sadaya ingkang dipun darbèni manungsa sampun lumingsir, katresnan badhé tetep wonten. Katresnan piyambak sipatipun langgeng. Kapitadosan lan pangajeng-ajeng kalampah nalika manungsa taksih wonten ing jagad punika, nanging wonten ing gesang langgeng inggih nalika manungsa sampun kawilujengaken lan sesarengan kaliyan Gusti Allah, namung katresnan ingkang badhé tetep wonten lan langgeng. Nanging, kita inggih prelu nyumerepi, bilih wonten ing kalanggengan bénjing, mboten ateges iman utawi kapitadosan lan pangajeng-ajeng mboten kaginakaken malih, karana sayektinipun kapitadosan, pangajeng-ajeng punika satunggal ingkang mboten saged pinisahaken. Wonten ing kalanggengan, kapitadosan badhé dumugi ing kapenuhanipun, lan makatena ugi pangajeng-ajeng.

Dados, bèntèng kanggé brayat-brayat Kristen ingkang gesang wonten ing jagad wekdal punika, kathah sanget prakawisipun, inggih punika: kapitadosan, pangajeng-ajeng lan

katresnan. Sarana kapitadosan, brayat Kristen masrahaken sadaya pangajeng-ajengipun dhumateng Sang Kristus. Sarana pangajeng-ajeng, brayat Kristen mitayakaken gesangipun dhumateng Sang Kristus, satemah punapa lan kadospundi gesanging brayat ingkang dipun lampahi, malah gesang ingkang paling awrat pisan, mboten badhé kagoncang. Salajengipun ingkang satemenipun paling sampurna lan utami, inggih punika sarana katresnan, brayat Kristen nglampahi gesangipun ngginakaken wohing katresnan, kados ta, sabar, loma, mboten kumèrèn, mboten gumunggung, mboten kumenthus, mboten saru polahipun, mboten ngudi kauntungan piyambak, mboten gampang nepsu, mboten nyimpen kalepatanipun asanès, mboten bingah karana tumindak ingkang mboten adil, bingah karana kayektèn, nutup samukawis, pitados ing samukawis, ngajeng-ajeng ing samukawis, lan nyabari ing samukawis. Pitados kémawon, menawi sadaya sampun dipun darbèni déning brayat-brayat Kristen, badhéa awrat kados punapa ingkang dipun tampèni, lan santering panggodha ingkang tumempuh lumantar kamajenganing *Téknologi Informasi*, sadaya punika mboten badhé nggoncangaken. Malah kosok wangsulipun gesanging brayat-brayat Kristen wonten ing padintenan, badhé sangsaya bakuh. Ndhèrèk mangayubagya karana ndarbèni iman kapitadosan, pangajeng-ajeng lan katresnan. Sugeng nglampahi gesang ingkang mboten gampang punika, sesarengan kaliyan Sang Kristus.

Gusti Yésus mberkahi. Amin.

[DNW/TK]



KHOTBAH
Minggu
Kaping Gangsal

Minggu,
30 Oktober 2022

“PEPANGGIHAN KALIYAN
GUSTI, BRAYAT KULA
NGRAOSAKEN MAKANIPUN”
Mazmur 105:1-6

Ibu, bapak lan para laré ingkang dipun tresnani Gusti.

Ngrembag bab pepanggihan, kula kèngetan dhateng cuplikan pepujèn lami ingkang dipun kidungaken déning Victor Hutabarat. Satunggaling pepujèn kanthi cakepan ingkang prasaja nanging lebet maknanipun. Kinten-kinten kados makaten cakepanipun (*Pengkhotbah saged ngajak pasamuwan nyanyi sesarengan, pepujèn saget dipun wangsuli temah pasamuwan mangretos kanthi saé*)

*Dia jamah s'gnap hidupku
Dan b'ri damai di hatiku
Semua t'lah berubah dan aku tahu
Yesus jamah ku jadi baru...*

Kados pepujèn kalawau, wonten ing gesang punika pepanggihan dados bab ingkang mboten saged kita sèlaki, dados punika pepanggihan kaliyan brayat, kanca, tiyang ingkang kita tresnani punapadéné ingkang ngreridhu manah pisan. Nanging pitakènanipun inggih punika, punapa saged sadaya pepanggihan wau ngéwahi dhateng gesang kita sawetahipun karana wontenipun makna ingkang kawengku? Temtu kémawon mboten sadaya! Pepanggihan ingkang saged ngéwahi lan nyukani aos ingkang wigati, namung pepanggihan kaliyan Gusti, lumantar lelampahaning gesang, kados ingkang dipun alami déning Juru Mazmur ing waosan dinten punika.

Cariyos wonten ing mazmur kawiwitan nalika sang Juru Mazmur gesang wonten ing mangsa pambucalan. Pambucalan sanès bab ingkang ngremenaken manungsa ing pundia papan. mBoten wonten umat Israèl ingkang nengga wekdal tumuju dhateng pambucalan punika. Kabucal, katindhès, kasingkiraken,

punika kahanan impèn awon kanggé sadaya titah, kalebet umat Israèl. mBoten wonten hak ingkang saged dipun udi, mboten wonten impèn ingkang dipun remeni, tebih saking kabagyan. Keduwung, pangaduh, gorèh lan raos ajrih dados tetedhanipun ing saben dinten gesangipun. Siksa, tangis lan kasangsaran kados mboten purun kesah supados ginentosan kabinngahan. Sinarengan ing kawontenan ingkang kados makaten, Juru Mazmur ngajak umat Israèl ngalami pepanggihan kaliyan Gusti, supados punapa? Supados, sanadyan wonten ing pambucalan, umat tetep saged gesang karana ngraosaken maknaning gesang lumantar pepanggihan kasebat.

Minangka pangajak punapadéné dados dhawuh Juru Mazmur ngandika, ‘saosa puji sokur, padha nyebuta asmané, padha ngegung-egungna asmané, ngupayaa, lan ngelingana’. Umat Israèl mboten kepareng dhumawah ing kawontenan ingkang mboten saé. Kedah wonten tumindak ingkang dipun tindakaken murih mboten kécalan dhateng maknaning gesang. Satunggaling tumindak wau inggih punika ngangseg tumuju dhumateng Gusti. Punika katindakaken ing salebeting atur panuwun, nyebat asmanipun, ngegungaken asma, ngupadi lan ngènget-ènget ingkang tumuju dhumateng Gusti. Kanthi ukara sanès, pepanggihan kaliyan Gusti kedah dipun udi ing wekdal samanten, murih gesangipun umat ndarbèni makna, kaleres ing wekdal samanten umat Israèl wonten ing papan ingkang andhap ing gesangipun.

Pambereg supados saos sokur, nyebat asmanipun Gusti, ngungging asmanipun Gusti lan ngupadi lan ngènget-ènget Gusti kadadosaken tumindak padintenanipun umat Israèl. Umat kulina kaliyan kidung pamuji. Malahan tebih saderengipun kabucal, saos sokur lan sapiturutipun wau kawujud wonten ing pamuji ing padintenan gesangipun. Kanthi ukara sanès, Juru Mazmur badhé matur bilih pepanggihan kaliyan Gusti mboten kedah katindakaken wonten ing Padaleman Suci, utawi papan-papan pangibadah umat ingkang sampun karisak déning mengsah. Pepanggihan kaliyan Gusti dipun raosaken déning umat Israèl wonten ing tata gesang pangabektining umat padintenan. Tata gesang pangabektining umat dumados saking tigang prakawis; sepisan, Gusti Allah saged dipun panggihi lumantar pangènget-ènget dhateng mangsa kapengker. Gusti Allahipun Israèl punika Gusti Allah ingkang saking wiwitan tansah nyarengi gesangipun

umat. Punika kacetha nalika Gusti paring berkah dhateng Abraham, Iskak lan Yakub, nalika Gusti Allah nuntun gesangipun Yusuf lumantar margi-margi ingkang rumpil temahan Yusuf saged gesang ing wekdal ingkang kebak kangèlan. Wonten berkahipun Gusti Allah ing saben kangèlan ingkang dipun alami déning bangsa punika. Kadospundi Gusti Allah nyipta bangsa ageng sanadyan gesang wonten ing negari pangawulan Mesir, kadospundi Gusti Allah ngrimati siyang lan dalu lumantar tugu mega lan latu, kadospundi peksi puyuh, manna lan sumber toya saking séla karang nyekapi kabetahaning umat ing padintenan. Sadaya lelampahan wau dados tandha yekti, kadospundi kasaénaning Gusti Allah ing mangsa bingah punapadéné sisah.

Umat Israèl mboten namung manggihaken Gusti lumantar pangènget-ènget mangsa kapengker. Juru Mazmur inggih ngèngetaken umat bilih Gusti saged dipun panggihi wonten ing ngriki, ing wekdal sapunika. Nalika umat dhumawah nanging tetep gadhah kakiyatan. Nalika umat muwun nanging tetep tanggon. Inggih ing wekdal ingkang kados makaten Gusti Allah rawuh lan rawuhi-Pun tansah nyumerepaken wontenipun makna ingkang éndah tumrap gesangipun umat.

Ingang pungkasan, umat Israèl kaajak déning Juru Mazmur mboten namung manggihaken Gusti ing wekdal kapengker, utawi ngraosaken gesang ing kasunyatan wekdal punika, nanging ugi inggih kaajak nyawang dhateng mangsa mangajeng, amargi ing ngriku Gusti Allah rawuh. Gusti ingkang ing rikala samanten ing wekdal kapengker ngrimati leluhuripun bangsa Israèl, temah umat ndarbèni sujarah ingkang saged dipun cariyosaken, pramila Gusti ingkang sami, inggih ugi badhé nanggèl gesangipun umat ing mangsa mangajeng. Mangsa mangajeng, ingih mangsa ingkang kebak pangajeng-ajeng, kacawisaken kanggé umat ingkang adreng pinanggih kaliyan Gusti. Awit saben ing pepanggihan kaliyan Panjenenganipun badhé njalari umat pikantuk maknaning gesangipun. Pepanggihan kaliyan Gusti ing tigang wekdal punika, kados pangajeng-ajengipun Juru Mazmur, saged adamel umat Israèl tetap ngunjukaken panuwun ing wekdal seseg, mèsem sanadyan ing manah kebak panangis lan tetep memuji sanadyan kanthi tumetesing luh. Punika maknaning gesang ingkang saleresipun. Kanthi makaten, gesang mboten sauger gesang, nanging badhé damel gesang ingkang nentremaken karana kebak makna. Gesang

badhé dados pepujèn dhumateng Allah mboten namung lumantar kekidungan, pandonga lan panembah nanging inggih sarana iman kapitadosan lan kasetyan ingkang saged ngraosaken bilih Gusti Allah maha kawasa, pakaryanipun èlok, kaadilanipun gumathok lan setya dhateng sadaya janjinipun.

Ibu, bapak lan para laré ingkang dipun tresnani Gusti.

Temtu kémawon tata gelar punapa ingkang dipun alami déning bangsa Israèl, kados ingkang dipun andharaken déning Juru Mazmur, béda kaliyan barayat-brayat ing wekdal punika. Kita gesang ing wekdal tuwin kabetahan ingkang béda sanget. Nanging kados ingkang dipun andharaken déning para ahli ing maneka pérangan gesang, dadosa tata *filosofis*, *psikologis* punapadéné *sosial politik*, katentreman tetep dados enering gesang saben manungsa. Filsuf Jerman, Hegel, nyebataken bilih gesang ingkang tentrem punika gesang ingkang mengku makna sacara tata pribadi, ingkang mahanani dhateng moralitas lan nyrambahi tiyang kathah minangka paugeran. Kasinggihan, sadaya titah kepingin ngraosaken katentreman, nanging katentreman nembé saged kita gayuh nalika kita manggihakaen maknaning gesang. Maknaning gesang ingkang nyumerepaken bilih gesang punika mboten sauger gesang. Tangi enjing, adus, nedha, kesah nyambut damel, pinangih kanca tunggil damel, kadhang ribut kaliyan kanca, wangsul pinanggih brayat, tilem lan benjing enjing tangi malih. Lampah ingkang makaten ketingalipun ngremenaken lan prayogi kémawon, nanging punapa sampun leres ing nglebetipun kita saged manggihaken maknaning gesang kita?

Maknaning gesang kadhangkala kita panggihi wonten ing saben dinten kados ing ngajeng wau. Kadhangkala kita panggihi ing kahanan ingkang prihatin, katindhes, kasingkiraken lan kabucal kadosdéné ingkang dipun alami déning bangsa Israèl. Kadospundia punika, inggih maknaning gesang ingkang ndadosaken kita ngraosaken katentreman nalika kita pepanggihan kaliyan Gusti dadosa sacara tata pribadi punapadéné sesarengan. Pamberegipun Juru Mazmur dhateng umat Israèl supados tumindak ngupadi pepanggihan kaliyan Gusti ugi kasuwun kalampahan ing gesang kita. Gusti karenan kita panggihi lumantar lelampahan-lelampahan ing wekdal kapengker, inggih kadospundi anggènipun Gusti Allah nyarengi gesang kita. Ing

antawising samanten kathahipun wiji, kita punika ingkang dipun pilih déning Gusti Allah supados menang lan lair ing jagad punika. Mboten wonten lampahing gesang kita ingkang sekedhap kémawon luput saking pamirsanipun Allah. Menawi kita ing wekdal punika wonten, punika karana katresnanipun. Saupamia mboten wonten tiyang satunggala kémawon ingkang nyarengi kita ing wekdal punika, sumangga karaosna bilih astanipun Gusti mboten kirang panjang kanggé mitulungi kita. Tansah wonten tiyang-tiyang ingkang saé ingkang saged kita panggihi, ingkang dipun agem Gusti supados kita pepanggihan kaliyan Panjenenganipun. Pangènget punika, kedahipun adamel kita ndarbèni iman kapitadosan ingkang sami: bilih badhé cinawisan mangsa ngajeng ingkang kebak pangajeng-ajeng kanggé kita. Pambudidaya supados saged pepanggihan kaliyan Gusti dados bab ingkang wigati awit lumantar pepanggihan punika kita saged manggihaken maknaning gesang. Kanthi makaten brayat kita ugi badhé saged manggihaken maknanipun.

Wonten satunggaling pandhita pasamuwan ingkang taksih anem dundum paseksi bab gesangipun. Kacariyosaken tebih dinten saderengipun dados pandhitaning pasamuwan, kathah tiyang sami mastani bilih piyambakipun kalairaken saking tengahing brayat ingkang pepisahan. Sarwa kekirangan wonten ing babagan kabetahan gesang, malahan wiwit sinau ing SD dumugi lulus SMA pandhita wau kedah nyambut damel kanggé nyekapi wragat sekolah adhinipun. Sawetawis tiyang mastani bilih anggenipun kasil dados pandhita punika karana wekelipun nyambut damel ingkang sampun katindakaken. Ananging pandhita wau mratélakaken bilih piyambakipun sampun tentrem wiwit rumiyin. Kadospundi pandhita wau saged mratélakaken ingkang makaten? Sedaya punika awit pandhita kasebat karana nglangkungi lelampahan dhateng lelampahan sanèsipun ingkang tumama dhateng piyambakipun kanthi tansah ngudi saged pinanggih kaliyan Gusti. Inggih bab punika ingkang adamel piyambakipun kiyat, inggih punika ingkang njalari piyambakipun tanggon nglampahi gesangipun, awit piyambakipun nglenggana bilih gesangipun saéstu ndarbèni makna. Sakelangkung mirah menawi gesang punika dipun isèni tètèsing luh. Pepanggihan kaliyan Gusti punika ingkang njalari pandhita wau kaliyan brayatipun, nglengganani bilih brayatipun ndarbèni maknaning

gesang. Tanpa brayat ingkang pepisahan, pandhita wau mboten dumugi ing pérangan punika.

Menawi kahanan ingkang mboten saé nembé tumempuh ing gesang panjenengan ing dinten punika, semunipun kepingin pados pawadan supados saged maiben tumrap kahanan ingkang nembé kalampah, sumangga kita ngraosaken satata pribadi: “Punapa kita sampun pepanggihan kaliyan Gusti lumantar saben pérangan ing lampah gesang kita? Menawi dereng, Panjenenganipun tansah sumadya kita panggihi. Panjenenganipun badhé manggihi kita rumiyin, dadosa wonten ing pangènget ing wekdal kapengker, wekdal sapunika punapadéné ing wekdal ingkang badhé dhateng. Supados wonten saos sokur sanadyan manah tatu, wonten raos bombong sanadyan tanpa daya, wonten maknaning gesang ingkang kita raosaken saking lelampahan ingkang dumadi. Kita dhawah lan glangsaran dados tandha bilih kita manungsa. Nanging dados manungsa ingkang ndarbèni maknaning gesang punika saged kalampahan menawi kita purun ngrengkuh dhawah kita kasebat lumantar pepanggihan kaliyan Gusti.

Ibu, bapak lan para laré ingkang dipun tresnani Gusti.

Sumangga sesarengan kita nggegesang bab punika. Sumangga kita mujudaken pepanggihan kaliyan Gusti lumantar pepanggihan lan wicantenan kaliyan brayat. Rak inggih lumantar bapa kita, ibu kita, anak-anak kita, ing ngriku wonten pasuryanipun Allah ingkang kedah kita panggihi? Sumangga kita tansah ngudi ngrengkuh brayat kita kadosdéné kita ngudi pinanggih kaliyan Gusti (ayat 4). Sumangga sami ngraosna pepanggihan kaliyan Gusti lumantar katresnan kita dhateng sadaya warganing brayat kita. Pramila saking ngriku, kaangkah sageda kita nggayuh raosing manah sesarengan ingkang nyumerepi dhateng maknaning gesang wonten ing brayat kita ing wekdal punika. Kanthi mekaten, pakaryani-Pun ingkang èlok, badhé nyata wonten ing gesanging brayat kita. Panjenenganipun ngulungaken astanipun dhateng brayat kita lan kadadosaken anyar. Amin.

[AS/TK]



Referensi:

1. <https://youtu.be/LzZPnja3luI>
2. Reza A.A Wattimena, P.HD, *Bahagia, Mengapa Tidak?*, Yogyakarta, Maharsa, 2015.
3. Penjelasan Bahan Dasar.

BAHAN LITURGI

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

LITURGI
Minggu Kapisan
 Minggu,
 2 Oktober 2022

“KULA SANTUN SLAGA”

Katrangan: PS: Pelados Sabda;
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken; U: Umat

PACAWISAN

- Bèl Kapisan: Donga
- Bèl Kaping Kalih: Ingkang kabebahan nyumet lilin sarta maos pawartos pasamuwan, saget wiwit nyumet lilin, kalajengaken maos Pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.
(Menawi pamaosing Pawartos Pasamuwan kapapan-aken wonten ing pungkasaning pangibadah, mila ingkang kabebahan nyumet lilin tumunten ngaturi umat ngidungaken KPJ 17:1-3 “Mugi Rawuha, Dhuh Gusti”)

NGEMPAL

(umat jumeneng)

U: *(ngidungaken KPJ 17:1-3 “Mugi Rawuha, Dhuh Gusti”)*
 KPJ 17. MUGI RAWUHA, DHUH GUSTI!

Do=F 3/4

- 1) Mugi rawuha, dhuh Gusti! Mugi rawuha, dhuh Gusti!
 Mugi rawuha, dhuh Gusti! Mugi rawuh, dhuh Gusti!
- 2) Kula nyawiji, dhuh Gusti! Kula nyawiji, dhuh Gusti!
 Kula nyawiji, dhuh Gusti! Kula sami nyawiji.
- 3) Kula memuja, dhuh Gusti! Kula memuja, dhuh Gusti’
 Kula memuja, dhuh Gusti’ Kula sami memuja.

VOTUM

(umat jumeneng)

PS: Sumangga pangibadah menika kita sengker kanthi pangaken

PS+U: Sang Yéhuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi
menika tukiing pitulungan kita

SALAM (umat jumeneng)

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Sang Yéhuwah
wontena ing para sadhèrèk (kita) sadaya

U: Ugi wontena ing panjenengan.

KIDUNG PAMUJI (umat lenggah)

U: (Ngidungaken Kidung “Dina Iki Dinané Gusti”,
kakidungaken kaping tiga)

DINA IKI DINANÉ GUSTI

Dina iki, dina iki, dinané Gusti, dinané Gusti
Payo kita, payo kita, suka pirena, suka pirena.
Dina iki, dinané Gusti, payo kita suka pirena
Dina iki, dina iki, dinané Gusti.

ATUR BEBUKA

P/D: Para sadhèrèk, dinten menika kita lumenet ing Wulan
Brayat kanthi jejer: “Brayat Kula Pinanggih Gusti, Brayat
Kula Manggihaken Makna”. Sadangunipun sewulan
wetah, kita badhé sesarengan ngraos-raosaken
pepanggihan kita kaliyan Gusti, pepanggihan ingkang
ndadosaken gesang kita saèstu nggadhahi makna.

Dinten menika ugi kita mèngeti Dinten Bujana Suci
Sajagad sarta Dinten Pakabaran Injil Indonesia.
Sumangga sesarengan kita nikmati anggèn kita
tetunggilan ingkang éndah minangka warganing
brayatipun Gusti Allah, ingkang samekta martosaken
katresnanipun Gusti ing jagad menika.

U: (Ngidungaken KPJ 321: 1, 3 “Kulawarga Kang Rahayu”)

KPJ 321 KULAWARGA KANG RAHAYU

Do=A 9/8

- 1) Kulawarga kang rahayu, lamun Gusti angayomi
srana tresna kang satuhu, tansah nuntun wah nganthi.

Refrein: Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

- 3) Kulawarga tetep panggah, lamun Gusti kang ngayomi;
jroning susah dalah bungah, datan pegat ngrimati.

Refrein: Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

PANGAKEN DOSA

(umat lenggah)

PS: Gusti Yésus ngandika, “*Iki dhawuh-Ku marang kowé:
Padha tresna-tinresnanana*” (Yohanes 15:17)
Menapa panjenengan lan kula sampun nindakaken
dhawuhipun Gusti menika kanthi setya?

U: (Ngidungaken KPJ 61:1-3 “*Saèstu Keduwung*”)
KPJ 61. SAÈSTU KEDUWUNG

Do=D 6/8

- 1) Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.
Kadhawuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami,
nging tan ana bukti. Adhuh Gusti, nyuwun suci
- 2) Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglaha.
Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming driya,
lampah tan prayogi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.
- 3) Saèstu keduwung kula, dé ndlarung ing dosa.
Nadyan rinoban sih-rahmat, nging datan énggal mratobat,
mangkotaken ati. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(umat jumeneng)

PS: Gusti Allah ngandika: “*Ingsun, iya Ingsun iku
Panjenengané kang ngicali dosaning pambalélanira
marga saka Ingsun piyambak, lan Ingsun ora ngènget-
ènget marang dosanira.*” (Yésaya 43:25)
Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: Puji sokur konjuk Gusti Allah!

PS: Salajengipun, gatosna pitedah menika, “*Padha sabar-
sinabarana, apura-ingapuraa menawa ana kang duwé
niat kepéngin males pialané, kayadéné Allah anggoné wis*

ngapura kowé, kowé uga tumindaka mangkono.” (Kolose 3:13)

Awit saking menika, sumangga kita sami apura-ingapura.

(Kacawisana wekdal sekedhap kanggé sami apura-ingapura, mirungganipun ing antawisipun wargananing brayat satunggal kaliyan sanèsipun)

U: *(Ngidungaken KPJ 182:1, 3 “Puji Sokur lan Panggung-
nggung”)*

182. PUJI SOKUR LAN PANGGUNGUNG

Do=G 4/4

- 1) Puji sokur lan panggungggung konjuk mring Hyang Maagung,
kang nitahken jagad raya wah ngreksa kanthi setya.
Makluk wrata rinimatan krana sihing Pangéran.
Jagad tentrem lan raharja, lamun manut pangrèhnya.
- 3) Puji sokur lan panuwun konjuk Allah Mamulya,
kang sampun paring pitulung mring pra manungsa dosa.
Kang panggah sami pracaya mring Panebus sejati,
saèstu manggya raharja, mulya langgeng ing swargi

PALADOSAN SABDA

(umat lenggah)

- **Pandonga Épiklésis**
- **Khotbah (Lukas 19:1-10)**
- **Wekdal Ening**
- **Pandonga Rama Kawula**

PANGAKEN PITADOS

(umat jumeneng)

PANDONGA SYAFAAT

(umat lenggah)

PALADOSAN BUJANA SUCI

(Tumindak ing paladosan Bujana Suci kajumbuhaken kaliyan pakulinan ingkang lumampah ing pasamuwan ngriki/sapang-génan)

PISUNGSUNG

(umat lenggah)

P/D: Sumangga kita ngaturaken pisungsung konjuk Gusti, mboten namung awujud bandha, ananging sawetahing gesang ingkang ngluhuraken Asmanipun Gusti,

P/D+U: “*Awitdéné samubarang kabèh iku saka Panjenengané, krana Panjenengané sarta kagem Panjenengané; kamulyan kagama Panjenengané salawas-lawasé!*” (Roma 11:36)

U: (Ngidungaken KPJ 157:1-3 “*Caosna Pisungsungmu*”) KPJ 157 CAOSNA PISUNGSUNG MU

Do=F 2/4

Kakidungaken Para Tiyang Diwasa

- 1) Caosna pisungsungmu anèng pasamuwan klayan lilaning ati, klawan legawa.
Aturna pisungsungmu kanthi sukarena.

Kakidungaken Sadaya Warga

Reff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

Kakidungaken Para Laré

- 2) Kamirahaning Gusti tanpa tinandhingan sarana samubarang saisining bumi, jer sih-rahmating Gusti tansah binabar.

Kakidungaken Sadaya Warga

Reff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

Kakidungaken Para Kanéman

- 3) Pisungsung kagem Gusti dadia sarana amrih kratoning Allah énggal kelampah.
Tentrem miwah rahayu, Gusti kang paring.

Kakidungaken Sadaya Warga

Reff.: Caosna pisungsungmu dadya cihnaning bungah minangka panuwunmu, wit sihing Allah.

P/D: (*Nuntun pandonga pisungsung*) (umat jumeneng)

PANGUTUSAN

(umat jumeneng)

PS: Brayat-brayat ingkang dipun tresnani Gusti, enerna manah panjenengan dhumateng Gusti,

U: Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti.

- PS: “*Wruhanira, Ingsun jumeneng ana ngarep lawang sarta thothok-thothok; menawa ana wong kang krungu swaraningsun lan mbukakaké lawang, Ingsun bakal lumebet manggihi wong iku lan kembul bujana bareng wong iku lan wong iku karo Ingsun.*” (Wahyu 3:20)
- U: Kawula samekta ngwengani manah kagem Gusti
- PS: Nikmatana pepanggihan kaliyan Gusti sarta tedahna anggèn kita salin slaga,
- U: Sang Roh Suci keparenga nyembadani kawula,
- PF: Tampènana berkahipun Gusti,
Pangéran Yéhuwah mberkahi panjenengan (kita) lan ngayomi panjenengan (kita);
Pangéran Yéhuwah nyunarken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi panjenengan (kita) sih-rahmat;
Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi panjenengan (kita) tentrem-rahayu. (Wilangan 6:24-26)
- U: (Ngidungaken) **Haléluya** (5x) **Amin** (3x).

[ERY-DEN]



LITURGI
Minggu
Kaping Kalih

Minggu,
9 Oktober 2022

**“ING ANTAWISIPUN
KASIL SARTA GAGAL”**

Kattrangan: PS: Palados Sabda;
P/D: Pinisepuh/Dhiaken; U: Umat, L: Lèktor

PACAWISAN

- Pasamuwan ndedonga sacara pribadi. Pradataning pasamuwan dalah para palados pangibadah ndedonga ing konsistori.
- Bèl kapisan, pamaosing pokok-pokok pawartos pasamuwan (kajumbuhaken kaliyan pakulinaning pasamuwan ngriki/sapanggénan)
- Bèl kaping kalih, Pradataning pasamuwan dalah para palados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah, tumunten nyumet lilin ibadah, sasampunipun menika ngaturi umat jumeneng sarta ngidungaken KPJ 181:1, 3 “Puji Sokur Konjuk Gusti”.

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur paringing pakarya, nadyan badamba ringkih;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

VOTUM

(umat jumeneng)

PS: Pitulungan kita menika wonten ing Asmanipun Sang Yéhuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.

U: (Ngidungaken) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

(umat jumeneng)

PF: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama ing Gusti Yésus Kristus kalawan lantaran Roh Suci nunggila ing panjenengan (kita) sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

ATUR BEBUKA

(umat lenggah)

P/D: Gesang kita kados “Cakra Manggilingan”. Dinten menika dumunung ing nginggil saha kasil. Saget kelampahan bénjing énjing utawi bénjing embèn dumunung ing ngandhap saha ngalami kagagalan. Sang Prabu Dawud nyeksèkaken pengalamaning gesangipun sesarengan kaliyan Gusti Allah, sanadyan ing kawontenan keblesek, Gusti Allah mboten badhé nilar piyambakipun. Gusti Allah badhé nyanggi sarta njamin gesanging umatipun. Kanthi makaten, kita mboten badhé kécalan pangajeng-ajeng nalika dhawah saha mboten badhé gumedhé nalika kasil. Ing kawontenan menapa kémawon ingkang kita adhepi, minangka tiyang pitados tansah gesang ing paseksèn ingkang leres inggih menika Gusti Allah badhé mberkahi tiyang ingkang gesangipun ndadosaken keparengipun Gusti. Panjenenganipun badhé nyanggi nalika dhawah tuwin mboten ngèndelaken keblesek terus ing salebeting kagagalan, awit déning Panjenenganipun kita dados berkah.

U: (Ngidungaken *KPJ 109:1, 2 “Gusti Pangayom Kang Setya”*)

KPJ 109. GUSTI PANGAYOM KANG SETYA

Do=G 4/4

- 1) Gusti pangayom kang setya ngirid lampah kawula.
Nadyan panggodha nempuha, kula tan badhé léna,
wit kinanthi déning Gusti siyang dalasan ratri,
siyang dalasan ratri.

- 3) Gusti pepadhang sejati; tansah nuntun kawula.
 Nadyan rubéda ngribedi, datan semplah ing driya.
 Berkahira ngreksa kula ngantos ing salaminya,
 ngantos ing salaminya.

PANGAKENING DOSA

(umat lenggah)

(Pandonga pangakening dosa katindakaken déning satunggaling brayat ingkang sampun kacawisaken sadèrèngipun pangibadah menika lumampah. Pandonga katindakaken sasampunipun Pradataning Pasamuwan maos Angger-angger Katresnan: Injil Matius 22:37-40)

P/D: Umat ingkang dipun tresnani Gusti, brayat kaiket déning katresnanipun Gusti. Makaten ugi wonten ing gesangipun padintenan mboten naté oncat saking Sihipun Gusti amargi kados dhawuhipun Gusti ing Injil Matius 22:37-40: 'Panjenengané ngandika marang wong iku, "Sira tresnaa marang Pangéran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhé lan luhur dhéwé. Déné angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé. Kabèh isining Torèt lan kitabé para nabi iku gumantung ing angger-angger loro mau."

Kanthi ngilo dhateng angger-angger kalih menika, kita ngakeni dèrèng saged nindakaké wonten ing gesang kita padintenan, awit saking menika sumangga kita ngakeni kalepatan sarta dosa kita.

Brayat:(*nDedonga ngakeni dosa katindakaken gentosan, kawiwitan saking bapak, kalajengaken satunggaling anak, katutup déning ibu*)

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(umat jumeneng)

PS: Rahayu saben tiyang ingkang kaapunten kalepatan tuwin dosanipun. Samangké, gesanga salaras kalayan karsanipun Gusti.

U: **Kawula sumadya dhuh Gusti!**

- PS: Munjuka dhumateng Gusti kalawan aturipun Juru Masmur ing Jabur Masmur 105:1-5.
Padha saosa puji sokur marang Pangéran Yéhuwah, padha nyebuta asmané,
pakaryané padha suwurna ana ing antarané para bangsa!
- U: **Padha ngidunga kagem Panjenengané, kidungna kalawan masmur;
saliring pakaryané kang élok padha caritakna!**
- PS: Padha ngegung-egungna asmané kang suci,
atiné para wong kang padha ngupaya Pangéran Yéhuwah dimèn padha bungah.
- U: **Padha ngupayaa marang Pangéran Yéhuwah lan kasantosané,
padha tansah ngupayaa wedanané!**
- PS: Padha ngèlingana marang kaélokané kang wus padha katindakaké,
tandha-tandhané kang élok-élok lan pepancasan kang dingandikakaké.
Mugi katresnan Paduka tansah nyagedaken kita,
(*PS ngaturaken salam Namaste dhateng saliring umat, makaten ugi saben umat ngaturaken salam Namaste dhateng umat sanèsipun.*)
Salam tentrem rahayu.
- U: (*Ngidungaken KPJ 321:1, 3 “Kulawarga Kang Rahayu”*)
KPJ 321 KULAWARGA KANG RAHAYU

Do=A 9/8

- 1) Kulawarga kang rahayu, lamun Gusti angayomi
srana tresna kang satuhu, tansah nuntun wah nganthi.
Refrein: Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.
- 3) Kulawarga tetep panggah, lamun Gusti kang ngayomi;
jroning susah dalah bungah, datan pegat ngrimati.
Refrein: Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

PALADOSAN SABDA

(umat lenggah)

PS: (*Ngonjukaken pandonga épiklése*)**PAMAOSING SABDANIPUN GUSTI**PS: Maos Kitab **Jabur Masmur 37:22-36**, kapungkasan kanthi pangatag:

Makaten pamaosing Sabdanipun Gusti. Inggang rahayu menika saben tiyang inggang mirengaken Sabdanipun Gusti saha inggang netepi. Haléluya!

U: (*Ngidungaken*) **Haléluya!****KHOTBAH:****“Ing Antawisipun Kasil sarta Gagal”****WEKDAL ENING****PANGAKEN PITADOS RASULI**

(umat jumeneng)

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sauruting wekdal tuwin papan, sumangga kita nganyaraken iman kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Iman Rasuli ...

PANDONGA SAFAAT

(umat lenggah)

(*Kawiwitan saking satunggal brayat: déning bapa, kalajengaken ibu, kalajengaken anak, kapungkasan déning Palados Sabda*)**PISUNGSUNG**

(umat lenggah)

P/D: Sumangga kita ngonjukaken panuwun dhumateng Gusti inggang sampun ngiyataken saha ngrimati kita.

Pisungsung inggang kita kempalaken badhé kita talesi Sabdanipun Gusti saking Kitab Jabur Masmur 50:23,

“Sapa kang ngaturaké pamuji minangka kurban, iku ngluhuraké Ingsun; sapa kang jujur lakuné, karahayon peparingé Gusti Allah bakal Suntedahaké.”

U: (*Ngidungaken KPJ 171:1-4 “Mangga Saos Pisungsung”*)

KPJ 171. MANGGA SAOS PISUNGSUNG

Do=C 6/4

- 1) Mangga saos pisungsung mring Allah Ma agung
krana gunging sihrahmat kang lubèr tan kendhat

- 2) Misungsung kanthi loma cihnane panuwun,
dé gesang tansah begja wit Allah kang nuntun
- 3) Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti,
bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.
- 4) Saos pisungsung kathah cacahya tan tim'bang,
lan gung berkahing Allah tan kénging winilang.

P/D: *(Nuntun ndedonga ngaturaken pisungsung, umat kasuwun sami jumeneng)*

PANGUTUSAN

(umat jumeneng)

U: *(Ngidungaken KPJ 198:1, 3 "Lampahing Gesang Puniki")*
KPJ 198. LAMPAHING GESANG PUNIKI

Do=F 2/4

- 1) Lampahing gesang puniki tan kalising pepalang,
nanging astanipun Gusti nuntun maring pepadhang.
Kadya langit kalimputan mendhung kandel lan méga,
ing sasirnanira tamtu padhang njingglang sanyata
Reff.: Bibar jawah mijil kluwung, mengku janji prasetya;
sasisah ing sisah ngantya kluwunging sih Njeng Gusti.
- 3) Aywa mangumiwah kwatir, nadyan peteng marginya,
dipun mantep ing pracaya, setya ing janjinira.
Gusti Ingkang Mahatresna, yéku tukung pitulung;
nadyan sisah kumawasa, Gusti tansah anjangkung.
Reff.: Bibar jawah mijil kluwung, mengku janji prasetya;
sasisah ing sisah ngantya kluwunging sih Njeng Gusti.

PS: *(Nglairaken bundhelaning khotbah)*

Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah,

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah.**

PS: Maujudna dhawuhipun Gusti Allah wonten ing gesanging brayat.

U: **Kawula sagah nindakaken dhawuhipun Gusti.**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus,

U: **Kawula siyaga dados seksinipun Sang Kristus.**

PS: Pinujia Gusti Allah kita,

U: **Samangké ngantos ing salami-laminipun.**

BERKAH

(umat jumeneng)

PS: Tampènana berkahipun Gusti:

“Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saking Allah, Rama kita, saha saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan (kita) sadaya. Amin!”

Amin.

U: (Ngidungaken KPJ 466 “Amin Haléluya”)

Amin, haléluya! Amin, haléluya!**Pinuji Paduka! Amin, haléluya!**

[IAS-DEN]



LITURGI
Minggu
Kaping Tiga
 Minggu,
 16 Oktober 2022

**“NALIKA SISAH KALAYAN
 SUWUNGING GESANG
 TUMANDUK”**

Katrangan: Pdt.: Pandhita; P/D:
 Pinisepuh/Dhiaken; U: Umat; WL: Warga Laré;
 WK: Warga Kanèman; WM: Warga Mudha;
 WD: Warga Diwasa; WA: Warga Adiyuswa

PACAWISAN

- Juru musik ngumandhangaken lelagon musik tanpa nyanyian ingkang saged mbekta umat ngraosaken ibadah ingkang badhé katindakaken.
- Pasamuwan ngawontenaken wekdal ening minangka pacawisan pribadi.
- Pokok-pokok Pawartos Pasamuwan kawaos.
- Panyumeting lilin.

TIMBALAN NGIBADAH

(umat jumeneng)

- P/D: Haléluya! Padha saosa puji marang Gusti Allah ana ing pasucèné! Padha saosa puji marang Panjenengané ana ing cakrawalané kang santosa!
- WL: **Padha saosa puji marang Panjenengané marga saka sakèhing kakiyatané, padha saosa puji marang Panjenengané marga saka kaluhurané kang ngébat-ébat!**
- P/D: Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi swaraning kalasangka. Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi clempung lan slukat!
- WL: **Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi terbang lan jejogédan, padha saosa puji marang**

Panjenengané kanthi swaraning clempung lan suling!

- P/D: Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi kecèr kang kumencring, padha saosa puji marang Panjenengané kanthi kecèr kang gumenjrèng!
- U: **Kabèh kang ambekan karebèn padha saosa puji marang Pangéran Yéhuwah! Haléluya!**

KIDUNG PAMUJI

(umat jumeneng)

- U: (Ngidungaken KPJ 26:1 “Pinuji Gusti”)

KPJ 26 PINUJI GUSTI

Do = F 3/4

- 1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih-rahmat.
Refr.: Halléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti
Halléluya, sagung bekti mring Ratu swargi.

VOTUM

(umat jumeneng)

- PS: Pangibadah Minggu menika kelampahan ing asmanipun
Sang Rama, Sang Putra, Sang Roh Suci.
- U: (Ngidungaken) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

(umat jumeneng)

- PS: Gusti Allah nunggil panjenengan!
- U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

ATUR BEBUKA

(umat lenggah)

- PS: Umatipun Gusti ingkang kinasih, nalika sisah kaliyan suwunging gesang tumanduk ing gesangipun satunggaling tiyang, asring tiyang wau kécalan menapa maknaning gesangipun. Kabingahan saha kabingahaning gesangipun saya surem. Kainsapanipun menggah menapa ingkang kedah katindakaken tuwin ancasing gesang menika saya alum. Kaimananipun sempoyongan. Mila, jejer “Nalika Sisah kaliyan Suwunging Gesang Tumanduk” ingkang kita raos-raosaken wekdal menika, kaajab supados kita saged manggihaken saha ngraosaken karawuhanipun Gusti

nalika kita ketaman sisah kaliyan suwunging gesang. Lumantar jejer menika, kita kaémutaken bilih Gusti Yésus lumampah sesarengan kita ingkang saweg sisah lan kécalan. Gusti Yésus ugi ndhèrèk muwun, duka saha kuciwa, nalika dumunung ing kawontenan sisah tuwin suwunging gesang. Nanging kanthi patrap tuwin pengalamanipun Gusti Yésus menika, kita malah dipun tulungi supados saged nglangkungi, nampi, sarta nyukani makna dhateng saben lelampahan sisah tuwin pengalaman suwunging gesang ingkang tumanduk ing gesang kita.

KIDUNG PAMUJI

U: (*Ngidungaken KPJ 182:1 - 3 "Puji Sokur lan Panggung-gung"*)

182. PUJI SOKUR LAN PANGGUNGUNG

Do=G 4/4

- 1) Puji sokur lan panggungung konjuk mring Hyang Maagung, kang nitahken jagad raya wah ngreksa kanthi setya. Makluk wrata rinimatan krana sihing Pangéran. Jagad tentrem lan raharja, lamun manut pangrèhnya.
- 2) Surya, candra, lan pra lintang samya nyunarken padhang. Peksi ngocèh mawurahan wah sato-kéwan girang. Tetuwuhan ngumbar sekar sarta asung woh-wohan. Sadaya sami memuji mring Allah Kang Makwasa.
- 3) Puji sokur lan panuwun konjuk Allah Mamulya, kang sampun paring pitulung mring pra manungsa dosa. Kang panggah sami pracaya mring Panebus sejati, saèstu manggya raharja, mulya langgeng ing swargi

PANGAKENING DOSA

(umat lenggah)

(*Katindakaken déning: Palados Sabda [PS], wakilipun Warga Kanéman [WWK], wakilipun Warga Mudha [WWM], lan wakilipun Pinisepuh [WP]*)

PS: Umatipun Gusti ingkang kinasih, gesangipun manungsa mboten salaminipun kawengku déning kabingahan saha kasenengan kémawon. Kahanan saha kawontenan saged éwah kanthi cepet sanget, malah saged kelampahan iring-iringan antawisipun bingah-sisah, remen-sedhih, séhat-sakit, kasil-gagal, lan sapiturutipun. Kawontenan

inggang suwaunipun anteng, adhem-ayem, stabil utawi ajeg, lan bingah, saged anjlog dados kawontenan inggang kaken, ngajrih-ajrihi, nalangsa, malah saged suwung. Mila, sumangga kita mijèkaken wekdal pribadi kanggé ngakeni kasèkèngan kita.

(Umat ndedonga sacara pribadi, ngakeni kalepatan lan dosa-dosanipun, kairingan déning lelagon musik tanpa nyanyian – instrumental – KPJ 62 “Sihing Allah Kang Mahatresna”)

WWK: Gusti Allah kawula inggang Mahamirsa, kawula sowan ing ngarsa Paduka kanthi mbekta manah kawula inggang remuk amargi kadhesek déning awrating reribed inggang tumama. Kawula ringkih nalika kedah ngadhepi gempuraning momotan inggang asring kelampahan nilaraken tatuning manah tuwin sangsaraning gesang. Keparenga rahmating kamirahan Paduka mitulungi kawula supados tetep ngraosaken wigatosing karawuhan Paduka wonten ing gesang kawula. Dhumateng Paduka kawula nyenyuwun ...

U: **Karsaa miyarsakaken pandonga kawula.**

WWM: Minangka mudha-mudhi Kristen inggang gesang kanthi marupi-rupi kalonggaran inggang sarwa nyekécakaken gesang, asring ndamel kawula kesupèn. Kawula kapara saya nyangetaken anggèn kawula égois sarta mboten predulèn kawula dhateng tiyang sanès, amargi kawula namung mikiraken kemaremaning dhiri pribadi. Asring prakawis menika malah nuwuhaken pasulayan kèndel-kèndelan saha rebut unggul inggang sumimpen ing manah, sarta damel saya awoning gesang kawula sesarengan. Dhuh Gusti, dhumateng Paduka kawula nyenyuwun...

U: **Kaapuntena dosa kawula.**

WWK: Asring kawula nglirowakaken tanggeljawab ngrimat gesanging kapitadosan kawula. Kawula awis-awis maos saha ngraos-raosaken sabda Paduka. nDedonga kémawon namung menawi kawula émut. Kawula nebih saking saliring pangibadah sarta patunggilan. Malah, asring kawula nyupèkaken saha nyingkur saking Paduka, sarta langkung ngutamèkaken pepénginan kawula

piyambak. Mila kawula nyuwun sih saha kawelasan Paduka kababar ing salebeding gesang kawula Gusti, ngantos kawula pantes dados putra-putra Paduka. Dhumateng Paduka kawula nyenyuwun...

U: **Kasucèkna gesang kawula.**

WWM: Nalika prakawis saha reribed nempuh, kawula asring asikap angkuh tuwin tansah kepéngin nglawan. Kawula klèntu njangkah amargi namung mikiraken kemareman sarta nengenaken dhiri kawula. Nalika kawula klèntu, kawula madosi mawarni-warni alesan ngleresaken tumindak kawula. Nalika kawula kajebag ing salebeding dosa, kawula madosi marupi-rupi cara kanggé nutupi tuwin nyélaki tumindak menika. Kawula mangertos winatesing gesang kawula minangka manungsa. Wonten kathah prakawis ingkang kedah kawula éwahi. Kasembadanana kawula saged tumindak selaras kaliyan kawicaksanan tuwin kaleresan Paduka. Dhumateng Paduka dhuh Gusti, kawula nyenyuwun...

U: **Kadamelana pantes gesang kawula dhuh Gusti.**

WP: Menika pangakening dosa kawula. Keparenga Paduka karsa ngapunteni sadaya kasèkèngan tuwin kalepatan kawula. Kawula mboten saged nindakaken samudayanipun piyambakan tanpa kawibawan saha kakiyatan saking Paduka, dhuh Gusti. Ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci, kawula onjukaken pandonga menika.

U: **Amin.**

KIDUNG PANELANGSA

U: (Ngidungaken KPJ 62:1, 2 “Sihing Allah Kang Mahatresna”)

KPJ 62. SIHING ALLAH KANG MAHATRESNA

Do=F 4/4

- 1) Sihing Allah Kang Maha tresna sung gesang nyata mring kula.
Yéku sih kang ngéram-éramna mring kula tyang kebak dosa.
Mila kula tansah muji tan kendhat rintén lan ratri
- 2) Yèn Allah nganggep dosa kula wah lepat klèntuning lampah,
kawula nemahi antaka wit gesang mung awon tansah.
Nging Gusti lubèr sih-rahmat kula pepuji tan kendhat.

PAWARTOS SIH RAHMAT

(umat jumeneng)

PS: Kanggé kita ingkang sampun ngakeni dosa ing ngarsanipun Gusti, piyarsakna sih-rahmat pangapuntening dosa saking Gusti Allah kados ingkang sinerat ing Kitab Wahyu 21:4 ingkang makaten,

“4 Panjenengané bakal ngusapi sakèhé luh saka ing mripaté, lan bakal ora ana pati manèh; sedhih lan pasambat apadéné kasusahan iya wis ora ana manèh; amarga samubarang kang lawas wis padha kapungkur.”

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk ing Allah.**

PS: Karahayonipun Gusti nunggila ing kita.

U: *(Umat sami déné ngaturaken salam katentreman kanthi nutupaken èpèk-èpèk kalih-kalihipun ing jaja, sinambi ngidungaken KPJ 460 rambah kaping kalih)*

KPJ 460 TENTREM-RAHARJA

Do=E 4/4

Tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita;
tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita.

KIDUNG PAMUJI

U: *(Ngidungaken KPJ 116:1, 2 “Kabegjan Kang Sejati”)*

116. KABEGJAN KANG SEJATI

Do=G 4/4

- 1) Kabegjan kang sejati, tinunggil Gusti.
Yèn panggodha ndhatengi, gya dèn tulungi,
mrih mantep pracaya wah tetep widada,
malah ngersorken dosa, panggah sembada.
- 2) Kabegjan kang satuhu, rineksa Gusti.
Yèn panandhang ngreridhu, gya dènluwari,
mrih kraharjan nyata rinengkuh slaminya.
Mara tansah sung puja, wit sth-piwasnya.

PALADOSAN SABDA

(umat lenggah)

PS: (*Pandonge Épiklése*)
Sadèrèngipun kita maos saha ngraos-raosaken kaleresaning Sabdanipun Gusti, sumangga kita nyuwun kawicaksanan saking Gusti. Kita ngidungaken KPJ 197 “Kula Sampun Siyaga”.

KPJ 197. KULA SAMPUN SIYAGA

Do=G 4/4

Kula sampun siyaga, Gusti; sumadya nampèni sabdamulya.
Kula sujud manembah Gusti, marak ngabyantara sapunika.
Mugi Gusti maringi berkah dhumateng kawula ing samangkya.
Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.
Sabda Paduka datan éwah gingsir saking mula buka;
ugi sapunika wah salaminya. Sabda Paduka wonten gesang kula.
Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

PS: Pamaosing Kitab Suci kapethik saking Injil Yohanes 11:17-38.
Makaten Sabdanipun Gusti. Ingkang rahayu inggih menika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti sarta ingkang netepi ing gesangipun. Haléluya.
U: (*Ngidungaken*) **Haléluya, Haléluya, Haléluya.**

KHOTBAH

“Nalika Sisah kaliyan Suwunging Gesang Tumanduk”

WEKDAL ENING

(umat jumeneng)

PANGAKEN PITADOS

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita lairaken sarta santosakaken malih menapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (*Nglairaken*) Pangaken Pitados Rasuli

(umat lenggah)

PANDONGA SYAFAAT

(Katindakaken déning Palados Sabda [PS]; wakilipun Warga Diwasa [WWD]; tuwin wakil Warga Adiyuswa [WWA])

- PS: Dhah Rama ing swarga, kawula putra-putra Paduka, badhé ngonjukaken panyuwunan kawula. Mugi Paduka midhangetaken panyuwunan kawula.
- WWD: *(nDedonga kanggé padamelan saha pangudi ingkang katindakaken déning tiyang sepuh kanggé nyekapi kabetahaning gesang piyambak sarta brayatipun)*
- WWA: *(nDedonga kanggé brayatipun para putra, putra mantu, para wayah supados saged saya tuwuh imanipun tuwin tuhu setya dhumateng Gusti Allah)*
- PS: *(nDedonga kanggé pribadi-pribadi ingkang saweg ing salebeding kawontenan ringkih raganipun, nandhang sakit, ingkang taksih karimat, sarta ingkang saweg kapulihaken)*
- WWD: *(nDedonga kanggé pribadi-pribadi ingkang saweg gulet tuwin mbudidaya kanggé nggayuh kacekapaning gesang ing wekdal ingkang badhé dhateng, antawisipun: pasanganing gesang, padamelan, asil pungkasan ing salebeding nyambut damel, kauntunganipun ing salebeding bebakulan, lsp.)*
- WWA: *(nDedonga kanggé pasamuwan saha paladosanipun, tuwin adegipun wonten ing jagad menika supados lestantun ndhatengaken tandha-tandha Kratoning Allah, inggih menika katresnan, tentrem rahayu, kaadilan, dalah wetahing tumitah.)*
- PS: *(nDedonga kanggé karaharjaning bangsa dalasan rakyat Indonesia)*

Pandongan menika kawula onjukaken dhumateng Paduka dhuh Rama, ing asmanipun Gusti Yésus Kristus, Juruwilujeng kawula ingkang memulang kawula ndedonga:

Dhuh, Rama kawula ingkang wonten ing swarga...
Amin.

PALADOSAN PISUNGSUNG

P/D: Sumangga kita nyaosaken pisungsung minangka pratandhaning sokur kita. Sabdanipun Gusti ingkang nalesi pisungsung kapethik saking **Jabur Masmur 126:5-6** makaten,

“5 Wong kang padha nyebar wiji karo mbrebes mili, bakal ngenèni kambi giyak-giyak. 6 Wong kang lumaku maju kalawan nangis kambi nyebar wiji, mulihé mesthi kalawan surak-surak karo ngusung gèdhèngané.”

KIDUNG PAMUJI

U: (Ngidungken KPJ 154:1-2 “Adrenging Tyas Kula”)

KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

- 1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula sawetahing gesang, jiwa lan raga, wit kula tan darbé bandha kang pengaji kang langkung prayogi, sinaos Gusti. Mung punika Gusti, panyuwun kula, mugi katampia atur kawula, mrih gesang kawula kagema Paduka pirantos sapala.

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti; kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff.: Mung punika Gusti, pisungsung kula sawetahing gesang, jiwa lan raga, wit kula tan darbé bandha kang pengaji kang langkung prayogi, sinaos Gusti. Mung punika Gusti, panyuwun kula, mugi katampia atur kawula, mrih gesang kawula kagema Paduka pirantos sapala.

PANDONGA PISUNGSUNG

(umat jumeneng)

P/D: (Nuntun pandonga pisungsung)

PANGUTUSAN DALAH BERKAH

KIDUNG PAMUJI

U: *(Ngidungaken KPJ 438:1, 3 “Gusti, Paduka Ngirid Lampah Kawula”)*

KPJ 438. GUSTI, PADUKA NGIRID LAMPAH KULA

Do=D 4/4

- 1) Gusti, Paduka ngirid lampah kula
Kula ndhèrèk Paduka salaminya.
Kawula datan saged milih margi
Mugi sapurug kula, Gusti nganthi.
- 3) Ngambaha margi rumpil nguwatosi,
tinempuh ing prahara nggegirisi,
ninging Gusti tansah ngirid lampah kula,
mesthi Paduka kanthi dateng swarga.

PANGUTUSAN

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah dalah jagad;

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti Allah dalah jagad.**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus;

U: **Kawula cumawis nyeksèkaken katresnanipun Sang Kristus ing lingkungan brayat, pasinaon, paladosan, panyambutdamel, sarta ing satengahing masyarakat.**

PS: Pinujia Allah Sang Rama, Sang Putra, saha Sang Roh Suci;

U: **Ingang mboten naté misahaken kawula saking Katresnanipun, samangké ngantos ing salaminipun.**

BERKAH

PS: Sami nampènana berkahing Gusti: “Mugi tansaha wonten pepanggihan ingkang mbangun tuwin nglipur, ingkang kelampahan ing gesang panjenengan (kita).
Mugi dinten-dinten panjenengan dipun langkungi kanthi puguh tuwin tanggon, sinaosa pepalang saha geguletan tansah nasabi.

Mugi katentreman saha sih katresnan wontena ing panjenengan (kita), saha saisining brayat panjenengan (kita).

Mugi Sihipun Allah Sang Rama, Sang Putra, saha Sang Roh Suci nasabi saha nunggil panjenengan (kita) wiwit samangké dumugi ing salami-laminipun. Amin.

U: (Ngidungaken) **Haléluya** (5x) **Amin** (3x)

[YABS-DEN]



LITURGI
Minggu
Kaping Sekawan
 Minggu,
 23 Oktober 2022

**“PRACAYA, PANGAREP-AREP,
 KATRESNAN”**

Katrangan: PS.: Palados Sabda; M: Majelis;
 U: Umat; PL: Palados Liturgi; Bp.: Bapak-
 bapak; Ib: Ibu-ibu; An: Anak-anak; L: Lektor

PACAWISAN

- Organis/pianis ngungelaken lelagon ingkang mbekta pasamuwan ngraosaken pangibadah
- Pasamuwan nyipta wekdal ening minangka pacawisan pribadi
- Pamaosing Pawarta Pasamuwan
- Panyumeding lilin

TIMBALAN NGIBADAH

(Jumeneng)

PL: Rahayu saben wong kang ngabekti marang Pangéran Yéhuwah, sarta kang ngambah ing dalan pitedahé.

Bp: Manawa kowé mangan wohing kangèlané tanganmu, rahayu kowé lan becik kaananmu!

Ib.: Rabimu bakal dadi kaya wit anggur kang subur ana ing jeroné omahmu; lan anak-anakmu kaya trubusaning wit jaitun kang ngupengi mejamu.

An: Lah kaya mangkono anggoné bakal kaberkahan wong lanang kang ngabekti marang Pangéran Yéhuwah.

PL: Sang Yéhuwah muga mberkahana kowé saka ing Sion, sarta kowé muga menangana karaharjané Yerusalèm sajegmu urip,

U: sarta muga menangana anak-anaké anak-anakmu! Tentrem rahayu anaa ing Israèl!

PL: Sapunika, sumangga kita ngunjukaken pamuji lan panuwun kita awit kasaénanipun Gusti wonten ing gesang kita, lan sumadya lumebet ing pangibadah kita.

(Kawiwitan para laré kanthi pamuji “Srengéngé nyunar” lumebet dhateng papan pangibadah, kalajaengaken lajeng para palados pangibadah. Para laré aben-ajeng kaliyan pasamuwan)

Srengéngé nyunar (Kakidungaken kaping 2)

Srengéngé nyunar kanthi mulya
 Anginé midid klayan rena
 Manuké ngoceh ana ing wit-witan
 Kewané nyenggut ana ing pasuketan
 Kabeh padha muji Allah kang Mulya
 Kabeh padha muji Allah kang Mulya

VOTUM

(Jumeneng)

PS: Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti ingkang nitahaken langit lan bumi saisinipun. Amin.

U: **(ngidungaken: Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus, wontena ing panjenengan sadaya.

U: **Wonten ing panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA

(Lenggah)

PL: Wekdal punika kita gesang wonten ing jagad ingkang kebak prakawis punapadéné panggodha. Pandhemi covid-19 jumedhul ing bumi punika, adamel ambyar tumrap sadhéngah péranganing gesang ngantos dumugi 3 taun punika. Akibatipun, kathah tiyang, kalebet brayat-brayat Kristen mboten kuwagang nglampahi gesang ingkang awrat lan kebak déning panggodha. Pramila, namung kanthi satunggal margi supados kita tetep ngadeg jejeg, inggih punika sarana Iman kapitadosan, Pangajeng-ajeng lan Katresnan. Lumantar tigang prakawis kasebat, kita badhé

kasagedaken nglampahi gesang kanthi prayogi, ingkang mituhu dhateng karsanipun Gusti, jalaran punapa lan kadospundi ingkang kalampah ing gesang kita lan brayat, kita tetep saged menang nglawan panggodha.

U: Ngidungaken:

KPKL 138 Allah Maha'asih

1

Allah Ma'asih, asung Putranya
Allah Ma'asih, asih mring wang
Allah Ma'asih, asung Putranya
Allah Ma'asih, asih mring wang
Mulané sun ngidung Allah Ma'asih
Allah Ma'asih, asih mring wang.

2

Ingsun binanda déning duraka
Ingsun binanda tan saged wal
Ingsun binanda déning duraka
Ingsun binanda tan saged wal
Mulané sun ngidung Allah Ma'asih
Allah Ma'asih, asih mring wang.

3

Gusti ingutus dadya Pamarta
Gusti ingutus ngentas mring wang
Gusti ingutus dadya Pamarta
Gusti ingutus ngentas mring wang
Mulané sun ngidung Allah Ma'asih
Allah Ma'asih, asih mring wang.

PANGAKENING DOSA

PS: Sumangga sesarengan kita ngunjukaken pandonga pangakening dosa ing ngarsanipun Gusti satata pribadi

Bp: Dhuh Gusti, apuntenana kawula, para bapa ingkang sadangunipun punika asring rumaos bilih kawula ingkang rumaos ageng labuh labet wonten ing brayat, satemah kawula nglirwakaken dhateng sémah lan anak-anak kawula. Apuntenana kawula, dhuh Gusti.

Ib: Dhuh Gusti, apuntenana kawula para ibu sadangunipun punika kawula ngegungaken dhiri minangka ratuning brayat, ingkang samesthinipun pikantuk paladosan

mirunggan wonten ing brayat. Apuntenana kawula, dhuh Gusti.

An: Dhuh Gusti, kawula para laré inggih nyuwun pangapunten, sabab sadangunipun punika kawula asring dados laré-laré ingkang kirang ngabekti dhumateng tiyang sepuh kawula. Apuntenana kawula, dhuh Gusti.

U: Dhuh Gusti, kawula sadaya, minangka brayat sowan nyuwun kawelasan Paduka. Apuntenana sadaya kalepatan lan dosa kawula, ingkang sampun kawula tindakaken ing sadangunipun punika.

PF: Dhuh Gusti, punika pangakening dosa kawula, kawula pitados bilih Paduka ngapunteni sadaya dosa lan kalepatan kawula. Wonten ing Asma Dalem Gusti Yésus kawula ndedonga.

U: Ngidungaken: **KPJ 44 AKU WONG KANG DOSA**

1

Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.

Reff.:

Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.

Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

2

Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka

ingkang saged ngluwari kawula saking dosa. Reff.: ...

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(Jumeneng)

PS: Gusti sampun paring pangapunten tumrap dosa kita, malah sapunika Panjenenganipun maringi kita pawartos sih-rahmat, kados ingkang sinerat ing Jabur 25: 8, “Sang Yéhuwah iku becik lan adil, mulané wong kang kesasar padha ditedahi dalané.” Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti!

U: Puji sokur konjuk Gusti

KPJ 166 KULA NGATURKEN SEMBAH BEKTI

1

Kula ngaturken sembah bekti,
dé Gusti tansah mberkahi
nggèn kula tansah nambut kardi

kanthi temen lan taberi.
 Abot ènthèng datan ngresula,
 lelados kang trusing driya,
 berkah rejeki sing Maluhur
 tinampi lan puji sokur.

2

Kula sumarah mring Pangéran
 kang maringi pangayoman,
 dadosa dalu lelimengan
 punapa padhang rembulan.
 Satangi kula saking tilem,
 manah sakalangkung tentrem.
 Kula saged ngaso sekéca,
 wit astané Gusti ngreksa.

PALADOSAN PAMEDHARING SABDA

(Lenggah)

PS: (Pandonga Epiklése)

Pamaosing Kitab Suci

PS: Pamaosing Kitab Suci kawaos saking **1 Korintus 13:1-13**
 Makaten pangandikanipun Gusti. Ingkang rahayu inggih
 punika ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti
 lan dipun estokaken. HALÉLUYA.

U: **(Ngidungaken: HALÉLUYA)**

Khotbah: “Pracaya, Pangarep-arep, Katresnan”

Wekdal ening

Pangaken Pitados

(Jumeneng)

M: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing salumahing bumi,
 sumangga kita ngekahaken malih dhateng punapa ingkang
 kita pitados kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken
 Pitados Rasuli.

U: **(Sesarengan ngucapaken sahadat Pangaken Pitados
 Rasuli)**

Pandonga Syafaat

(Lenggah)

PS: (Nuntun pandonga syafaat)
 Ingkang dipun dongakaken:

1. Ndedonga kanggé gesanging brayat, supados sanadyan jagad katempuh déning manéka warni kaprihatosan, nanging mboten adamel miyar-miyuring iman kapitadosanipun brayat.
2. Ndedonga supados ingkang sami kawengku déning kemajenganing téknologi, brayat tetepa ndarbeni iman, pangajeng-ajeng, katresnan.
3. Ndedonga supados gesanging brayat-brayat Kristen saged dados tetuladhan tumrap sakiwa-tengenipun, temahan adeging brayat Kristen saged dados margining berkah.
4. Ndedonga kanggé pasamuwan, negari lan bangsa, sarta jagad, supados tinitah tentrem rahayu.

PISUNGSUNG

M: Sumangga kanthi bingah kita ngaturaken panuwun dhumateng Gusti ingkang sampun maringi sakathahing berkahi-Pun. Ngèngetana dhateng pangandikanipun Gusti wonten ing Rum 12: 1, “Kang iku para sadulur, marga saka kamirahané Gusti Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip lan suci, sarta kang dadi keparengé Gusti Allah: yaiku pangibadahmu kang sajati.”

U: Ngidungaken:

KPJ 180 PISUNGSUNG KONJUK MRING GUSTI

1

Pisungsung konjuk mring Gusti datan mung prasedasan;
wit berkahnya siyang ratri lumintu tan wilangan.
Sawarnining kang pengaji kaaturna mring Pangéran.

2

Misungsung kang trus ing ati karenan ngarsèng Gusti,
dados srana peladosan tumrapping pasamuwan;
mbabarken kratoning Allah, rinaosken ing akathah.

Pandongang pisungsung

(Jumeneng)

M: Nuntun pandonga pisungsung

Kidung Pangutusan

KPJ 323 MENDAHNÉA RAHAYU TYANG GEGRIYA

1

Mendahnéa rahayu tyang gegriya
 klayan tansah rumaket mring Gusti,
 kang dadya mitra lan tukung basuki,
 sarwi bingah prentahnya pinundhi.
 Sekakapti anilingken sabdanya,
 angabekti Allah klayan éklas.
 Rinten dalu angluhurken asmanya,
 myang sumuyud kalayan trusing tyas.

2

Mendahnéa rahayu tyang sémahan,
 klayan nunggil tresnanya mring Gusti.
 Runtang-runtung dènira sih-sinihan
 klayan saéka-praya lan budi.
 Sadinten-dinten sami ngajeng-ajeng
 idining Gusti sarwi memuji.
 Ing satitah nrima klayan pitajeng
 saha tresna dumugi ing janji.

PANGUTUSAN

PS: Para sadhèrèk ingkang kinasih, samya tumuju dhateng
 gesang padintenan, iman kapitadosan, pangajeng-ajeng
 tuwin katresnan sumangga minangka bebètènging gesang
 brayat panjenengan. Sumangga sami ngeneraken manah ing
 ngarsanipun Gusti.

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng
 Gusti.**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus!

U: **Puji sokur konjuk Gusti!**

PS: Pinujia Gusti!

U: **Sapunika ngantos ing salaminipun!**

BERKAH

PS: Gusti Allah sumbering pangajeng-ajeng ngebaki
 panjenengan (kita) kanthi kabingahan lan tentrem rahayu
 wonten ing kapitadosan panjenengan (kita), supados awit
 saking kakiyataning Sang Roh suci panjenengan (kita) lubèr
 ing pangajeng-ajeng.

U: (Ngidungaken: **Haléluya 5x, Amin 3x**)

[DNW/TK]

LITURGI
Minggu
Kaping Gangsal

Minggu,
 30 Oktober 2022

**“PEPANGGIHAN KALIYAN GUSTI,
 BRAYAT KULA MANGGIHAKEN
 MAKNANIPUN”**

Katrangan:

PS.: Palados Sabda; M: Majelis; U: Umat;

PACAWISAN

- Organis/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang nuntun pasamuwan ngraosaken pangibadah ingkang badhé katindakaken.
- Wekdal ening pribadi
- Pamaosing pawartos pasamuwan
- Prosesi Lilin (menawi wonten)

TIMBALAN NGIBADAH

(Jumeneng)

- M** He Bumi kabèh, padha surak-suraka ana ing ngarsaning Yéhuwah
- U** ***padha ngabektia marang Pangéran Yéhuwah kalawan sukarena***
- M** padha sowan ing ngarsané kambi surak-surak!
- U** ***Padha lumebua liwat ing gapurané kalawan memuji asmané***
- M** Amarga Pangéran Yéhuwah iku becik,
- U sadaya:** ***sih-kasetyané iku kanggo ing salawasé, lan kasetyané lestari turun-tumurun.***

KPJ 4 DHUH NYAWAKU, SIRA SAOSA PUJI

1

Dhuh nyawaku, sira saosa puji
 mring Pangéran Allah Kang Maha Suci.
 Sabatinku ngluhurna asmané.
 Dhuh nyawaku, Yéhuwah kamulyakna.

Aja lali sagunging kadamannya.
Élingana sawiji-wijiné.

2

Pujinen kang ngapura dosanira,
kang marasken sagung lelaranira
nebus uripmu saking antaka;
kang angerobi sira lan kawlasan,
kang maregi umurmu lan kadamman,
wah ngenomaké kekwatanira

VOTUM

PS: Pangibadah Minggu panutuping Wulan Brayat punika
katindaken wonten ing asma Sang Rama, Sang Putra lan
Sang Roh Suci.

U: (dipun ucapaken): **Amin**

SALAM

PS: Gusti nungil ing para sadhèrèk sadaya!

U: **Nunggil ing panjenengan ugi.**

ATUR PAMBUKA

(lenggah)

PS Ibu, Bapak, lan para laré, dinten punika kita ngaturaken
pamuji sokur awit Gusti karsa nunggilaken kita ing Dalem
Pamujan punika. Sasampunipun sawatawis dinten kita
makarya ing tengahing donya, sapunika sumangga
minangka brayat, kita sesarengan ngabekti dhumateng
Gusti. Brayat ingkang aos sanget lan mengku makna, jalaran
ing tengahing brayat kita pepanggihan kaliyan Gusti. Kita
pepanggihan kaliyan Gusti lumantar gumujeng,
punapadéné tumetesing luh. Punapa kémawon punika,
brayat kita kebak ing makna, awit ing ngriku Gusti dedalem.

KPKL 139 Gusti Yésus Ratu Adil

1

Gusti Yésus Ratu adil Panetep Panatagami
Kang mengku sajagad rat Sagung ilat badhé nyebut
Wah salir dengkul Asujud mring Gustiné pra umat
Mring Gustiné pra umat

2

Namung déning Kangjeng Gusti
 Kita saged dados suci
 Kinumbah klayan rahnya
 Gesang langgeng wus sinungken
 Wah tyang dosa rinukunken
 Lantaran Sang Pamarta
 Lantaran Sang Pamarta

PANGAKENING DOSA

Kapimpin déning Palados Sabda, wakil laré (WA), wakil remaja pemuda (WRP), wakil dewasa (WD), wakil lansia (WL).

PS: Pasamuwanipun Gusti, minangka gegayuhan kita saged ndarbèni brayat ingkang tentrem rahayu. Nanging ing kasunyatan mboten makaten. Manah kita ingkang kuwagang mangsuli, punapa kita ketaton ing wekdal punika? Punapa ing wekdal punika kita getun?

Kita mboten prelu gadhah sedyana nglepataken bapak, ibu, laré, utawi sanak kadang sanèsipun. Sumangga kita sowan dhumateng Gusti, ngupadi Panjenenganipun, inggih ngupadi Panjenenganipun samangsa taksih kepareng dipun sowani, ngupadi salebeting andhap asor, ngupadi etuking karahayon sejati.

PS: Dhuh Allah, Rama kawula, wekdal punika kawula sowan ing ngarsa Paduka kanthi andhap asor. Kawula nglenggana bilih kawula asring adamel sungkawaning panggalih Paduka sarana pikiran, pitembungan lan tumindak kawula. Bab-bab punika ingkang adamel brayat kawula rumaos lowong, kados tanpa makna. Kawula ngakeni kalepatan ing ngarsa Paduka. Mugi karsaa Paduka midhangetaken pangakening dosa kawula.

WA: Minangka laré, kawula asring mboten caos pakurmat dhateng tiyang sepuh kawula. Kadhangkala kawula goroh dhateng tiyang sepuh kawula. Dhuh Gusti apuntenana kawula.

- WRP: Minangka para kanèman, kawula asring tumindak manut pikajeng kawula piyambak. Anggen kawula nengenaken kepentingan pribadi adamel tatuning tetiyang ingkang nresnani kawula. Dhuh Sang Kristus, apuntenana kawula.
- WD: Minangka tiyang sepuh, kawula asring meksa dhateng anak-anak kawula. Kawula inggih asring natoni anak-anak kawula kanthi nandhingaken kaliyan tiyang sanès satemah sesambetan kawula lan para anak lajeng risak tanpa makna. Dhuh Gusti, Paduka karsas mulihaken sesambetan kawula.
- WL: Minangka para tiyang ingkang sampun sepuh, kawula asring nganggep bilih kawula dados golonganing tiyang ingkang langkung saé katimbang ingkang langkung anèm. Asring kawula ngrèmèhaken para wiranèm. Dhuh Sang Kristus, apuntenana kawula.
- PS: Dhuh Rama, ing wekdal punika, kawula ngakeni ing ngarsa Paduka satata pribadi ing wekdal ening punika. Paduka karsaa midhangetaken pangakening dosa kawula.
(Ening 20 detik)
Dhuh Gusti, apuntenana kawula sadaya..
- U: Dhuh Gusti, apuntenana kawula sedaya.**
- PS: Wonten ing asma Dalem Gusti Yésus Kristus kawula ngakeni sadaya dosa kawula
- U: Amin**

Kidung pangakening dosa

“KPJ 49 GUSTI KANG MAHAWILASA”

1

Gusti Kang Mahawilasa, mugi paring aksama.
Kula getun dé klepatan, nglawan dhateng Pangéran;
nglirwakken dhawuh Paduka, manut hardaning driya.
Temah tan ngraosken tentrem wah malih gesang langgeng.

2

Gusti Ingkang Mahatresna, mugi ngruwat kawula;
temah kula dados suci miwah nunggil lan Gusti.
Manah kang peteng wit dosa énggal pulih lejara.
Pangajeng-ajeng binuka, ngener mring Allah Rama.

PAWARTOS SIH-RAHMAT*(Jumeneng)*

PS: Tumrap kita ingkang sampun ngakeni dosa ing ngarsanipun Gusti, nampenana pangaputen saking Gusti, kados ingkang sinerat ing Mazmur 130:3-4, “Dhuh Yéhuwah, menawi Paduka ngènet-ènet dhateng durakaning tiyang, dhuh Pangéran, sinten ingkang saged lestantun? Nanging Paduka kagungan pangaputen, supados tiyang sami ajrih-asih dhumateng Paduka.”

PS: Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

PS: Tentrem rahayu wonten ing kita sadaya.

U: **Sapunika ngantos salaminipun.**

Kidung Pamuji: KPJ 92 SÈSTU AGUNG SIHÉ GUSTI**1**

Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.

2

Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya
sèstu punika ganjaran dahat agungira.

3

Nugraha sumber kakiyatan mring manah kang lesah
mrih tan nilar kayektosan wit lubèr ing berkah.

PALADOSAN WEDHARING SABDA *(Lenggah)*

PS: (Pandonga Epiklèse)

PS: Pamaosing Kitab Suci saking: Mazmur 105:1-6
Makaten pangandikanipun Gusti, ingkang rahayu inggih
punika ingkang mirengaken Pangandikanipun Gusti lan
ingkang ngestokaken. HALÉLUYA

U: **(Ngidungaken: HALÉLUYA)**

Khotbah**Wekdal ening****Pangaken Pitados***(Jumeneng)*

M: Sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti ing sadaya
wekdal, sumangga kita nglairaken pangaken kita lan

nandhesaken malih punapa ingkang kita pitados sarana ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

Pandongga Syafaat

(Lenggah)

Kapimpin dening Pandhita, wakil anak (WA), wakil remaja pemuda (WRP), wakil dewasa (WD), wakil lansia (WL).

PS: Rama kaswargan, kawula para putra Paduka kepareng ngunjukaken pandonga panyuwunan kawula. Paduka karsaa midhangetaken panyuwunan kawula.

WA : *(ndedonga kanggé para tiyang sepuh salebeting ngudi kacekapaning brayat)*

WRP: *(ndedonga kanggé para lansia salebeting gesang padintenan ing tengahing raga ingkang saya ringkih)*

WD: *(ndedonga kanggé para laré salebeting nglampahi pasinaonipun)*

WL: *(ndedonga kanggé pasamuwanipun Gusti ing pundia kémawon salebeting martosaken Injil)*

PS: *(ndedonga kanggé brayat-brayat supados ngalami pepanggihan kaliyan Gusti lan ngraosaken aosing gesanging brayat)*

Pandongga punika kawula aturaken dhumateng Paduka Allah Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci. *Amin.*

PISUNGSUNG

M: Pasamuwan Kinasih, pangandikanipun Gusti ngènetaken kita supados tansah caos sokur ing sadaya prakawis. 1 Tesalonika 5:18, ngandharaken, “Padha ngunjukna panuwun ing sabarang kang tinemu, awit iku kang dikarsakaké dening Gusti Allah ana ing Sang Kristus Yésus tumrap kowé.”

Kidung Pamuji:

KPJ 165 KONJUK MRING KANG MAHAAGUNG

1

Konjuk mring Kang Mahaagung, kula saos pisungsung; cihnaning bingahing manah, wit berkahing Allah; sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa,

dadya srana munpangati, mrih kamulyaning Gusti.

2

Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur,
kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,
dalah gesang kula mugi kagem déning Gusti,
dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah.

Pandonga Pisungsung

(Jumeneng)

Kidung Pangutusan:

KPJ 316 BRAYAT KANG TINANGSULAN ING TRESNA

1

Brayat kang tinangsulan ing tresna,
tetales pitados mring Gusti,
mesthi ayem tentrem lan raharja,
atut rukun wah lestari, silih asah lan asih,
silih asuh tan pamrih,
temah adeging brayat puniki,
nengsemken mring sesami.

3

Brayat kang mbangun-turut mring Gusti,
tegen ngedonga lan ngabekti,
kraos lan rumaos nampi berkah,
jroning bingah dalah sisah;
gesangnya kagem Allah, blaba berbudi tansah,
temah adeging brayat puniki,
nengsemken mring sesami.

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS.: Namung Gusti ingkang dados sesirahing brayat kita ingkang sejati.

U: Kawula namung dados warganing brayat.

PS.: Sageda pepanggihan kaliyan Gusti supados gesang panjenengan manggihaken maknanipun

U: Kawula badhé gesang ing salebeting pepanggihan kaliyan Gusti.

PS.: Tansaha tumemen wonten ing Pangandikanipun.

U: Kawula badhé tansah mbudidaya tumemen ing salebeting kapitadosan dhumateng Gusti ingkang nyarasaken kawula

Sadaya: Puji sokur kunjuk Gusti.

PS.: Sami nampènana berkahipun Gusti;

“Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wedanané dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kita), lan maringi tentrem-rahayu.” AMIN.

U: Ngidungaken: Haléluya 5 x, Amin 3x

[AS/TK]

BAHAN PANYURAOS KITAB SUCI

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

**Bahan
Panyuraos
Kitab Suci**
Pepanggihan 1

“MBOTEN AJRIH BÉDA”
Daniel 1: 1-8, 17-20, 47

Panuntun

Asring tiyang rumaos ajrih utawi was sumelang utawi mboten jenjem nalika wonten ing kawontenan béda kaliyan tiyang-tiyang ing kiwatengenipun. Umpaminipun, gadhah karemenan ingkang béda kaliyan kanca-kanca ing kantor utawi ing pawiyatan, satemah mboten asring santé sesarengan. Wonten ugi ingkang mbokbilih béda prinsip. Umpaminipun, mboten purun ngrepek nalika ulangan utawi ujian sanadhiyan kanca-kanca tunggil kelasipun kathah ingkang sami ngrepek. Mboten purun korupsi utawi ngéwahi kuitansi tumbas barang-barang kantor, sanadhiyan kanca-kanca sanèsipun nindakaken kados mekaten, Utawi umpaminipun para wiranèm miji mboten purun dolanan kripto (jinising arta digital) utawi invèstasi-invèstasi ingkang njanjèkaken pikantuk arta ingkang kathah sanget, kamangka kanca-kancanipun kathah ingkang dolanan ing ngriku. Kadhang nalika mboten purun nindakaken bab-bab ingkang sami kaliyan kanca-kanca, tiyang lajeng rumaos kasingkir lan mboten gadhah makna. Lumantar Panyuraos Kitab Suci wekdal punika kita kaajak supados mboten ajrih béda lan tetep ngugemi prinsip-prinsip gesang ingkang pener, kados ingkang dipun wucalaken Gusti.

Mbagèkaken Pengalaman lan Ngolah Pengalaman

(Para rawuh kaaturan mbagèkaken pengalaman lan ngolah pengalaman ingkang dipun bagèkaken)

1. Punapa panjenengan gadhah pengalaman wonten ing kawontenan béda ing satengahing tiyang kathah ingkang ndadosaken panjenengan rumaos mboten jenjem utawi malah

kepara was sumelang lan ajrih? Menawi wonten, panjenengan kaaturan nyariyosaken sacara cekak!

2. Punapa ingkang sampun panjenengan tindakaken kanggé ngatasi raos mboten jenjem, was sumelang lan ajrih kasebat?
3. Kénging punapa panjenengan nindakaken bab kasebat lan punapa akibatipun?

Maos Kitab Suci: Daniel 1: 1-8, 17-20, 47

Ngraos-raosaken Pangandikanipun Gusti

MBOTEN AJRIH BÉDA

Daniel, Hananya, Misaël lan Azarya punika inggih para wiranèm tedhak turunipun para ningrat ing Karajan Israèl, ingkang dipun angkut dhateng Karajan Babèl amargi Karajan Israèl katelukaken déning Karajan Babèl. Wonten ing Karajan Babèl, para wiranèm kasebat dados tiyang ngamanca ingkang kedah nocokaken kabiyasanipun kaliyan kabiasaan saha tradhisi ing Babèl ingkang béda sanget kaliyan kabudayan lan tradhisi wonten ing Israèl. Nanging sanadhiyan mekaten, para wiranèm kasebat mboten kèntér dhateng sedaya punika. Tumraping bab-bab ingkang prinsip, para wiranèm kasebat babarblas mboten purun kompromi. Tiyang-tiyang kasebat saèstu ngugemi bab-bab ingkang prinsip, inggih punika sesambetan kaliyan agami saha kayakinan ingkang sampun dipun warisi saking tiyang sepuhipun saha simbah buyutipun, upaminipun bab nedha tetedhan ingkang dipun awisi déning agaminipun nalika semanten. Kanggé tetep ngugemi prinsip kasebat, para wiranèm sekawan kasebat mboten duga-duga nampik lan wantun nindakaken négosiasi utawi nyang-nyangan kaliyan péhak kraton ing Babèl supados saged tetep nindakaken punapa ingkang dados kayakinanipun piyambak. Para wiranèm kasebat saèstu mboten ajrih béda kaliyan sanèsipun!

Kacariyosaken ing ayat 5 lan 8 bilih raja Babèl netepaken supados para wiranèm ingkang wonten pambucalan punika, (kalebet Dhanièl, Hananya, Misaël lan Azarya) sami nedha tetedhanipun sang prabu. Nalikanipun sedaya wiranèm sami nindakaken punapa ingkang dipun tetetapen sang raja kasebat, Dhanièl, Hananya, Misaël lan Azarya wantun nampik sedaya punika. Para

wiranèm sekawan kasebat wantun nampik amargi tetedhan kasebat kaanggep najis déning tiyang Israèl, lan punika bab ingkang prinsip nalika semanten sesambetan kaliyan iman kapitadosanipun dhumateng Allah.

Anggènipun nampik kasebat dipun tindakaken kanthi cara ingkang saé lan kebak pétangan. Dhanièl ngawontenaken négosiasi utawi nyang-nyangan kaliyan tiyang ingkang dipun angkat dados pengawasipun. Wonten ing pungkasaning négosiasi, wonten kesepakatan ingkang prayogi dadosa tumrap Dhanièl sakanca punapadéné tumrap pengawas kasebat, ing pundi tujuwaning pangagenging kraton badhé saged kasembadan, bilih Dhanièl sakanca bagus saras lan prakosa kados titahipun sang prabu. Mekatena ugi Dhanièl sakanca saged netepi punapa ingkang dados kayakinan agaminipun saha prinsiping gesangipun. Wonten ing ayat 8-16 kacariyosaken bilih Dhanièl gadhah niat mboten badhé najisaken badanipun kanthi nedha tetedhan saha ombèn-ombèn saking kedhaton, lan punika dipun aturaken dhumateng juru pengawas kasebat. Gusti Allah ngosikaken manahipun Aspénas supados becik sawungipun kaliyan Dhanièl. Aspénas ngandika, “Sang Prabu sampun nemtokaken bab punapa ingkang kedah panjenengan dhahar lan unjuk. Menawi sarira panjenengan ketinggal mboten seger kados para nènèman sanès-sanèsipun, kula mesthi badhé dipun pejahi.” Sang Dhanièl lajeng matur dhumateng juru pengawas ingkang dipun angkat déning Aspénas kanggé ngawasi Dhanièl sakanca: “Kula sakanca mugi panjenengan cobu; selaminipun sedasa dinten mugi kaparingana nedha sayuran lan ngombé toya pethak kémawon. Lajeng kula aturi nandhingaken kawontenan kula sakanca kaliyan para nènèman ingkang sami nedha dhaharan saking kedhaton. Menawi sampun, panjenengan lajeng netepana adhedhasar kawontenan kula tiyang sekawan punika. Mireng panyuwunan kasebat, Pengawas kasebat lajeng nyobi sadangunipun sedasa dinten. Saksampunipun sedasa dinten, kanyata wiranèm sekawan kasebat langkung ketinggal saé lan lemu tinimbang wiranèm sanèsipun ingkang nedha tetedhan saking kedhaton. Awit saking punika Juru Pengawas saklajengipun tansah mendhetaken tetedhan, sayuran, saha anggur ingkang kedah dipun tedha lan minum déning Dhanièl, Hananya, Misaèl lan Azarya.

Négosiasi kasebat saged lumampah prayogi ugi awit sih-kanugrahanipun Gusti dhateng wiranèm sekawan kasebat. Ing ayat 9 dipun serat bilih Gusti Allah maringi kanugrahan dhumateng Dhanièl sakanca awujud katresnan saking pemimpining kedhaton. Gusti Allah pirsá menawi wiranèm sekawan kasebat inggih para wiranèm ingkang ajrih asih dhumateng Panjenenganipun, tansah sregep ndedonga lan manembah dhumateng Panjenenganipun. Sedaya ingkang dipun tindakaken mboten uwal saking iman kapitadosanipun dhumateng Gusti.

Bab ingkang narik kawigatosan inggih punika bilih sekawan wiranèm kasebat inggih para wiranèm ingkang saé, sopan, grapyak lan ngremenaken sikepipun, sanadyan ing bab-bab ingkang prinsip sami kekah. Sikep ingkang saé, sopan, grapyak lan ngremenaken kasebat ingkang ndadosaken para wiranèm kasebat dipun tresnani pemimpining kedhaton. Pancèn sedaya punika inggih berkahipun Gusti, ananging ugi awit sikep-sikep kados mekaten ndadosaken tiyang sanès remen lan nresnani para wiranèm sekawan kasebat. Para wiranèm kasebat teras dados murid ingkang saé lan atanggal jawab, sarta punapa kémawon ingkang dipun tugasaken mesti dipun tindakaken kanthi saksaé-saénipun. Pramila punika Gusti Allah mberkahi lan ndadosaken tiyang-tiyang punika nggadhahi pangertosan, kapinteran saha kaahlian ingkang nglangkungi kanca-kancanipun (ayar 17,19,20).

Dhanièl, Hananya, Misaèl lan Azarya mboten ajrih nalika kedah béda kaliyan tiyang kathah sakiwatengenipun. Para wiranèm sekawan kasebat yakin bilih menawi sami ngugemi iman kapitadosanipun kanthi bakuh saha nglampahi punpa ingkang dipun imani kanthi èstu-èstu, Gusti mesthi badhé mitulungi. Sikep bakuh ingkang dipun tedahaken nalika ngugemi bab-bab ingkang prinsip kasebat dipun imbangi kaliyan sikep ingkang tetep grapyak, sopan, ngremenaken saha ajur-ajèr ing bab ingkang mboten prinsip sipatipun, umpanipun nalika sami dipun apringi nami anyar (ay 6-7).

Lumantar Kitab Dhanièl bab setunggal punika kita sinau bilih kita mboten prelu ajrih menawi béda kaliyan tiyang kathah ing kiwa

tengen kita, wonten ing satengahing tiyang ngagami sanès, nalika karemenan kita béda, lan nalika pilihan-pilihan kita béda kaliyan sanèsipun. Kita mesthi kedah wantun ngugemi prinsiping iman saha bab-bab ingkang sampun dipun wucalaken Gusti Yésus dhateng kita, sanadhiyan béda kaliyan tiyang kathah. Kita ugi kedah wantun nyang-nyangan utawi négosiasi, tetep grapyak lan sopan, lan purun kompromi ing bab-bab ingkang mboten prinsip sipatipun. Sumangga kita mboten perlu ajrih menawi béda kaliyan sanèsipun. Amin.

Nganyaraken Gesang

1. Saking waosan Kitab Suci lan saking wekdal ngraos-raosaken pangandika kasebat, bab punapa ingkang nuwuhaken kawigatosan panjenengan?
2. Punapa ingkang panjenengan tindakaken supados saged ngugemi kanthi santosa bab-bab prinsip ingkang panjenengan imani saha ugemi kanthi santosa?
3. Punapa ingkang badhé panjenengan tindakaken supados mboten ajrih asikep béda ing satengahing kathah pangaribawa ingkan negatip ing kiwa tengen panjenengan?

[MH]

**Bahan
Panyuraos
Kitab Suci**

Pepanggihan 2

“Gampil Tuwuh, Gampil Sirna”

Markus 4:1-20

Tujuwan:

1. Para rawuh paham bilih pangibadah srana pirantos digital asring damel tiyang mboten ngeneraken dhiri èstu-èstu dhateng pangibadah.
2. Para rawuh paham nalika mboten ngener, pangandikanipun Gusti mboten saged kasebar ing “siti” ingkang saé satemah mboten tuwuh lan mboten saged awoh kathah.
3. Para rawuh nélakaken kasagahanipun nyawisaken manahipun kados siti ingkang subur kagem pangandikanipun Gusti.

PANUNTUN

Pangibadah daring lumantar internèt/youtube nyengkuyung tumrap peladosang pasamuwan ing mangsa pandhemi. Kita patut caos sokur awit srana medhia daring taksih wonten patunggilan sanadyan kanthi cara ingkang mboten limrah. Nanging, wontenipun pirantos medhia daring asring mboten nyekapi, kados jaringan internèt, gambar-gambar ingkang dipun tata (video), tata swara, lsp. Kawusananipun, ingkang sami ngibadah daring asring kawigatosanipun kaénggokaken (*terdistraksi, teralih perhatiannya*) lan kécalan pengenering manah, kawigatosanipun dados mboten wetah.

Ing sisih sanès, wiranèm ingkang sangsaya raket kaliyan medhia sosial kados-kados mboten saged uwal saking pirantos

*gadget*ipun. Malah, Kitab Suci inggih kawaos saking *gadget*. Punapa sedaya punika dados prekawis? Sajatosipun mboten. Prekawisipun inggih punika bilih ingkang sami migunakaken gadget ugi asring kawigatosanipun kaénggokaken nalika ngibadah. Bab punika tetéla nalika wongsal-wangsul sami ningali gadget sanès ing wekdal pamaosing Kitab Suci. Punika ingkang dipun sebat *fomo* (*fear of missing out*). Wekasanipun mboten ngeneraken dhiri wonten ing pangibadah.

Medhia daring ugi ndadosaken saben tiyang saged kanthi gampang ngibadah ing pundia papan lan miji badhé ningali jam pintena kémawon. Ing Youtube wonten kathah pangibadah saking mawarni-warni gréja ing jagad punika. Asring anggènipun muter dipun cepetaken, miji pérangan ingkang kepéngin dipun pirengaken. Inggih kanyatan-kanyatan punika ingkang saged dados pepalang temah pangandika mboten saged tuwuh kanthi subur lan awoh ing gesanging tiyang ingkang mirengaken.

Lantaran PKS wekdal punika, para rawuh kaajak ngegilut malih cariyosipun juru nyebar lan nyobi nyocogaken (kontekstualisasi) kaliyan gesangipun para rawuh ijèn-ijèn. Lantaran pangudi punika kaajap para rawuh saged dados siti subur tumrap sabdanipun Gusti.

KATRANGAN TÈKS

Waosan kita punika pasemonipun Gusti Yésus bab juru nyebar. Umumipun, pasemon punika satunggaling katrangan utawi pasemon ingkang kapendhet saking gesang padintenan kanthi sedya kanggé ndudut kawigatosanipun para pamiyarsa lan mitulungi para pamiyarsa mangertosi kanthi langkung saé. Saged ugi kosokwangsulipun, pasemon kaandharaken kanggé ndhelikaken satunggaling bab, kados pasemon punika (ay. 11-12).

Minangka satunggaling pasemon, temtu kémawon wonten kathah bab ingkang saged dados pitakènan sacarakritis. Menawi ing pasemon kita punika, upaminipun kita saged pitakèn, kok wonten

juru nyebar ingkang nyebar ing pinggir margi, siti ingkang kathah sèlanipun, lan ing erèn? Pasemon punika pancèn mboten kanggé mangsuli pitakènan-pitakènan ingkang kados mekaten. Inggang dipun tuju déning pasemon punika utawi ingkang dados tujuwan pasemon punika inggih punika para pamiyarsa sumedya dados siti ingkang subur temah winih sabdanipun Gusti ingkang kasebar tuwuh lan awoh kathah.

Pasemon punika dados ndudut kawigatosan nalika kita nggathukaken kaliyan catetan Kitab Suci ingkang nélakaken kathah tiyang sami ngetutaken Gusti Yésus. Ayat 1 nélakaken kanthi cetha tiyang kathah sami nglempak ing ngarsanipun Gusti Yésus ngantos Panjenenganipun nitih prahu awit kathah tiyang ingkang sami nyelaki Panjenenganipun. Punapa ingkang dados tujuwannipun tiyang-tiyang ngantos sami dhateng? Mesthi sami kepéngin mirengaken Gusti Yésus. Nanging sedyanipun mirengaken Gusti Yésus béda-béda. Adhedasar pasemonipun Gusti Yésus punika kita saged nyebataken bilih wonten tigang kelompok tujuwanipun tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken Gusti Yésus.

- Kapisan, kelompok ingkang namung anut grubyug. Kita saged nggambaraken (berimajinasi) bilih kelompok punika dumados saking tiyang-tiyang ingkang saged ugi nembé linggih ing tèras griya dumadakan wonten tiyang ingkang mlampah sesarengan. Tiyang punika pitakèn, “Badhé sami dhateng pundi kok sesarengan?” Rombongan tiyang ingkang mlampah mangsuli, “Kula sami sumerep Gusti Yésus.” Lajeng tiyang punika mutusaken, “kula tumut!” Sareng sami sumerep Gusti Yésus sami kaéraman. Pancèn piwulangipun Gusti Yésus ngédab-édabi, nanging namung dumugi ing ngriku, mboten wonten kalajenganipun. Tiyang-tiyang punika saged kagambaraken kados winih ingkang kasebar ing sapinggiring margi. Katrangan ingkang kaparingaken déning Gusti Yésus namung kapiirengaken sekedhap, lajeng énggal ical mekaten kémawon.
- Kaping kalih, kelompok ingkang kepéngin nonton Gusti Yésus. Saged ugi tiyang-tiyang punika sampun sami mireng sinten

Gusti Yésus punika. Tiyang-tiyang kasebat sasampunipun sami mirengaken piwulangipun Gusti Yésus, asring tumut ing pirembagan (*diskusi*). Saged kawastanan tiyang-tiyang kasebat kados-déné komentator ingkang remen mbiji. Ingkang setunggal criyos, sacara umum isinipun saé. Sanèsipun nyaut, “gegambaran ing pasemon punika pas sanget lho.” Sanèsipun malih ngomentari solah bawanipun Gusti Yésus, lan salajengipun. Saged ugi kalajengaken srana imbal wacana (*diskusi*) bab punapa ingkang sami sampun kapiirengaken. Ananging namung rampung dumugi ing ngriku, lajeng sami bibar, lan ambyar ugi piwulangipun Gusti Yésus. Inggih sedaya punika ingkang kagambaraaken kados winih ingkang kasebar ing siti ingkang kathah sélanipun. Tuwuh sekedhap lajeng pejah.

- Kaping tiga, kelompok ingkang mirengaken Gusti Yésus kanthi temen-temen. Tiyang-tiyang punika sami pikantuk piwulang ingkang wigatos sanget ing gesangipun. Ananging nalika wangsul, tarunging batos (*pergumulan*) nglimputi gesang saha pangajeng-jengingipun ingkang lajeng ndadosaken sami kesupèn dhateng piwulangipun Gusti Yèsus. Tiyang-tiyang punika sami kagubet déning prekawising gesangipun, sanès déning piwulangipun Gusti Yésus. Gegambaran ingkang kaagem inggih punika winih ingkang kasebar ing satengahing erén.
- Ingkang dipun kersakaken déning Gusti Yesus sanès pamiyarsa ingkang kados mekaten. Ingkang dipun kersakaken déning Gusti Yésus mboten namung mirengaken sabda, nanging ugi paham lan ngedalaken woh, ingkang ateges nindakaken sabdanipun Gusti (ay.8). Inggih tiyang kados mekaten punika ingkang kagambaraken kados siti ingkang saé. Siti ingkang saé badhé ngasilaken wit ingkang saé, ingkang ing wancinipun badhé kathah wohipun.

IMBAL WACANA WIWITAN

Mboten gampil maos pasemonipun Gusti Yésus ing kawontenan ingkang béda. Contonipun, mboten gampil ngajak laré kitha

ingkang gesang ing “wana beton” nggambaraken juru nyebar ingkang nyambut damel. Ugi, angèl tumrapping among tani kanggé nggambaraken wontenipun juru nyebar ingkang nyebar sacara sembarangan. Ing ngriki ingkang sami mirengaken kaajak maos tèks sacara kréatif kados ingkang katedahaken déning Eben Nuban Timo saking kacampuranipun tiyang Timor, ingkang gesang ing pulo atol kanthi siti ingkang cengkar kathah sélanipun. Piyambakipun criyos bilih cara tafsir sacara tradhisional namung badhé ngasilaken raos bilih Gusti punika mboten adil. Awit Gusti maringi siti ingkang cengkar kanggé tiyang Timor, siti ingkang mokal dados papan tuwuhipun winih kanthi saé. Timo lajeng “nyerat malih” pasemon punika.

Ana juru nyebar papat sing metu kanggo nyebar ing kebon sing cecedhakan. Rampung nyebar wong papat mau bali menyang omahé dhéwé-dhéwé ngentèni winih mau thukul. Juru nyebar kapisan lunga ora naté bali manèh kanggo nggatakaké lan njaga kepriyé thukul ing tandurané. Tandurané thukul, nanging awit ora kaurus, suwéning-suwé padha mati. Juru nyebar kang kapindho, ketelu lan kapapat bali menyang keboné dhéwé-dhéwé ing dina kang kaping telu lan nyipati winihé padha thukul kanthi subur. Awit bungah juru nyebar kapindho bali menyang kampung lan nyaritakaké marang tangga teparoné apa kang padha dideleng. Suwé sawisé kuwi, dhèwèkè bali menyang kebon ndeleng kaya ngapa thukul ing tandurané. Nanging, dhèwèkè nyipati tandurané kuwi padha mati kabèh. Suket lan rerungkutan njiret tandurané temah ora ana siji-sijia sing slamet. Juru nyebar katelu ora ndang bali. Dhèwèkè ngresiki rerungkutan lan eri sing tuwuh bareng karo winihé. Watu-watu sing malangi tandurané thukul diedohkè. Sawisé rampung nindakakè tugasè, dhèwèkè bali lan niandangi pegawéan liyané. Nalika dhèwèkè bali manèh sewulan sawisé kuwi ndeleng tandurané, nyipati tandurané kuwi padha mati dipangan bekicot lan babi alas, déné liyané mati kacepit déning rerungkutan lan eri sing thukul manèh kanthi rikat banget. Juru nyebar kapapat ora bali nyang omahé wiwit winih sing disebar thukul. Dhèwèkè manggon ing kebon kuwi sasuwéné mangsa tandur. Rerungkutan lan suket-suket sing ngganggu thukulé winih dijabut

lan dibuwang adoh-adoh. Watu-watu sing akèh ing kebon kuwi diklumpukakè lan didadèkké pager kanggo ngayomi tandurané saka kéwan kesit (*liar*) kayadéné kethèk lan babi alas. Dhèwèkè ngudi mangertèni siji-sijining tanduran ing kebonè, miturut jenengé dhéwé-dhéwé. Dhèwèkè golèk katrangan bab ciri sing trep cundhuk karo kaananè siji-sijining tanduran. Saben wengi, nalikané tandurané ngrasa kasepèn lan wedi, dhèwèkè nyedhaki tanduran kuwi. Dhèwèkè omong lan nglipur tanduran kuwi srana kekidungan-kekidungan kang éndah. Tandurané thukul gedhé lan awoh; ana sing tikel satus, ana sing tikel patang puluh, ana sing tikel telung puluh. Sapa sing duwé kuping, padhaa ngrungkakaké.

Kaaturan damel cariyos bab juru njebar ing kawontenan (konteks) gesang panjenengan!

PITAKÈNAN SUPADOS MANGERTOS LANGKUNG LEBET

1. Bab punapa kémawon ing wekdal sapunika ingkang ndadosaken manah kita mboten saged dados siti ingkang subur kagem sabdanipun Gusti?
2. Bab punapa kémawon ing wekdal sapunika ingkang ndadosaken manah kita dados siti ingkang subur kagem sabdanipun Gusti?

LAMPAHINGPANURAOS KITAB SUCI

1. Atur pambagya dhateng ingkang sami rawuh ing PKS.
2. Miwiti srana pandonga lan pepujèn.
3. Lumbet dhateng panuntun.
4. Maosa Kitab Suci (saged migunakaken variasi: kadosta maos sacara gilir-gumantos, utawi damel drama bab waosan lsp).
5. Ngaturi katrangan adhedhasar Katrangan Tèks.
6. Lumbet ing Imbal Wacana Wiwitan. Para rawuh saged ndhapuk sapérangan kelompok ingkang ngrembag cariyos juru nyebar ing kawontenanipun piyambak-piyambak.

7. Sasampunipun para rawuh ngaturaken asiling pirembagan ing kelompok-kelompokipun piyambak-piyambak, sumangga kaparingana tanggapan dhateng sedaya ingkang rawuh.
8. Ngajak para rawuh ngrembag sedaya punika adhedhasar Pitakènan Supados Mangertos Langkung Lebet
9. PKS kapungkasan srana pepujèn lan pandonga.

[ASP/WMS]

**Bahan
Panyuraos
Kitab Suci**
Pepangghian 3

**“NEGESI PILIHAN”
Purwaning Dumadi 13:1-18**

Panuntun

Wonten sawetawis bab ingkang ndadosaken kita mboten saged milih, nanging wonten atusan utawi èwon bab ingkang ndadosaken kita kénging lan kedah milih. Sawetawis bab ing gesang kados mboten saged kapiji kados ing bab kelairan: sinten tiyang-sepuh kita, kalairaken ing pundi (RS, Klinik, ing griya, ing tetumpakan lsp.). Ugi wekdal anggèn kita tilar donya, kita mboten saged milih: punapa amargi sakit ingkang dangu, utawi mboten sakit nanging dumadakan tilar donya, utawi awit kacilakan. Bab awit kacilakan ugi mboten saged milih: punapa kaleres nembé mlampah, nitih montor, nitih montor mabur, nembé nglangi, lsp.

Gegayutan kaliyan bab tilar donya, wonten fénoména ingkang dumugi sapriki taksih kaanggep mboten limrah utawi mboten populèr. Kita mangertos bilih RIP punika cekakan *Rest in Peace*. Ananging déning *Marin Funeral Home*, perusahaan pangrukti laya saking Chicago, Amerika Serikat¹, RIP kasebat saged dipun maknai *Rest in Pose* alias ngaso ing *pose*. Bab punika kabiwara nalika perusahaan kasebat ndamel layonipun David Morales Colon satunggaling *biker*, kanthi *pose* ing sanginggiling motor balap Honda CBR600 F4i warni oranye. Ing salebeting tigang dinten, layonipun David Morales Colon, dipun damel njengking ing sanginggiling motoripun lan dipun dhatengi para pelayat.

¹ Bisa dibaca di <https://www.vice.com/en/article/9kmqy7/inside-new-orleans-extreme-embalming-funerals>

Marin Funeral Home ugi naté nggarap layonipun Angel Pantoja Medina, yuswa 24 taun, ing pojok kamaring ibunipun. Dandanipun kadamel kerèn, kanthi panganggé gombyor kados *rapper* lan topi New York Yankee. Saèstu mboten limrah. Ananging inggih sedaya punika ingkang katindakaken déning manungsa kanthi sedaya manéka warni pilihan ingkang dipun gadhahi. Nanging, punapa punika pilihan ingkang wonten maknanipun? Utawi minangka pilihan kanthi ancas namung pados *sensasi* utawa supados kawentar, ingkang malah mboten saged dipun nikmati?

Wonten kathah bab ingkang ndadosaken kita saged lan kedah miji. Kita mangertos bilih mboten sedaya pilihan ing gesang punika saged kita piji kanthi gampang. Wiwit saking miji punapa ingkang wigatos sanget lan nemtokaken gesang ing mangsa mangajeng pawiyatan, padamelan, sémah, agami, utawi miji pemimpin), ngantos miji bab-bab ingkang prasaja sanget: modhèl rasukan, miji tetedhan, miji werni cèt griya, lsp. Kadhangkala kita ugi kedah ngadhepi kawontenan pilihan ingkang *dilematis*/merkéngkong sanget, ingkang saged kaupamèkaken kados nedha woh simalakama. Pramila, lantaran Panyuraos Kitab Suci punika kita kaènetaken supados ngaturi Gusti ing salebeting nemtokaken pilihan, supados kita sangsaya mantep kanthi pilihan kita, sarta katebihaken saking tumindak klèntu pilih.

David Freemantle ing bukunipun “*How to Choose*” nyerat tigang prinsip pokok ing salebeting miji, ingkang kacekak HOW²:

- a. *Hesitate* (tetimbangan): sampun ngantos namung ngendelaken paningal saha bab ingkang kasat mripat, ananging ugi kedah migunakaken nalar budi, raos pagraos, tetimbangan sacara tata kemasyarakatan, lan ugi sacara tata spiritual. Ing kawontenan kita samangké, miturut pamawas panjejnengan kados pundi pilihanipun Lut?

²David Freemantle, *How to Choose: Kesuksesan terbesar adalah hasil pilihan sederhana sehari-hari* (Jakarta: BIP, 2002)

- b. *Outcome* (hasil): punapa ingkang badhé kita tampi bénjing? Limrahipun ingkang kaajeng-ajeng punika kauntungan, ananging gèk-gèk ingkang dhateng malah prekawis ingkang gilir gumantos andhatengi.
- c. *Ways* (margi/cara):
 - (1) Mirengaken sabdanipun Gusti utawi wawasanipun tiyang sanès (tiyang-sepuh, guru, pandhita, kanca, lsp.)
 - (2) Pados informasi (pawartos utawi seserepan) ingkang pinitados saking sumber-sumber ingkang ngrembag bab pilihan ingkang nembé kita timbang-timbang, lumantar buku, artikel, utawi médhia sanès ingkang pinitados, mboten malah hoaks utawi pawartos ingkang nasaraken kita.

Nyariyosaken Pengalamanipun Para Rawuh

1. Punapa panjenengan naté gadhah pengalaman klèntu pilih? Menawi naté, ing bab punapa, Punapa akibatipun?
2. Kados pundi panjenengan angadhepi utawi ngrampungni prekawis klèntu miji kasebat?
 - Klèntu potongan rambut – getun 1 wulan.

(Pengalaman panyerat: naté kaajak cukur déning mbahbuyut kakung nalika taksih SD, srana dipun iming-imingi badhé dipun paringi bebingah. Mila, panyerat nampi ajakan punika kanthi greget. Pranyata ingkang kedadosan, tanpa panyerat rumaosi, rambut dipun cukur telas, dumèh mbahbuyut kula punika remen pangkas gundhul... Wiwitanipun panyerat lingsem sanget nalika sekolah awit kanca-kanca mesthi badhé moyoki, lan pancèn kedadosanipun mekaten. Lajeng nyobi nutupi kanthi nganggé topi, kejawi nalika wonten ing nglebet kelas. Dados, senadyan sawetawis dinten panyerat ngalami pamoyok saking kanca-kanca, bibar punika, akhiripun kanca-kanca sami kèndel lan bosen piyambak.

 - Klèntu miji jurusan ing sekolah → getun sawetawis taun.
 - Klèntu miji padamelan → getun mataun-taun.
 - Klèntu miji pasangananing gesang → getun salaminig gesang.

Maos Kitab Suci: Purwaning Dumadi 13:1-18

Ngroas-ngraosaken Pangandikanipun Gusti

Inggih awit manungsa nggadhahi kamardikan kanggé miji mawarni-warni pilihan, Pramila saged sanget kedadosan ”klèntu piji”. Kadhangkala, ingkang saé lan ingkang mboten saé punika mapan wonten ing wilayah abu-abu, temah angèl kabédakaken. Mila kita kedah waspada, awit punapa ingkang ketingalipun saé lan éndah, saged ugi namung “semu”. Inggih punika ingkang dipun alami déning Lut, ingkang babar pisan mboten dipun tetimbang kanthi mateng tumrap punapa ingkang dipun piji kasebat.

Cariyosipun Abram lan Lut punika cariyos ing antawisipun paman lan pénakan. Kedadosan punika kelampahan nalika sami medal saking siti Mesir dhateng siti Negeb, lan ngedegaken kémah ing antawisipun Bètèl lan Ai. Minangka tiyang ingkang sugih sanget, kedadosan regejegan ing antawisipun para pangènipun utawi para abdinipun punika bab ingkang limrah. Punika kelampahan awit siti punika mboten cekap wiyar kanggé ngengèn sato-kéwanipun Rama Abram lan Lut. Panggénan ingkang subur, kathah toyanipun lan ijem suketipun, temtu dados papan *favorit* tumrap Rama Abram lan Lut sarta sato-kéwanipun.

Mesthinipun, ingkang kedah miji rumiyin papan pundi ingkang badhé dipun enggèni (punapa-malih minangka tiyang ingkang gadhah sato-kéwan lan ngumbara) punika ingkang langkung sepuh, nembé ingkang enèm. Nanging, Rama Abram maringi kalodhangan dhateng Lut supados miji rumiyin. Kita mboten mangertos sacara gumathok, punapa punika wujud ing kamirahanipun Rama Abram, utawi punapa sajatosipun sedaya punika badhé nètèr Lut punapa minangka tiyang enèm mangertos adat utawi tradhisi. Nanging ingkang cetha, Lut ningali punika malah dados kalodhangan ingkang saé. Kados pikantuk durèn jugrug: kaparingan kalodhangan miji langkung rumiyin. Mila Lut nyawang sakiwa tengenipun, lan sumerep bilih sedaya ngaré Yardèn kathah toyanipun, kados patamananipun Gusti, kados siti

Mesir, dumugi Zoar (P. Dumadi. 13:10). Namung adhedhasar panyawanging mripatipun, mila Lut lajeng miji papan punika, ngaré Yardèn ingkang subur sanget. Wilayah punika celak kaliyan kitha Sodom ingkang tiyang-tiyangipun “duraka sanget lan dosa ing ngarsanipun Gusti” (ayat 13). Saged kémawon Lut mboten/dèrèng mangertos, nanging Lut ugi babar pisan mboten ngaturi Gusti ing salebeting nemtokaken pilihanipun. Utawi saboten-botenipun mboten ngaturi, Lut kaliyan brayatipun kedahipun pados katrangan rumiyin bab papan ingkang badhé dipun enggèni, awit bab punika bénjing badhé mrabawani sanget tumrap lampahing gesangipun lan brayatipun. Kita mangertos kawusananipun ing P. Dumadi 19, nalika Gusti nyirnakaken kitha Sodom lan Gomora.

Abraham (nami Abram kaéwahan dados Abraham kaserat ing P. Dumadi 17:5) lan brayatipun maggèn ing siti Kanaan ingkang mboten subur. Awit saking punika ingkang katanggung Abram ugi cetha wonten, inggih punika kedah tetep ngumbara saking papan setunggal dhateng papan sanèsipun ingkang langkung subur, wonten toya lan suket kanggé sato-kéwan, lsp. Abram, tiyang ingkang langkung sepuh malah kedah langkung ngrekaos. Nanging, Gusti mberkahi Rama Abram lan brayatipun.

Pilihanipun Lut, menawi kawawas saking teori HOW David Freemantle, mila aspèk *Hesitate* (tetimbangan) Lut namung adhedhasar punapa ingkang dipun tingali déning paningal, inggih punika siti ingkang subur lan kebak toya, nanging mboten migatosaken tetimbangan sanèsipun kadosta tetimbangan tata sosial. Lut ugi namung mikir bab *Outcome* (hasil), bilih sato-kéwanipun badhé énggal wewah kathah awit pikantuk sumber tetedhan lan toya ingkang lubèr, nanging mboten mikiraken punapa pikolèhipun nalika sesambetan kaliyan tiyang-tiyang Sodom lan Gomora. Lut ugi mboten migatosaken aspèk *Ways*, srana anggèniun mboten miterang dhumateng Gusti utawi pados katrangan langkung rumiyin bab kawontenanipun pendhudhuk ing ngaré Yardèn kasebat. Saged kémawon cariyos bab Sodom lan Gomora sampun kepireng ing pundi-pundi, nanging Lut langkung

migatosaken aspèk ingkang kaanggep nguntungaken sacara finansial.

Punapa tumindakipun Lut ingkang migunakaken wewengan saking aturipun Rama Abram supados Lut miji langkung rumiyin punika lepat? Rama Abram rak ugi mboten nglepataken nalika Lut miji adhedhasar punapa ingkang dipun tawèkaken? Ing ngriki prelu tetimbangan ingkang mateng srana migatosaken sedaya aspèk nalika kita kedah miji punapa ingkang penting sanget. Sampun ngantos kesupèn ngaturi Gusti ing salebeting prosès kita milih, ugi kita kedah mangertosi kekiyatan utawi karingkahan kita. Punapa kita naté nggambaraken menawi Rama Abram miji langkung rumiyin minangka péhak ingkang langkung sepuh, punapa risikonipun nalika Rama Abram miji dhaérah ngaré Yardèn ingkang subur? Rama Abram mesthi badhé tetep aben ajeng kaliyan kanyatan bilih kedah sesambetan kaliyan pendhudhuk Sodom lan Gomora. Pitakenanipun, punapa badhé kedadosan bilih ing antawisipun Rama Abram lan pendhudhuk ing ngriku lan sanès-sanèsipun sami-déné mangaribawani lan ngéwahi? Kita namung saged nggambaraken bab punika, nanging kita saged mangertosi kanthi cetha bab Lut, bilih senadyan Lut tetep gesang ing salebeting iman, nanging Lut mboten saged nyebar pangaribawa positip ing gesanging masyarakat Sodom lan Gomora. Saged kémawon déné Lut lan brayatipun wusananipun dados pawongan ingkang nutup dhiri, èksklusif, lan apatrap mangsa bodho tumrap kawontenan ing sakupengipun. Pilihanipun Lut ingkang mboten mateng lan *grusa-grusu* punika wusananipun *fatal*. Sedaya raja-kayanipun wekasanipun sirna sesarengan kaliyan kitha Sodom lan Gomora ingkang kalebur.

Nganyaraken Gesang

Srana nyobi ngetrapaken teori HOW saking David Freemantle, kados pundi patrap kita (minangka tiyang-sepuh) nalika kaabenajengaken kaliyan prekawis:

- a. Pados mantu (utawi tumrap para mudha/mudhi: pados kanca gesang)?

b. Para laré ingkang badhé nglajengaken sinau ing Pawiyatan Inggil?

Ing pérangan panutup, katandhesna bab kados pundi kita saged negesi pilihan sacara wicaksana kanthi migunakaken teori HOW saking David Freemantle.

[SK/WMS]

**Bahan
Panyuraos
Kitab Suci**

Pepanggihan 4

**“SANG KRISTUS NDADOSAKEN
SEDAYA WONTEN ING SEDAYA”**

Kolose 1:15-23

Tujuwan:

1. Brayat paham maknaning Sang Kristus ndadosaken sedaya wonten ing sedaya ing gesang bebrayatan, inggih punika Sang Kristus ingkang mujudaken gesang ingkang wetah.
2. Warganing brayat mujudaken kautuhaning brayat lantaran gesang sesarengan ingkang kalandhesan kapitadosan dhumateng Sang Kristus.

Panuntun

Sang Kristus punika Gusti lan Juru wilujeng. Mekaten pangaken kapitadosan ingkang kita yakini, kita gegesang lan kita amalaken. Minangka Gusti lan Juru wilujeng, sajatosipun pakaryaning kawilujenganipun Sang Kristus mboten namung kanggé pribadi-pribadi, nanging ugi kanggé brayat malah sacara langkung wiyar, pakaryaning sih ingkang milujengaken punika ngrangkul sedaya titah. Panjenenganipun ngrukunaken samudayanipun kaliyan saliranipun. Sedaya nampi papan wonten ing Sang Kristus. Menawi mekaten, punapa tegesipun pitados dhumateng Sang Kristus ing brayat? Kapitadosan dhumateng Sang Kristus ing brayat punika ateges nélakaken kayakinaning brayat bilih Sang Kristus punika Sesirahing Brayat ingkang manunggilaken saisining balé griya. Panjenenganipun ndadosaken sedayanipun sarana katresnan. Manunggaling saisining griya punika ndadosaken saben tiyang nggadhahi kapredulèn tumrap punapa

kémawon ingkang wonten ing saklebeting griya. Kosok-wangsulipun kapredulèn inggih punika masa bodho. Patrap masa bodho kawiwitan saking patrap égois. Menawi ing sanglebeting balé griya sedaya masa bodho awit sami mikiraken dhiri pribadi, gesanging brayat badhé kécalan makna minangka brayat. Lantaran Panyuraos Kitab Suci punika brayat kaajab mangertosi maknaning Sang Kristus ndadosaken sedaya wonten ing sedaya lan mujudaken wetahing brayat lantaran gesang sesarengan ingkang kalandhesan iman wonten ing Sang Kristus.

Lampahing PKS

1. PKS kawiwitan srana ngajak para rawuh sami nyariyosaken pengalamanipun bab patrap-patrapipun para rawuh tumrap isining griya:
 - a. Adhedhasar pengalaman panjenengan, nalika ndedonga sesarengan kaliyan brayat katindakaken ing kedadosan/kawontenan punapa? Punapa maknaning pandonga tumrap brayat?
 - b. Nalika sadinten-dinten sesarengan kaliyan brayat, cariyos-cariyos bab Gusti Yésus kacariyosaken sesarengan ing pundi, ing kawontenan punapa? Punapa maknaning Sang Kristus tumrap brayat?
2. Ngajak para rawuh maos Kolosé 1:15-20
3. Ngandharaken Kartrangan Tèks

Wonten falsafahipun tiyang Jawi ingkang mekaten: "Sangkanparaning dumadi". Pitembungan punika mgemu teges asal lan paraning sedaya ingkang wonten. Falsah kasebat kepéngin nerangaken bilih kawontenaning alam jembar, kalebet manungsa, mujudaken titahipun Gusti. Awit sedaya titahipun Gusti asalipun saking Gusti, sedaya alam jembar badhé karengkuh déning Panjenenganipun Gusti ingkang nitahaken, milujengaken, lan ngrimati titahipun. Inggih awit tumindakipun Gusti Allah ingkang kados mekaten punika Rasul Paulus ngucap sokur dhumateng Gusti Allah, Sang Ramanipun Gusti kita Yésus Kristus

(Kolósé1:3). Panjenenganipun sampun ngluwari kita saking kuwaosing pepeteng lan mindhahaken kita dhateng Kratoning Sang Putra ingkang kinasih (ayat 13). Lantaran pitembungan punika Rasul Paulus ngajak kita nggegesang pakaryaning Gusti Allah wonten ing Sang Kristus.

Kolósé 1:15-20 awujud *hymne* utawi geguritan pepujèn ingkang nggambaraken kalenggahan lan tumindakipun Sang Kristus tumrap sedaya titah minangka wujuding pulhipun gesang. Waosan punika saged kapérang dados tigang pérangan inggih punika:

1. Ayat 15-18, kalenggahan lan pakaryanipun Sang Kristus tumrap punapa ingkang sampun katitahaken. Kalajengaken kalenggahanipun minangka sesirahing badan wonten ing pulihing gesang.
2. Ayat 19-20, bab kalenggahan lan anggènpun Sang Kristus cawé-cawé ing pakaryaning pirukun.
3. Ayat 21-23, pigunanipun tumrap pasamuwam.

Kolósé 1:15-20 nélakaken pola pikiripun Rasul Paulus ing bab pulihing gesang wonten ing Sang Kristus ingkang mekaten:

1. Ayat 15-18 kaserat “*Panjenengané iku citrané Gusti Allah kang ora ketingal*”. Bab punika nélakaken bilih Gusti Yésus punika “péranganing” titah, ingkang ugi pérangan ing salebeting nitahaken. Panjenenganipun ingkang ngawontenaken samukawis sedaya ingkang katitahaken, dadosa ingkang wonten ing bumi punapa-déné ing swarga, dadosa ingkang ketingal punapa-déné ingkang mboten ketingal. Bab anggènipun Sang Kristus cawé-cawé ing pakaryan anggènipun nitahaken katandhesaken malih ing ayat 16 pungkasan: “*déning PANJENENGANÉ lan kagem PANJENENGANÉ.*” Tegesipun bilih Sang Kristus tumindak sacara langsung awit Sang Kristus punika Gusti Allah piyambak ingkang ngawontenaken samukawis sedaya, lan wusananipun inggih Sang Kristus ingkang dados ener lan tujuwaning titah punika piyambak. Lantaran anggènipun Gusti Yésus cawé-cawé punika, kapapanaken ing papan minangka ingkang utami

[sirahing badan] tumrap sedaya samukawis ingkang katitahaken.

2. Ayat 19 nerangaken bilih Sang Kristus punika kasampurnaning Gusti Allah. Salajengipun ing ayat 20, ngrembag bab Sang Kristus kasampurnanipun Gusti Allah punika nindakaken pirukun. Asring pirukun namung dipun tegesi sesambetan ing antawisipun Gusti lan manungsa, ing pundi Gusti Yésus nebus dosaning manungsa. Punapa namung punika? Pranyata mboten. Ing kawontenaning pasamuwan Kolosé, salibipun Sang Kristus nggadhahi makna pirukun ingkang wetah lan nyrambahi samukawis.
3. Pérangan tiga, ayat 21-23 ngajak saben pasamuwan ingkang sampun karukunaken lantaran panandhang, séda, lan sumengkanipun Gusti Yésus dhateng Swarga supados temen ing pitados, kanthi kukuh nyepengi Injil lan mboten kéguh. Cara gesang pitados ingkang sejati punika nélakaken dhiri sacara fungsional kados Sang Kristus, inggih punika tumut mujudaken pirukun lan pemulihan sesarengan. Manungsa kedah medal saking patrap égoisme/menang-menangan piyambak, *arogansi*/angkuhing dhiri, dados pribadi ingkang kaénggalaken; inggih punika saged mbangun, mulihaken pasedhèrèkan, lan memitran.

Lantaran pakaryanipun, Sang Kristus sampun ngrangkul gesang kanthi sih-katresnan. Sih-katresnan mujudaken kakiyatan ingkang nyampurnakaken sedaya samukawis. Sih-katresnan saged mulihaken sedaya samukawis. Inggih sih-katresnan ingkang sampun ngrukunaken sedaya samukawis ingkang sampun rusak lan nandhang dosa punika. Pramila, ayahan timbalan kita minangka pendhèrèkipun Sang Kristus inggih punika sesarengan kaliyan Sang Kristus ndhèrèk ngrukunaken sedaya samukawis. Lan kanggé ngrukunaken sedaya samukawis punika, kados-déné Sang Kristus, kita mbetahaken kakiyatan ingkang paling ageng, ingkang nyatunggilaken, lan ingkang

nyampurnakaken, inggih punika KATRESNAN (bnd. 1 Korintus 13:13; Kolosé 3:14).

4. Nganyaraken Pangertosan

- a. Sasampunipun mirengaken katrangan tèks ingkang nèlakaken bilih Sang Kristus punika kautaman tumrapping ngagesang. Miturut panjenengan punapa maknaning kautamanipun Sang Kristus tumrap brayat?
- b. Sihipun Sang Kristus ingkang damel wetahing gesang. Punapa ingkang panjenengan maknani kanthi kawetahaning brayat wonten ing Sang Kristus?

5. Para putra ingkang dhateng ing Panyuraos Kitab Suci ngidungaken **NKB 121:1-2** Yesus Tuhanku

Refrein:

Yesus Tuhanku, Dialah segalanya;
dalam pergumulan dunia, Yesus Tuhanku!

1. Dialah Sahabatku paling akrab dan teguh;
Dia 'ku pegang selalu: Yesus Jurus'lamatku.*Refr.:*
2. Dialah Gembalaku yang memimpin langkahku
Kawan seperjalananku di sepanjang hidupku.*Refr.:*

6. Nganyaraken Gesang

Sesarengan kaliyan brayat kaaturan damel rancangan tegen ing pandonga sarta tansah ngènet-ènet lan ngraosaken kautamènipun Sang Kristus ing gesang padintenan lan ndadosaken sedaya punika minangka padatana padintenan.

[IS/WMS]

BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

**Bahan
Pakempalan
Pandonga**

Pepanggihan 1

**“PUNAPA
SEDAYANIPUN NAMUNG
“TANPA GINA” KÉMAWON?”
Kohelèt 1:2; 2:18-23; 12:13**

1. Wekdal Ening Sawetawis

2. Mujèkaken Kidung Pasamuwan Jawi (KPJ) 118: 1,2

“Kasetyaning Allah Datan Gingsir”

- 1) Kasetyaning Allah datan gingsir
saking kang tinimbalan, dèn pilih
Samukawis tansah pinirsanan
Prasetyan-Nya tamtu dèn leksanani
Dalasan sakathahing pakaryan sinembadan
- 2) Sabda lan kwasané Allah nyata
Saben jaman winengku ing pangrèhnya
Astanya kukuh miwah santosa
Ngasta pangadilan ing salaminya
Landheping sabdanya nyirnakken kadurakan

3. Pandonga

4. Mujèkaken KPJ 108:1,2,3

“Gesang Kebak Kekeran”

- 1) Gesang kebak kekeraan, angèl dèn jajagi
Dhatenging kasangsaran trus gilir gumanti
Namung Paduka Gusti mirsa samukawisnya
Kula pasrah sumarah pangrèh Paduka
- 2) Gesang kebak kekeraan, angèl dèn jajagi
Reribed kasisahan, silih andhatengi
Anèng astané Gusti, manah kula tan semplah
Tansah pasrah, sumarah pangrèhing Allah
- 3) Gesang kebak kekeraan, angèl dèn jajagi
Panggodha wah pacoban mung memiris ati

Wit pitulungé Allah, kula mantep pracaya
Kula pasrah sumarah pangrèhing Allah

**5. Maos Kitab Kohèlet (Pengkhobah) 1:2; 2:18-23;
12:13**

6. Panyuraos

**Punapa Sedayanipun
Namung “Tanpa Gina” Kémawon?**

Nalika nyeksèni wontenipun tiyang pejah, wonten sawetawis tiyang ingkang nganggep bilih “wusananipun sedaya punika badhé kapungkasan wonten ing luwenging kubur”. Sedaya barang darbé ingkang kanthi mboten gampil saged kagayuh, tetéla mboten badhé kabekta nalikanipun tiyang sami pejah. Sedaya prèstasi, asiling gegayuhan, kaurmatan lan sanès-sanèsipun mboten badhé wonten ginanipun malih. Nglengganani kanyatan ingkang mekaten punika, wonten sawetawis tiyang ingkang pitakèn: punapa paédahipun nyengkut nyambut damel ing gesang padintenan? Tundhonipun, tiyang-tiyang kalawau lajeng sami kesèt utawi nglampahi gesang padintenan namung sadremi kémawon, aras-arasen lan mboten mbudi daya nyambut damel kanthi taberi.

Wonten ugi sawetawis tiyang ingkang nggadahi pamanggih: urip iku rak mung sepisan, mula luwih becik menawa urip iki dilakoni kanthi sakepénak-kepénaking ati mumpung isih ana wektu. Kados pundi brayat nglampahi gesang peparangipun Gusti, punapa brayat ngraosaken raos jelèh, semplah lan kécalan pangajeng-ajeng, lan ngraosaken sedaya ingkang kelampahan namung nglaha kémawon? Punapa gesanging bebrayatan dipun lampahi kanthi raos getun, kénging punapa nalika semanten nikah, sengkut nyambut damel lan kedah ngadhepi manékawarni momotaning gesang? Kados pundi pamanggihipun brayat tumrap barang darbé, raja brana ingkang dipun darbèni saha kados pundi brayat mulad-sarira tumrap gesang pribadinipun? Mesthi kémawon kita mboten sami dipun parengaken nganggep gesang ingkang nembé kita

lampahi punika “tanpa gina” sipatipun. Kosok-wangsulipun, kita wajib tansah caos pamuji sokur tumrap gesang bebrayatan.

Ing salebeting Pakempalan Pandonga punika, kita perlu ngraos-raosaken pitedahipun Pengkhotbah bilih ingkang paling wigatos, gesang punika kedah dipun lampahi kanthi ajrih asih dhumateng Gusti. Punika ingkang dados timbalan saben tiyang pitados, kalebet ugi brayatipun tiyang pitados.

Kitab Pengkhotbah (Kohèlèt) asring dipun salah-mangertosi minangka kitab ingkang ngemot piwulang bab gesang ingkang kirang utawi tanpa pangajeng-ajeng. Pamanggih ingkang mekaten punika lair karana ing salebeting kitab punika pinanggih kathah tetembungan “tanpa guna” (nglaha). Mèh sedaya prekwis ingkang pinanggih lan kelampahan ing salebeting gesang punika dipun anggep “tanpa guna”.

Maos kitab punika saged anjalari tiyang sami kécalan greget lan pangajeng-ajenging gesang, lan rumaos “tanpa gina” makarya kanthi sengkut. Samukawis ingkang kawawas saé lan migunani tetéla namung “tanpa gina” kéwala. Pengkhotbah ngandika: “banget anggoné tanpa guna, samubarang kabèh iku tanpa guna” (Koh. 1: 2). Malah pengkhotbah ngantebaken bilih piyambakipun “sengit marang apa kang daklakoni klawan ngrekasa ana ing sangisoring langit iki, sabab iku bakal dakwarisaké marang wong kang anané sawusé aku” (Koh. 2: 18). Malah nadyan tiyang punika kalebet tiyang ingkang bodho, lan mboten kadunungan kawicaksanan, tiyang kalawau badhé nguwasani punapa ingkang sampun katindakaken kanthi ngrekaos lan kanthi kawicaksanan ing sangandhaping langit (Koh. 2: 19). Pengkhotbah lajeng kécalan pangajeng-ajeng karana piyambakipun ngraos tanpa gina kémawon pikantuk samukawis ingkang kasedya kanthi migunakaken sagung pangertosanipun, kasagedan dalah kawicaksananipun jebul tundhonipun ingkang badhé ngraosaken sedaya asiling gesang kalawau, tiyang-tiyang ing tembe wingkingipun, ingkang mboten kedah kangélan; lan punika “tanpa gina”

saha dados “kacilakan” (Koh. 2: 20-21). Menawi mekaten, lajeng punapa ginanipun sedaya ingkang sampun dipun budidaya kanthi kangèlan ing sangandhaping srengéngé punika? (Koh. 2: 23)

Adhedhasar andharan ing nginggil, saged kémawon kita lajeng nganggep leres bilih kitab Pengkhotbah punika kitab ingkang kebak andharan bab gesang ingkang tanpa pangajeng-ajeng. Nanging punapa pancèn mekaten? Menawi kita raos-raosken kanthi satuhu, langkung trep menawi kitab punika kita pitadosi minangka kitab ingkang ngandharaken bab lampahing gesang adhedhasar kasunyatanipun, sanès ingkang ngandharaken bab gesang tanpa pangajeng-ajeng. Punapa kanyataning gesang punika pancèn mboten kados mekaten punika? Punapa mboten leres bilih gesang ingkang kita lampahi punika pancèn kebak pérangan-pérangan gesang ingkang angèl? Mekaten ugi punapa mboten leres bilih sedaya ingkang sampun kita tindakaken ing sangandhaping langit punika ing tembé ugi badhé kita tilaraken dhateng ahli waris kita? Pancèn leres wonten prekawis-prekawis ingkang saé lan saèstu ngremenaken manah ingkang kita alami salaminipun gesang ingkang saèstu saged kita aosi, nanging sedayanipun punika wekasanipun ugi badhé kita tilaraken. Pramila, lajeng punapa ingkang kedah kita tindakaken?

Panyerat kitab Kohelet (Pengkhotbah) punika wekasanipun paring pitutur: “Wasana minangka pungkasané kang kapi reng yaiku: wedia marang Gusti Allah lan netepana pepakèn-pepakèné, awit iki kewajibané saben wong” (Koh. 12: 13). Pengkhotbah paring pitutur ingkang saèstu wigatos supados saben tiyang nglampahi gesangipun kanthi prayogi, mboten rumaos “tanpa gina,” inggih punika sarana gesang ajrih asih dhumateng Gusti lan netepi sedaya pepakènipun. Saged dipun westani bilih pangandika punika nedahaken maknaning gesang ingkang sayektos. Tegesipun, sedaya prekawis ingkang kita lampahi badhé ndarbèni makna ingkang satuhu menawi katalesaken ing sikep ajrih asih dhumateng Gusti. Kosok-wangsulipun, sedaya prekawis ingkang kita lampahi ing salebeting gesang punika, menawi

mboten katalésaken wonten ing sikep ajrih asih dhumateng Gusti, nadyan kita raos ndarbèni makna ingkang ageng, èstunipun mboten aji wonten ing ngarsané Pangéran. Tiyang-tiyang ingkang sami nglampahi gesang padintenanipun adhedhasar ajrih asih dhumateng Allah, mesthi badhé nglampahi gesangipun kanthi kebak kabingahan, saha saged manggihaken maknaning gesang ingkang satuhu dalah mboten nganggep sedaya lampahing gesang punika “tanpa gina” kéwala.

Sarana migatosaken lan ngraos-raosaken pituturipun Pengkhotbah punika, kita saged sami nyinau bab pagesangan kita. Sedaya pambudidaya kita maknani gesang, badhé ndamel kita sedaya sangsaya wicaksana ing lampah. Tiyang dalah brayat ingkang nglampahi gesang kanthi wicaksana, badhé kasagedaken nglampahi gesang ing salebeting kawontenan punapa kémawon, awit sami pitados bilih Allah badhé ndadosaken sedaya pengalamaning gesang ndarbèni makna ingkang satuhu.

7. **Pandong**

Isining Pandonga:

- a. Ndedonga supados kita sami kaparingan kekiyatan kanggé tansah maknani gesang padintenan kita ing patunggilan kaliyan Gusti
- b. Ndedonga supados brayat kita tansah setya tuhu ing pitados dhumateng Gusti saha tan kendhat tansah ngetut wingking Panjenenganipun

8. **Mujèkaken KPJ 124:1,2,3, 4**

“Kula Sèstu Ndhèrèk Gusti”

- 1) Kula sèstu ndhèrèk Gusti, kang jumeneng Panutan
Tetep setya dugèng janji, tan wigih karibedan
Reff.:
Dhuh nyawaku ja kwatir, Gusti tan éwah gingsir
Tur wuria salaminya, ing satindaké Gusti.
- 2) Kula sèstu ndhèrèk Gusti, martosken Injil Suci
Datan ajrih ing sangsara, wit Gusti nganthi kula
Reff.: ...

- 3) Kula sèstu ndhèrèk Gusti, mbabarken sih piwlasnya
Mring sagung titah ing bumi, dimèn samya raharja
Reff.: ...
- 4) Kula sèstu ndhèrèk Gusti, ngèstokken dhawuh èdi
Sok sintena kang nyatroni kula ngudi nresnani
Reff.: ...

[IS/YTD]

**Bahan
Pakempalan
Pandonga**

Pepanggihan 2

**“PEPARING KAPRIBADÈN
ANGÈL”**

1 Samuel 24:3-22

1. Wekdal Ening

2. Kidung Pambuka: KPJ 14: 1,2

“Kula Samya Tetunggilan”

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran
Wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan
Reff.
Kula tansah nggunggung Gusti, lan ajrih asih yekti
Wit ingayom ing sihira, sèstu tentrem raharja
- 3) Kula rinimat ing Gusti, sarta saguninging titah.
Mangsa kang silih gumanti, samukawis mung éndah
Reff.: ...

3. Pandonga Pambuka

4. Kidung Pecawisan Sabda: KPJ 194:1

“Kitab Suci Kang Adi”

- 1) Kitab Suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
Éndah saklangkung éndah.
Nugraha saking Allah, nugraha saking Allah.

5. Pamaosing Kitab Suci: 1 Samuel 24:3-22

6. Panyuraos

“Peparing Kapribadèn Angèl”

Ing salebeting pagesangan kita, saé ing tengah-tengahing
pasamuwan, masyarakat, panggènan kita nyambut damel,
pakempalan-pakempalan utawi bebadan ingkang ing ngriku
kita lelados, asring kita panggihi wontenipun tiyang ingkang

kita anggep ndarbèni kapribadèn ingkang angèl. Punapa kita ugi kalebet tiyang ingkang mekaten punika? Pancèn karaos mboten gampil ngadhepi tiyang-tiyang ingkang ndarbèni kapribadèn angèl kados mekaten punika. Asring tiyang-tiyang ingkang kados mekaten punika karaos ndarbèni sikep, panutur dalah tumindak ingkang gregetipun kepéngin nyerang, gumedhé, kirang darbé raos-pangraos, kepéngin menang piyambak, tansah jubriya dhateng asanès, remen nguwaosi asanès, ngrèmèhaken asanès, lan sapiturutipun. Punapa ingkang kedah kita tindakaken menawi ngadhepi tiyang ingkang darbé kapribadèn angèl mekaten punika? Umumipun kita badhé suka wangsulan: langkung prayogi dipun singkiri kémawon, katimbang kita mangké lajeng ngraos jèngkèl dalah sakiting manah. Punapa pancèn kedah mekaten?

Salah satunggaling Psikolog kapribadèn inggih punika Carl Gustav Jung, ngandharaken ing salebeting teorinipun ngéngingi “*kesadaran*” (panglenggana) bilih ing salebeting “*kesadaran*” (panglenggana) punika pinanggih ugi raos mboten nglenggana, dadosa pribadi punapa déné “*kolektif*” (sesarengan). Kekalihipun mratélakaken bilih kawontenanipun saben pribadi punika èstunipun ugi dipun pengaruhi lelampahan gesang kapengker kalebet ugi “*ketidak-sadaran kolektif*” ingkang dipun warisaken sacara turun-tumurun saking para leluhur. Ing salebeting “*ketidak-sadaran kolektif*” (kawontenan mboten nglenggana sesarengan) wonten punapa ingkang winastan *shadow* (wewayangan). Miturut Jung, *shadow* utawi “wewayangan” punika mujudaken pérangan gesangipun manungsa ingkang paling lebet lan peteng. *Shadow* (wewayangan) punika mujudaken nalurinipun sato kéwan ingkang dipun warisaken déning leluhur sadèrèngipun jaman manungsa. Awit saking punika *shadow* kalawau ngéjawantah ing salebeting tumindak ingkang manéka warni kadosta: pepénginan kanggé ngrisak dhiri pribadi, pepénginan ngrisak gesangipun tiyang sanès lan ugi alam raya punika. Sinten jatinipun dhiri kita ing samangké èstunipun mujudaken asiling lelampahan gesang wekdal kapengker kita. Dados titah ingkang langkung saé pancèn dados pepénginan kita sedaya, nanging mboten

sedaya tiyang saged mekaten punika. Taksih wonten sawetawis tiyang ingkang ngrekaos kanggé angéjawantahaken kasaénan kalawau dhateng asanès.

Waosan kita saking 1 Samuèl 24:3-22 mujudaken pérangan cariyos bab lelampahanipun Dawud ingkang kebak manékawarni tantangan ingkang mboten mbingahaken. Wiwit Dawud kapiji nggantosaken Saul, lan nalika piyambakipun tansah pikantuk kamenangan mimpin bangsa Israèl lelawanan kaliyan bangsa Filistin, kalenggahanipun Dawud kaanggep dados ancaman déning Saul. Punapa malih kanyatan bilih Allah tetéla sampun nampik Saul minangka ratuning Israèl, awit sampun nerak wewaleripun, satemah mindhahaken dhamparing keprabon dhumateng Dawud. Sasampunipun pikantuk kamenangan, mesthinipun Saul kedah nengga Samuel supados sesarengan ngaturaken pisungsung kurban dhumateng Allah. Nanging jebul Saul nganggep dhiri pribadinipun pantes ngaturaken pisungsung piyambakan dhumateng Allah (1 Samuèl 13). Inggi bab punika ingkang dados wiwitaning kalepatanipun Saul. Kalepatanipun Saul salajengipun inggi punika nalika piyambakipun nampik kanggé numpes bangsa Amalek (1 Samuèl 15). Saul ugi kèndel kémawon nalika bangsa Israèl sami ngrampas kéwan ingon-ingon ingkang saé.

Kalih tumindak lepat punika ingkang sampun anjalari Gusti Allah kuciwa dhumateng Saul lan sesarengan kaliyan lumampahing wekdal, Saul wiwit ngraosaken déprési awit Rohipun Gusti sampun mboten wonten ing dhiri pribadinipun malih. Bibit raos sengitipun Saul sangsaya tuwuh sesarengan kaliyan banga Israèl ingkang sangsaya rumos éram dhumateng Dawud. Mekaten ugi Saul sangsaya ngraos sujana dhumateng Dawud (1 Samuel 18). Saul mboten mbudidaya ngendhihaken raos sengitipun dhateng Dawud, nanging malah sangsaya nuruti adreng kanepsonipun kanggé nyingkiraken Dawud. Kanthi migunakaken manékawarni cara, Saul ngrancang badhé nyingkiraken lan nyirnakaken Dawud. Piyambakipun nyraya anak-anakipun kanggé nyirnakaken Dawud, nanging Dawud tetéla sampun

jinebadan déning Gusti satemah piyambakipun tansah uwal saking kala-jiretipun Saul.

Sanadyan Saul nyengiti Dawud, nanging Yonatan, putranipun, malah memitran kanthi saé kaliyan Dawud. Yonatan ugi asring mbiyantu Dawud kanggé mlajar saking pangancamipun Saul, bapakipun. Kados ingkang kapangandikakaken déning Yonatan wonten ing kitab 1 Samuèl 19:2: “Kanjeng rama mbudidaya badhé nyédani panjenengan, milanipun mbénjing-énjing kula aturi ngatos-atos, panjenengan kula aturi wonten ing satunggaling papan pangungsèn tuwin kula aturi singidan wonten ing ngriku”.

Anggènipun Saul tansah mboten setya tuhu punika, ingkang sampun anjalari Gusti Allah mundhut wangsul kratonipun. Pramila Saul lajeng dados tiyang ingkang tansah gorèh manahipun, gesangipun ugi tansah kaèbekan raos srengen lan ngendhem sengit. Sadèrèngipun Saul pejah, dinten-dinten wekasanipun kaginakaken kanggé mburu Dawud lan nindakaken kathah tumindak nasar.

Kados pundi sikep tanggapanipun Dawud nalika kedah aben ajeng kaliyan Saul? Dawud mbudidaya tansah saged ngéndhani Saul, awit piyambakipun pancèn ajrih kaliyan Saul (1 Samuèl 23: 15). Nanging ing sisih sanèsipun, nalikanipun Dawud ndarbèni kalodhangan kanggé nyédani Saul, Dawud malah mboten purun ngleksanani. Wonten ing 1 Samuèl 24: 6 dipun pangandikakaken: “Sang Yéhuwah muga ngedohna aku saka pratingkah kang mangkono marang gustiku, marang jebadaning Yéhuwah, yaiku mulung tanganku nglawan marang panjenengané, awit panjenengné iku kang jinebadan déning Sang Yéhuwah”. Lajeng punapa ingkang katindakaken déning Saul nalika nglengganani bilih Dawud mboten nyédani piyambakipun? Wonten ing 1 Sameul 24: 18 kapangandikakaken: “Pangandikané marang Sang Dawud: ‘becik sira tinimbang inggun, amarga sira nandukake kabecikan marang inggun, mangka inggun nandukake piala marang sira”.

Ngadhepi kapribadèn ingkang angèl pancèn mboten gampil, nanging mboten kedah dipun singkiri utawi malah dipun lawan, nanging saged dipun adhepi kanthi cara lan sikep ingkang béda. Satunggaling buku ingkang asesirah *Dealing with Difficult People*, karyanipun Dr. Rick Brinkman lan Dr. Rick Kirshner suka manéka warni cara kados pundi ngadhepi pribadi ingkang angèl.

Tiyang-tiyang ingkang mekaten punika asring ndamel kita rumaos mboten tentrem lan anjalari kita rumaos angèl ngadhepi tiyang-tiyang mekaten punika. Namung kémawon kabar kasukanipun inggih punika kita mboten kedah dados korbanipun tiyang-tiyang kalawau. Kita mesthi mboten saged ngéwahi tumindakipun tiyang-tiyang ingkang angèl kalawau, nanging kita saged ngajak tiyang-tiyang punika rerembagan supados kanthi mekaten tiyang-tiyang kalawau nglengganani prelunipun ngéwahi tumindakipun piyambak. Punika kaserat ing bab 1 saking buku kalawau.

Inggih sikep ingkang kados mekaten punika ingkang dipun tindakaken déning Dawud dhumateng Saul. Dawud ngadhepi pangancamipun Saul, gesangipun tansah mboten jenjem lan tentrem nalikanipun Saul mangertosi kawontenan dhirinipun. Dawud sumingkir karana raos ajrih, nanging piyambakipun saged mangertosi punapa ingkang nembé kelampahan wonten ing gesangipun Saul. Piyambakipun tansah njagi panguwaosipun Allah tumrap Saul kanthi sedaya pambudidaya nedahaken kasaénan dhumateng Saul. Sedaya punika katedahaken déning Dawud dhumateng kita sedaya. Dawud tansah masrahaken sedaya momotan gesangipun dhumateng Gusti lan ngadhepi tiyang angèl punika manut miturut karsanipun Gusti, awit tiyang angèl punika ugi peparingipun Gusti supados kita sedaya sagah nglampahi gesang lan nindakaken kasaénan dhumateng tiyang-tiyang kalawau. Menawi kita sedaya tansah saged darbé sikep saé dhumateng tiyang-tiyang punika, kita ugi badhé saged mapanaken sedhèrèk-sedhèrèk kalawau sanès minangka pangancam, nanging minangka peparingipun Gusti supados kita sangsaya sinagedaken mratélakaken pakaryanipun Allah. Mbok menawi kita namung prelu mangertosi, lan mbudi daya

asung pitulung, nyaketi lan memitrana ing bab-bab ingkang gumathok. Amin.

7. Pandonga

Isining Pandonga:

- a. Nyuwun supados tansah ndarbèni manah ingkang sabar lan saged tansah nresnani saha nampèni tiyang-tiyang ingkang kaanggep angèl.
- b. Nyuwun supados gesang bebrayatan kita saged dipun lampahi kanthi greget angasihi satemah sami saged ladon linadosan, sami asung panyengkuyung dalah ajèn-ingajèn setunggal lan setunggalipun.

8. Kidung Pungkasan: KPJ 133: 1,2,3

“Pracayaa lan Pasrah”

- 1) Pracayaa lan pasrah mring Allah Makwasa
Salir prihatinira tamtu énggal sirna
Ngambah margining Gusti sira dèn berkahi
Tansah antuk kabegjan datan kawirangan
- 2) Lamun sira nggresula, iku tanpa guna
Tuwas muwuhi susah, angedohken bungah.
Becik nitèni berkah, pepariné Allah
Mrih salir sedyanira tinuntun sembada
- 3) Sapa bisa njajagi mring karsaning Gusti?
Sira tan darbé kwasa, ngulur umurira
Mung tansah mbudi daya, sinartan pandonga
Suméndhé mring Pangéran, murih kaleksanan

[IAS/YTD]

**Bahan
Pakempalan
Pandonga**
Pepanggihan 3

**“MAKNANI KAWONTENAN
NGLUMPRUK”
2 Timotius 1:3-18**

1. Wekdal Ening

2. Mujèkaken KPJ 29:1,2,3,4

“Sumangga Sowan Gusti”

- 1) Sumangga sowan Gusti Haléluya.
srana kidung pamuji Haléluya.
- 2) Tyang pracaya nyawiji, Heléluya.
ing tresna tulus yekti, Haléluya
- 3) Pujèkna gung panggunggung, Haléluya
kidung konjuk Hyang Agung. Haléluya
- 4) Asmané dèn suwarna, Haléluya
Wit lubèr sih setyanya. Haléluya

3. Pandonga

4. Mujèkaken KPJ: 329: 1

“Saiba Gunging Nikmatnya”

- 1) Saiba gunging nikmatnya,
lamun sadhèrèk sagriya
Sami rukun ing pitepangan,
pundi dununging katresnan
Mesthi tansah kadhawahan,
berkahing Allah lan kraharjan
Kanggènan Allah pribadya,
miwah gesang salaminya

5. Maos 2 Timotius 1:3-18

6. Panyuraos

“Maknani Kawontenan Nglumpruk”

Pengalamaning gesang nedahaken bilih mboten sedaya prekawis mesthi saged lumampah kanthi prayogi kados ingkang dipun ajeng-ajeng. Wonten wekdalipun ing pundi momotaning gesang karaos awrat sanget, anjalari kawontenan gesang karaos sangsaya mboten saé. Gesang lajeng karaos nglumpruk tanpa daya. Kawontenan mekaten punika karaos paribasanipun kados nembé wonten ing titik paling andhap. Dinten mbaka dinten kadosdéné tansah kesaput mendhung. Nedha mboten éca, tilem ugi mboten angler. Tuwuh raos bingung, mboten mangertos punapa ingkang kedah katindakaken, rumaos kijènan tanpa rowang ingkang sabiyantu, ical pangajeng-ajeng punapadéné ancasing gesang, kécalan greget lan adrenging gesang. Lajeng tuwuh ugi manékawarni pitakènan: “Kénging punapa Gusti tumindak mboten adil”? Kénging punapa kula ingkang kedah ngalami? Kénging punapa pinanggih ing brayat kula? Kénging punapa mboten tiyang sanès kémawon ingkang ngalami kados mekaten punika; rak kathah tiyang ingkang langkung awon katimbang kula? Punapa sedaya punika èstunipun minangka paukuman awit lelampahan kula kapengker? Mesthi kémawon sedaya pitakènan punika limrah kémawon lan ugi mboten lepas, ananging sedaya punika mboten saged asung pemulihan punapa-punapa.

Serat Timotius kaserat déning rasul Paulus nalika piyambakipun nembé wonten ing salebeting pakunjaran ing kitha Rum. Èstunipun mboten namung wekdal semanten kémawon rasul Paulus nyerat seratipun saking salebeting pakunjaran. Wonten serat-serat sanès ingkang ugi kaserat saking pakunjaran kadosta: serat Éfésus, Filipi, Kolosé lan Filémon. Namung kémawon, kawontenanipun béda kaliyan nalikanipun nyerat serat-serat ing nginggil. Ing seratipun ingkang kaping kalih dhumateng Timotius punika, Rasul Paulus sampun wiwit nglengganani bilih gesangipun mboten badhé dangu malih. Punika ketingal saking pangandikanipun

ing 2 Timotius 4:6-7: “Déné mungguh aku iki, getihku wus wiwit kaesokaké minangka pisungsung sarta wektu anggonku bakal ngajal wus cedhak...”.

Serat punika ngemot raos sedhihipun Rasul Paulus. Raos sedhih mboten karana kakunjara, ananging karana kathah tiyang ingkang mengker saking Paulus. Kawontenan ing salebeting pakunjaran saged nuwuhaken manékawarni reraosaning manah ingkang nuwuhaken kasedhihan minangka abdinipun Allah, kalebet ugi Paulus. Saged dipun mangertosi menawi Paulus ing salebeting pakunjaran lajeng rumaos kijènan ingkang mrihatosaken (*pain of loneliness/sakiting* manah awit rumaos kijènan). Paulus sampun maringaken sedayanipun kanggé lelados. Kasetyan ing salebeting lelados mboten prelu dipun cacad malih. Nanging nalika setunggal mbaka setunggal kanca-kancanipun sami mengker saking piyambakipun, mesthi kémawon manahipun rumaos sedhih. Raos sedhih punika ingkang lajeng kalairaken ing tetembungan ingkang saèstu mrihatosaken ing ayat 15: “... manawa wong-wong ing tlatah Asia Cilik iku padha nyingkur marang aku ...”. Èstunipun saged kémawon mboten sedaya tiyang nyingkur Paulus, awit taksih wonten tiyang-tiyang ingkang tetep lelados Gusti kados déné Timotius lan Onésiforus sabrayat.

Brayatipun Onésiforus punika ingkang sinebat déning Paulus minangka tiyang-tiyang ingkang “makaping-kaping nyegeraken manahipun”. Tiyang-tiyang punika ibaratipun tiyang-tiyang ingkang mbekta toya seger ing wanci siang ingkang benter tumrap Paulus, ingkang nembé ngorong jiwaniipun. Tiyang-tiyang punika ugi ingkang sinebat déning Paulus minangka tiyang-tiyang ingkang mboten isin madosi ing pundia kémawon Paulus dumunung. Malah ugi mboten sami isin tetuwi Paulus ingkang nembé wonten ing salebeting pakunjaran ing kitha Rum (ayat 16-17). Tiyang-tiyang punika saèstu mitra ingkang sejati tumrap Paulus

Dipun tilar déning tiyang-tiyang ingkang swaunipun setya lelados sesarengan, saged kémawon ndamel Paulus ngraos

cuwa manahipun, tatu manahipun, rumaos kijènan lan rumaos kados-kados sedaya tiyang sampun nilaraken dhirinipun. Nanging puji Gusti déné Paulus mboten purun lajeng kedlarung ing salebeting kawontenan nglumpruk tanpa daya. Piyambakipun pikantuk kekiyatan saking prasetyanipun Gusti. Saking kanyatan punika mila Paulus saged ngekahaken Timotius supados mboten gondar-gandir ing salebetipun nindakaken peladosan kagem Gusti. "... aja isin nglairaké paseksèn bab Gusti kita sarta aja isin marga saka aku, kang dadi wong ukuman marga saka Panjenengané..." (ayat 8). Paulus ngekahaken bilih Allah mboten maringaken rohing kajirihan, nanging roh ingkang nukulaken kekiyatan, katresnan lan katertiban (ayat 7).

Saking pundi asal usulipun kekiyatan ingkang mekaten punika? Wucalan ing dinten punika nedahaken kita bilih kekiyatan punika asal usulipun saged saking Gusti (kapitadosan dhateng janjinipun Gusti), saking kanca sinarawèdi (Timotius lan brayatipun Onésiforus), lan ugi saking dhiri pribadi (Paulus mboten kedlarung ing kawontenan nglumpruk nadyan nembé nandhang sangsara ingkang awrat). Tiga sumbering kekiyatan punika saèstu dados kunci kanggé gumrégah tangi saking kawontenan gesang ingkang nglumpruk.

Sinau saking pengalamanipun Paulus, kita pikantuk pathokan-pathokan ingkang saged kaginakaken nalikanipun kita sami ngalami nglumpruking gesang:

- a. Tan kendhat ndedonga. Nadyan dèrèng ketingal margining pangluwaran, tetepa pitados bilih Gusti mboten badhé kèndel kémawon. Ndedonga sesarengan ing salebeting brayat anjalari sedaya warga brayat saged maknani gesanging brayat.
- b. Tansah ndarbènana pangajeng-ajeng ingkang saé bilih mboten wonten prekawis ingkang mboten nggadahi margi pangluwaranipun.
- c. Singkirana émosi ingkang makantar-kantar. Ngraosaken sedhih, nangis, nebih saking asanès, lan pangraos nglumpruk sanèsipun, katindakna samadya kémawon.

- Wicantena dhateng dhiri pribadi: mandheg saka sakèhing pangrasa kang mengkono iku (*stop baper*)!
- d. Tampènana kanthi legawaning manah lan mbudidayaa njumbuhaken dhiri ing salebeting kawontenan angèl ingkang nembé kelampahan punika, supados saged langkung ayem lan saged kanthi pratitis ndamel keputusan ingkang trep kaliyan kawontenanipun.
 - e. Samia asung panyengkuyung lan sami ngekahna setunggal lan setunggalipun ing antawisipun warga brayat.

Minangka manungsa, ngraosaken nglumpruk punika limrah, nanging mboten badhé salaminipun gesang punika tansah nglumpruk. Lembaraning gesang badhé gantos nuju lembaran gesang salajengipun. Awit saking punika prelu gumrégah tangi saking kawontenan nglumpruk punika. Sampun trep menawi brayat dados laladan tumrapping anggotanipun sami asung panyengkuyung, pangekahan, supados sami saged maknani kawontenan nglumpruk kasebat minangka sarana sinahu ngéngingi gesang lan ndadosaken pengalaman ingkang mboten saé punika kanggé kasaénaning gesang ing tembé wingkingipun.

7. Pandonga

- a. Nyuwun kasagedan kanggé mranata manah nalikanipun nembé ngadhepi kawontenan gesang ingkang nglumpruk.
- b. Nyuwun supados brayat kasagedaken mranata gesang nalikanipun nembé ngadhepi kawontenan gesang ingkang kebak momotan ingkang awrat.

8. Kidung Panutup, KPJ 437: 1,2,3

“Gusti Yésus Pangèn Kula”

- 1) Gusti Yésus pangèn kula, sèstu gung sih Paduka ing sapurug kula mlampah, Paduka kanthi tansah
Reff.:
Kinanthi ing Gusti, kinanthi ing Gusti
Ing satitah kula nrimah, angger kinanthi Gusti
- 2) Saliring bandha kadonyan, mung sarananing gesang
Déné piandel kawula, mung panganthi Paduka
Reff.: ...

- 3) Ajrih asih maring Gusti, wah nresnani sesami
Lah punika gesang kula, wit panganthi Paduka
Reff.: ...

[MFLS/YTD]

**Bahan
Pakempalan
Pandonga**

Pepanggihan 4

“NALIKA KULA TANPA DAYA”

2 Korinta 12:9

1. WEKDAL ENING

(saged kairingan ungeling orgen saking KPJ. 329)

2. Kidung PEPUJÈN

KPJ. 329 “Saiba Gunging Nikmatnya”

(kakidungaken rambah kaping kalih)

Saiba gung ing nikmatnya,

lamun sadhèrèk sagriya sami rukun ing pitepangan.

Pundi dununging katresnan,

mesthi tansah kadhawahan berkahing Allah

lan kraharjan, kanggènan Allah pribadya,

miwah gesang salaminya.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ. 186:1,2 “Urip Kang Samesthiné”

1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sukur,

Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.

Refr.:

Ironing susah lan bungah sadhéngah kaanan,

Aku angidung memuji sukur, yèku karsa-Nya!

2) Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyempyuh,

aku trus muji sukur, konjuk mring Gustiku. *Refr.:*

5. PAMAOSING KITAB SUCI: 2 Korinta 12:9

(saged kawaos sesarengan rambah kaping kalih)

6. RENUNGAN

“Nanging paring wangsulané Gusti marang aku: “Sih rahmatingSun iku nyukupi marang sira, awit kuwasaningSun iku malah kasampurnakaké ana ing sajroning kaapesan.” Awit saka iku aku luwih seneng ngegung-egungaké kaapesanku, supaya panguwaosé Sang Kristus dumunung ana ing aku.” (2 Korinta 12:9)

Mbok bilih wonten Ibu, Bapak lan laré-laré ingkang naté mireng perangan lelagonipun para wiranem ing wekdal-wekdal punika:

*“Bagaimana kalau aku tidak bak-baik saja,
Tak seperti kamu yang mampu tanpaku...bagaimana...”*

Sacara wetah lagu punika nyariosaken ngèngingi satunggaling nèm-nèman ingkang nggetuni pepanggihanipun kaliyan satunggaling pawestri, karana pepanggihan punika nukulaken raos tresna, ananging éman sanget bilih nèm-nèman punika mboten saged dados pacaripun pawestri kasebat. Nèm-nèman punika ajrih menawi piyambakipun mboten saged ngendalèni dhiri, ngraosaken dhirinipun wonten ing kawontenan ingkang mboten ngremenaken, sedhah, nggresah, mboten kuwawi gesang tanpa katresnanipun sang pawèstri ingkang dipun tresnani. Gesangipun dados tanpa daya.

Gesang tanpa daya punika sanès cita-citanipun manungsa. Laré-laré PAUD kémawon badhé paring wangsulan, bilih piyambakipun kepéngin dados “superhéro” nalika wonten ingkang nyuwun pirsa bab cita-citanipun. Saèmper kaliyan wangsulanipun para laré punika, para sesepuh kita, ingkang yuswanipun kaot tebih ugi mboten badhé paring wangsulan, bilih gesang tanpa daya punika minangka ancas tujuwaning gesangipun selami punika. *(Kanggé gatra punika, Pangarsaning pakempalan saged ngginaaken métodhe/ cara wawan rembag kaliyan ingkang sami rawuh supados swasana pakempalan langkung interaktif)*. Mila samangké ketalipun sampun dados prekawis ingkang limraha menawi manungsa gadhah raos ajrih ing dhirinipun nalika piyambakipun wonten ing kawontenan ingkang mboten

ngremenaken, inggih punika wonten ing kawontenan tanpa daya.

Rasul Paulus kagungan cara piyambak kanggé mandeng bab kawontenan tanpa daya. Rasul Paulus minangka Rasulipun Gusti mboten ngraosaken gesang ingkang lenceng kémawon tanpa pambengan. Rasul Paulus ugi naté ngraosaken mboten wonten kanca tunggil peladosan ingkang nyengkuyung kanthi saprayoginipun. Panjenenganipun malah ugi dipun mengsahi déning rasul-rasul sanès. Ing wekdal semanten, sacara mboten formal wonten ingkang mantha-mantha para rasul. Papantha ingkang sepisan inggih péranganing para rasul ingkang utami. Déné papantha ingkang angka kalih minangka péranganing para rasul “kelas kalih”. Rasul Paulus kalebetaken ing papantha ingkang angka kalih punika. Inggang saèstu damel prihatos malih, bilih Rasul Paulus ugi kadakwa nyalèwèngaken Injilipun Gusti magepokan kaliyan piwulangipun bab kawilujengan. Nalika semantan kalenggahan karasulanipun malah dipun paiben déning tiyang-tiyang ingkang samesthinipun nyengkuyung peladosaning Rasul Paulus.

Kawontenan punika temtu sacara kadagingan ndadosaken Rasul Paulus sedhih lan tanpa daya. Ananging kados ingkang kapangandikaaken déning Rasul Paulus wonten ing seratipun dhateng pasamuwan ing Korinta, bilih panjenenganipun linangkung remen ngegung-egungaken kaapesanipun. Sacara kamanungsan, Rasul Paulus sejatosipun ugi kepéngin gadhah daya. Bab punika katingal ing salebeting anggènipun nyenyuwun dumateng Gusti supadosa kasingkiraken saking bab-bab ingkang damel apes. Nanging éwa semanten, menawi Gusti Allah tetep ngersaaken Rasul Paulus wonten ing kaapesan lan tanpa daya, panjenenganipun mboten badhé sèlak. Rasul Paulus nyobi ngéwahi cara anggènipun nggagali. Rasul Paulus pitados bilih malah ing salebeting tanpa daya panguwaosipun Gusti kasampurnaaken ing panjenenganipun. Mboten wonten malih babagan sanès ingkang saged dipun anggè gumunggung, awit menawi ing kaapesan Rasul Paulus tetep sagah leladi, punika awit karana Gusti piyambak ingkang nyantosaaken panjenenganipun.

Saèmper kaliyan punapa ingkang dipun pitadosi Rasul Paulus; Viktor E. Frankl, satunggaling psikolog logoterapi paring katrangan bilih wonten pérangan-pérangan saking dhiri kita lan ugi saking saknjawinipun dhiri kita ingkang saged nemtokaken maknaning gesangipun manungsa. Pérangan saking dhiri kita kadosta cara pikir, sikep, raos rumaosing dhiri, cara raos-pangraos, pangibadah lan watakipun. Cara pikir, inggih punika condhonging pikiranipun manungsa (positip punapa négatip) ingkang badhé nyrambahi gesanging kajiwanipun/psikisipun. Cara pikir ugi nyrambahi swasananing manah ingkang tundhanipun nemtokaken patraping saben manungsa. Saben tiyang ingkang gadhah cara pikir positip lan sarwi nengsemaken badhé kuwawi ngicalaken raos sakit, ajrih ugi sangsara. Cara pikir positip badhé nyemangati lan malah nangèkaken manah ingkang nglemprek sarta saged mbekta kekiyatan kanggé ngatasi sesakit punapadéné pepesing manah.

Saking andharan ing nginggil, paling mboten kita saged mangertosi bilih:

1. Kawontenan tanpa daya kadhangkala pancèn nyariosaken kawontenan nyata bilih kita nembé wonten ing kawontenan ingkang tanpa daya. Nanging éwa semanten prelu kita bènèken kaliyan **‘pangraos tanpa daya’**. Punapa ingkang dipun alami Rasul Paulus punika satunggaling kawontenan ingkang nyata wonten ing kawontenan ingkang tanpa daya. Namung minangka tiyang pitados kita kedah ngatos-atos menawi sampun kagubel déning pangraos tanpa daya. Raos punika badhé saged mbekta kita wonten ing kawontenan *insecure*, mboten pitados dhateng dhiri pribadi (minder), lajeng ngucap: *“kula punika saged punapa to?”* Punika sedaya malah badhé ngrisak gesang kita piyambak.
2. Kawontenan tanpa daya mbokbilih panci nembé nrajang dhiri kita utawi brayat kita. Ananging punika sanès pungkasaning gesang kita. Kawontenan tanpa daya mboten mesthi ndadosaken kita kécalan maknaning gesang. Gesang kita lan brayat kita badhé tetep wonten maknanipun nalika kita nuladha cara pikiripun Rasul Paulus. Ing wekdal tanpa daya, ing ngriku panguwaosipun Gusti kasampurnaaken ing

kita. Punika dados wujuding sih rahmatipun Gusti tumrap kita. Ing kawontenan tanpa daya, mangga kita sinau gadhah cara pikir ingkang leres.

3. Kawontenan tanpa daya yektosipun minangka wewengan (*kesempatan*). Wewengan kanggé punapa? Kanggé mujudaken katresnan kita dhateng sok sintena ingkang tanpa daya. Menawi ing kawontenanipun tanpa daya, Gusti Allah karsa makarya ing gesangipun Rasul Paulus, mila punika wekdalipun kita ngulungaken asta lan njangkepi punapa ingkang kirang saking kawontenaning tiyang sepuh kita, semah kita lan anak-anak kita. Mekaten ugi kosok wangsulipun, menawi ing kawontenan tanpa dayanipun, Rasul Paulus karsa mbikak korining manahipun kagem Gusti, punika tegesipun wewengan kanggé kita ingkang tanpa daya ugi mbikak korining manah kita kagem Gusti lan sesami. Kanthi punika gesang ingkang samidéné njagi lan ngiyat-ingiyataken setunggal lan setunggalipun saged karaos nengsemaken. Lho punapa punika sanès sih rahmatipun Gusti?

Methik seratanipun Rohr ing Buku “Labirin Kehidupan 2” ingkang sinerat déning Joas Adiprasetya; “.... *jatuh dan terpuruk adalah tanda kemanusiaan terjelas, justru resiliensi (daya greget) hanya mungkin muncul ketika kita merengkuh kerapuhan manusiawi kita dan bergantung pada rahmat Allah untuk bangkit.*” Kawontenan ingkang mboten ngremenaken ing gesang kadosta dhawah, kapetek, tanpa daya lsp. yektosipun minangka tanda bilih kita punika manungsa limrah ingkang saèstu gesang. Panggigahing semangat saking punika sedaya badhé kita tampèni nalika kita purun ngginaaken punapa ingkang kagalih déning Allah ing salebeting nanggapi kawontenan tanpa daya. Wilujeng ngresepi sih rahmat ing salebeting kawontenan tanpa daya. Gusti anganthi. Amin.

7. KIDUNG

KPJ. 117 “Kala Kula Dhawah”

Kala kula dhawah lan tanpa daya, nyawa kula kapetek, kasiksa. Kula tansah nyuwun tulung mring Gusti, karsa rawuh, mrih amitulungi.

Refr.:

Kula tansah kaangkat maring arga, kula kwawi anempuh prahara;
wah kiyat, wit sinanggi swiwinya, anglangkungi budidaya kula.

8. DONGA SYAFAAT

(Pokok pandonga: Pangarsaning pakempalan saged mbagi pokok-pokok pandonga dhateng wakiling anggota brayat sadèrèngipun Pakempalan Pandonga kawiwitan. Pokok pandonga taksih magepokan kaliyan babagan supados pasamuwan kaparingan kasagedan nampèni kawontenan tanpa daya ing gesang punika minangka sih rahmatipun Gusti)

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ. 146:1,2 “Yèn Sira Sangsara”

- 1) Yèn sira sangsara sarta sedhih,
manteba pracaya, Allah tan tebih.
Aja wedi, Gustimu nganthi.
Rèhing kadursilan mesthi kasoran.
Pepeteng dosa ilang sirna,
mung gung karaharjan, linubèran.
- 2) Yèn nyanggi momotan wah panandhang,
sira aja semplah alit ing manah.
Iblis julig memilut driya,
milih margi ènthèng nging dugèng nraha.
Pasrah mring Allah nyuwun kiyat,
sira tamtu rinoban sih-rahmat.

10. DONGA PANUTUP LAN BERKAH

(*Déning pangarsa pakempalan*)

- Mungkasi pokok pandonga supados pasamuwan saged nampèni kawontenan tanpa daya minangka kanca lumampah ing gesang punika.
- Panutup lan berkah

Referensi:

1. https://youtu.be/Psr7yfO_WYO
2. Yusak Budi Setiawan, MATS, Phd, *Pengantar untuk Studi Heremeneutik*, Salatiga, UKSW, 2015

3. Duane P.Schultz, *Sejarah Psikologi Modern*, Bandung, Nusa Media, 2014
4. Joas Adiprasetya, *Labirin Kehidupan 2, berjumpa dengan Allah dalam peziarahan sehari-hari*, Jakarta, BPK Gunung Mulia, 2020

Catatan: resiliensi/ daya lenting/ daya bangkit.

[VAMS/IP]

**Bahan
Pakempalan
Pandonga**

Pepanggihan 5

“NESU PUNIKA SIH RAHMAT”

Éfésus 4:26-27

1. KIDUNG PAMBUKA

KPJ. 99:1,5 “Aku Duwé Pamarta”

1) Aku duwé pamarta, Yésus Kristus asmanya,
kang wus ngurbanken sarira, ngruwat aku sing dosa.

Refr.:

Satuhu Gustiku, Yésus Kristus Pamartaku,
dakpuji trusing kalbu.

5) Aku duwé Pamarta, sih-rahmaté tan kendhat.

Yèn aku tumibèng dosa, dèn tuntun mring pitobat. Refr.:

2. PANDONGA PAMBUKA

3. KIDUNG PECAWISAN NAMPÈNI SABDA

KPJ. 197 “Kula Sampun Siyaga”

Kula sampun siyaga, Gusti; sumadya nampèni sabda mulya.

Kula sujud manembah Gusti, marak ngabyantara sapunika.

Mugi Gusti maringi berkah dhumateng kawula ing samangkya.

Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.

Sabda Paduka datan éwah gingsir

saking mula buka; ugi sapunika wah salaminya.

Sabda Paduka wonten gesang kula.

Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

4. PAMAOSING KITAB SUCI Éfésus 4:26-27

“Manawa kowé nepsu aja nganti gaw' dosa: srengéngé aja nganti angslup sadurungé nepsuné ilang lan aja awèh papan marang iblis.”

5. ANDHARAN

“Nesu Punika Sih Rahmat”

Wonten ingkang naté ngendika, “Nesu kuwi tandhané preduli.” Punapa kita sarujuk kaliyan pitembungan punika? Mbokbilih sawetawis tiyang mboten sarujuk kaliyan pitembungan punika. Déné kados pundi kok preduli dipun wujudaken ing salebeting sikep nesu. Kadosipun mboten pinanggih ing nalar. Mesthinipun preduli punika mboten badhé kawujudaken ing sikep ingkang kebak kanepson lan ngigit-igit. Éwa semanten mbokbilih ugi wonten sawetawis tiyang ingkang sarujuk kaliyan pitembungan wau. Satunggaling ibu utawi bapak duka dhateng putranipun karana putra punika mendhet artha blanja ing griya tanpa matur langkung rumiyin. Satunggaling guru ndukani murid-muridipun ingkang sami ndhèrèk tawuran kaliyan sekolahan sanès. Tiyang ingkang mlampah ing trotoar duka-duka dhateng tiyang ingkang nitih motor ing trotoar kanggé ngindari margi ingkang saweg macet. Satunggaling pimpinan ndukani karyawanipun ingkang grusa-grusu anggènipun nindakaken pedamelan temah damel tuna tumrapping perusahaan lan wusananipun ngrugèkaken kanca-kanca karyawan sanèsipun. Wos-ipun mbokbilih wonten ing antawising kita ingkang tndonipun milih sikep nesu utawi duka minangka wujud ngupadi kaadilan, raos éman lan kanggé ngrencengaken kaleresan. Duka, saged dados laknat nanging ugi saged dados berkat.

Duka minangka salah satunggaling wujud émosi ingkang asipat alamiah saking dhiri pribadi saben tiyang. Satunggaling psikolog, naminipun Paul Eckman, gadhah pemanggih kados ingkang dipun pethik déning Kendra Chery, wonten enèm emosi dhasar ingkang sacara umum (*universal*) mesthi pinanggih ing dhirinipun manungsa ingkang béda-béda budayanipun. Ing penelitianipun ingkang sampun kawiwitan taun 1970-nan, Eckman manggihaken enem émosi dhasaring manungsa inggih punika kabingahan, kasedhihan, kamigilanen, raos ajrih, duka lan kaget. Duka (nesu) saged dados émosi ingkang keladuk kiyat nalika kapratandhan

déning pangraos memengsahan, *agitasi* (damel pitenah kanggé milut tiyang kathah), *frustasi* (cuwa ingkang sanget) lan *antagonisme* (tansah mapanaken dhiri lelawanan kaliyan tiyang sanès). Kawontenan dhiri ingkang nembé duka/nesu saged nyrambahi raga nalika wonten pangancam, dadosa awujud tumindhak ingkang badhé nglawan utawi malah ngéndhani, mlajeng saking pangancam wau.

Duka asring dipun ketingalaken kanthi cara ingkang manéka warni. Nalika kita nembé duka, cahya punika badhé katon mbesengut utawi paningal ketingal menjoto kados huruf “O”. Saking sikeping badan, kita badhé ngetingalaken sikep ingkang tegas utawi malah mlengos. Mboten sekedhik tiyang ingkang nalika duka badhé namung kèndelan kémawon. Suwanten kita saged ngalami éwah-éwahan, dadosa ngendika kanthi kasar utawi kanthi sora lan njerit-njerit. Badan ugi nanggapi kawontenan kita ingkang nembé duka kanthi ngedalaken kringet, pasuryan dados abang mbranang lan badan karaos langkung bentèr. Lan kalanipun ing kawontenan duka kita ugi asring saged ngetingalaken sikep ingkang *agresif* lan *anarkhis* (condhong ngrisak tanpa tatanan), kadosdené ngantem, nendhang utawi nguncalaken barang punapa kémawon ingkang caket kaliyan kita. Inggih punika ingkang salajeng saged dados prekawis.

Éfésus 4:26-27 ugi mirembag duka ingkang wusananipun nuju dhateng tumindak agresif lan anarkhis kasebat. Rasul Paulus nyebat tumindak kados punika minangka tumindak dosa. Rasul Paulus ngrumaosi bilih manungsa punika saged nesu. Panjenenganipun mboten nyélaki wontenipun emosi nesu, sikep nesu lan sanès-sanèsipun ingkang magepokan kaliyan kawontenan nesu. Ananging kanthi lugas, Rasul Paulus ngémutaken bilih sampun ngantos kawontenan nesu punika mawujud ing tumindak dosa. Kawontenan nesu lan tumindak ingkang dipun akibataken, sampun ngantos dados tumindak ingkang ngrisak tanpa tatanan. Kados ta, karana tatu manahipun lajeng tiyang punika téga mrejaya tiyang sanès. Karana duka, satunggaling sémah tega tumindak KDRT dhateng garwa lan anak-anakipun. Mila Rasul Paulus

maringaken pitedah, nalika kita ngalami utawi ketaman ing kawontenan duka ing dhiri kita.

Panjenenganipun ngémutaken kita supados sampun ngantos kagubet ing raos nesu sedinten muput. Kita kaajak, sadèrèngipun srengéngé angslup, kita sampun saged mrenata raos nesu kita lan saged manggihaken margi tumrap punapa ingkang kita perlokaken. Saged mbabayani menawi kita malah dipun kuwaosi déning kawontenan nesu, langkung-langkung ingkang lajeng manguwaosi sedaya tumindak kita. *“Aja awèh papan marang iblis!”* mekaten kersanipun Rasul Paulus. Minangka manungsa anyar, kita ugi dipun ajab saged mrenata dhiri kanthi saé kalayan tansah ngemuti katresnanipun Sang Kristus ingkang paring éwah-éwahan ing gesang kita.

Minangka émosi ingkang asipat umum (*universal*), kawontenan duka ingkang kaparingaken Gusti saged mitulungi kita sangsaya tepang lan mangertos sinten to dhiri kita lan punapa ingkang sampun utawi nembé kita alami. Prekawis punika saged dados bab ingkang saé. Kawontenan duka saged dados bab ingkang mbangun gesang kita nalika kawontenan duka punika sangsaya nyethakaken punapa ingkang kita perlokaken ing satengahing kita mbangun sesambetan kaliyan tiyang sanes. Kanthi mekaten kita ugi badhé manggihaken margi kanggé ngrampungni bab-bab ingkang nyandhungi kita. Kawontenan duka ingkang saged énggal dipun rumaosi lan dipun tata badhé dados bab ingkang sae tumrap tiyang ingkang ngalami. Awit nalika tiyang mboten saged duka, gesangipun badhé tansah nyanggi momotan ingkang mboten dipun rumaosi. Punika kadosdéné *‘bom waktu’*, ingkang sawekdal-wekdal saged mbledhos. Duka punika sih rahmatipun Gusti dhateng kita sami.

Nanging ing sisih sanès, sampun ngantos kita ndhelik ing sawingkingi duka. Ngleresaken tumindak agrèsif lan anarkhis, mirunganipun nalika kita nembé nesu. Kita kedah saged mangertosi utawi nepangi dhiri nalika wonten ing kawontenan duka. Kita kedah saged mbedakaken émosining nesu lan tumindak awit nesu, supados kita mboten

dhumawah ing tumindak ingkang nuju dhateng karisakan. Sumangga kita tansah nggadhahana lan nggladhi ngendaleni punapadéné mrenata dhiri, supadosa sedayanipun saged ndhatengaken kasaénan lan sikep preduli dhateng dhiri lan sesami.

Sharing Lan Rèflèksi

- Ing wekdal-wekdal punika, bab punapa ingkang ndadosaken kita nesu? Dhateng sinten lan kanthi cara punapa nesu punika kita wujudaken?
- Punapa ingkang saged kita wawas “séhat” lan “mboten séhat” saking kawontenan nesu kita punika?
- Kénging punapa kawontenaning nesu saged ngrisak swasananing manah? Menawi kita némbé ing kawontenan duka, punapa ingkang paling kita perlokaken (tumindak utawi tembung-tembung kados punapa ingkang kita perlokaken)?

6. PANDONGA PANUTUP

- a. Nyuwun kawicaksananing Allah supados saged ngémutaken tiyang ingkang lepat kanthi wicaksana.
- b. Nyuwun supados saben anggotaning brayat saged sami déné aos-ingaosan lan émut-ingemutaken setunggal lan setunggalipun wonten ing salebeting katresnan.

7. KIDUNG PANUTUP

KPJ. 188:1,3 “Biyèn Nglirwakaké”

- 1) Biyèn nglirwakaké sabdaning Gusti mung karepé dhéwé kang dèn turuti samangké mratobat nyadhong sih rahmat urip sumarah ing karsaning Allah.

Refr.:

Mula payo énggal dipadha gumrégah!

Mrih sajagad wrata ngluhurken Allah.

- 3) Biyèn dhemen cidra, gawé cilaka, datan nggapé maring haké wong liya. Mangkya setya remen ulah katresnan, ngajèni sesami jroning bebrayan. Refr.:

[YABS/IP]

**Bahan
Pakempalan
Pandonga**

Pepanggihan 6

**“PEPESTEN PEJAH PUNIKA
SIH RAHMAT”
Filipi 1:21-24**

- Tata Pangibadah Pakempalan Pandonga punika saged kajumbuhaken kaliyan kawontenaning pasamuwan sapapan.
- Sedérèngipun pakempalan pandonga kawiwitan, pangarsaning pakempalan saged miji para-para ingkang kaaturan ngunjukaken pokok-pokok pandonga.
- Menawi wonten pokok-pokok pandonga saking pergumulanipun pasamuwan sapapan, pangarsa saged mrenata wonten ing salebeting Tata Pangibadah punika.

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMBUKA

KPJ. 112:1,2 “Gusti Yésus Pangen Kula”

- 1) Gusti Yésus Pangen kula, Kula menda kagungannya.
Dennya nebus klayan rahnya, mrih kula gesang slaminya.
- 2) Sang Kristus Pangèn utama kang sampun ngetohken nyawa,
nebus kula saking dosa, wah nuntun kula mring swarga.

3. PANDONGA PAMBUKA

4. KIDUNG PEPUJEN

KPJ. 421:1,3 “Uripku Pindha pangidung”

- 1) Uripku pindha pangidung sumaos mring Pangéran.
nadyan nèng donya lwih agung sedhik lan kasusahan,
nging satengahing pasambat, tansah dènnya umanggung
pangidungé pra mlaékat. yogya aku ya ngidung.

- 3) Lamun ngélingi Gustiku, sedhihku énggal sirna.
daktut-buri ing salaku, wit ginèndèng ing sihnya
saiba ayeming kalbu, yèn rineksa Hyang Agung.
ngarah apa manèh, aku? sayogya aku ngidung.

5. PAMAOSING KITAB SUCI

Filipi 1:21-24

6. ANDHARAN

“Pepestèn Pejah Punika Sih Rahmat”

Jejer Pakempalan Pandonga wanci punika, “Pepesten Pejah Punika Sih Rahmat”. Ngrembag bab pepesten pejah, saestunipun kita ngrembag bab punapa ingkang pasti kelampah ing gesang kita. Saben manungsa ingkang lair lan gesang ing ngalam donya punika, wusananipun badhe manggihaken pepesten pejah. Namung mekaten, sanajan pepesten pejah punika bab ingkang pasti, mboten sekedhik tiyang ingkang endha utawi nebih saking kanyatan punika, mila lajeng rumaos kados-kados piyambakipun saged gesang langgeng.

Salah setunggaling tiyang ingkang saestu ngudi kanthi sakatogipun amrih gesangipun langgeng inggih punika Kaesar China ingkang naminipun Qin Shi Huang. Kaesar Qin Shi Huang ajrih sanget kaliyan pepesten pejah, malah-malah ngantos ngersaaken para winasis ing negerinipun supados damel racikan jejampi ingkang nyagedaken piyambakipun gesang langgeng. Nanging kados pundia kémawon pangudinipun para winasis, punika sedaya tanpa wonten hasilipun. Kaesar Qin Shi Huang ndhawahaken paukuman dhateng para winasis srana kakubur najan taksih sami gesang. Wonten kirang langkung cacah 460 tiyang ingkang nampi paukuman punika. Krana cuwa dhateng para winasisipun, Kaesar Qin Shi Huang lajeng tindak dahteng pulo Zhifu. Sang Kaesar mireng bilih ing pulo punika wonten satunggaling pria ingkang saged manggihaken wewadining gesang langgeng. Ing ngriku Sang Kaesar pinanggih kaliyan

ahli sulap, naminipun Xu Fu. Xu Fu unjuk atur menawi racikan kalanggengan nembe nengga piyambakipun ing Redi Penglai. Iba bingahipun Sang Kaesar Qi Shi Huang. Panjenenganipun kasengsem dhateng Xu Fu, mila lajeng maringaken prajurit kapal perangipun lan sedaya kadhawuhan enggal bidhal manggihaken racikan kalanggengan. Ringkesing cariyos, Xu Fu sampun wangsul lan manggihi Sang Kaesar. Xu Fu ngiyakinaken Kaesar menawi piyambakipun sampun manggihaken Pulo kalanggengan. Pulo punika subur sanget ngantos dipun kebaki dening rerumpunan ingkang runggut lan badhe saged ndadosaken Sang Kaesar manggihaken gesang langgeng. Namung mekaten, miturut Xu Fu, para Dewa ing ngriku ngersaaken wontenipun korban perawan cacah 6.000. Mila Sang Kaesar enggal-enggal mbekta perawan cacah 6.000 kangge mendhet racikan ingkang mujarab kanthi cara lelayaran ing samodera laminipun 8 tahun. Nanging pangudi sakatogipun kangge manggihaken racikan jejampi gesang langgeng punika ugi muspra tanpa hasil. Wusananipun Kaesar Qin Shi Huang tetep manggihaken pepesten pejah. Malah miturut cariyos ingkang wonten, Kaesar Qi Shi Huang manggihaken pepesten pejahipun kanthi cara ingkang mrihatosaken. Panjenenganipun seda awit karana keracunan racikan jejampi ingkang dipun pitadosi minangka jampining kalanggengan, nanging pranyata punika pil merkuri, ingkang ageng sanget daya risakipun.

Awit saking punika, minangka tiyang pitados mesthinipun kita mboten perlu ajrih dhateng pepesten pejah. Kados pundia kémawon, lair, gesang lan pejah punika minangka sih rahmat. Kanthi mekaten, tinimbang kita tansah kagubel dening raos ajrih dhateng pepesten pejah, ingkang wusananipun ndadosaken gesang kita tebih saking tentrem rahayu, aluwung sumangga kita syukuri anggen kita lair, gesang lan manggihaken pejah ing tembenipun. Mila sumangga kita raos-raosaken punapa ingkang kapangandikaaken Rasul Paulus dhateng pasamuwan ing

Filipi. Tumrapping Rasul Paulus, sae punika gesang punapa dene pejah, kekalihipun sami-sami baken lan aos. Mila Rasul Paulus mboten rumaos ajrih, sae dhateng gesang punapa dene dhateng pepesten pejah.

Nalikanipun gesang, Rasul Paulus rumaos kabereg kedah ngginaaken wekdal kanthi saksae-saenipun kangge martosaken Injil. Sanajan kedah ngalami pepalang, panganiaya, malah ngantos kedah lumebet ing pakunjaran, Rasul Paulus mboten geter. Panjenenganipun lajeng kémawon martosaken Injil, inggih punika kabar kabinngahan dhateng tiyang kathah. Sepisan malih, tumrapping Rasul Paulus, nalika panjenenganipun taksih kaparingan gesang, gesang punika kedah mbekta piguna, dados berkah tumrapping tiyang kathah, awit punika ingkang kinersaaken dening Gusti Yesus.

Kosok wangsulipun, menawi satunggaling wekdal mangke Rasul Paulus kedah ngalami pepesten pejah, tumrapping panjenenganipun, punika satunggaling kauntungan. Kening punapa kauntungan? Awit nalika ngalami pepesten pejah, panjenenganipun pitados bilih dhirinipun badhe nilaraken donya punika lan gesang tinunggil dening Sang Kristus Yesus ing salami-laminipun. Inggih punika ingkang sinebat bilih gesang langgeng punika minangka sih rahmat karana ing wusanipun kita badhe lumebet ing gesang langgeng tinunggil Sang Kristus. Sedaya punika nedahaken bilih “Pepesten Pejah Punika Sih Rahmat”. Minangka tiyang pitados, sampun samesthinipun kita mboten namung kendel nglampahi gesang punika, nanging ugiya kendel ngadhepi pepesten pejah ing tembenipun. Saged ugi dipun tembungaken bilih gesang punika dados wonten maknaipun nalika wonten pepesten pejah. Dados tegesipun, karana saben tiyang sadhar bilih pepesten pejah punika minangka satunggaling pepesten, mila mumpung taksih nggegesang ing ngalam donya, kedah kaudi gesangipun punika aji lan maedahi.

Dene menawi gesang punika ugi minangka sih rahmat. Mila karena gesang punika minangka sih rahmat, sampun samesthinipun nalika taksih kaparingan wewengan gesang ing donya, kita kedah saged nglampahi gesang kanthi sae, inggih punika dados berkah tumrah tiyang kathah. Kita kedah tansah ngudi amrih katresnanipun Sang Kristus nyata mawujud ing satengahing gesang sesarengan kaliyan sesami. Awit saking punika, nalika pepesten pejah sampun wonten ing sangajenging gesang, kita mboten badhe ajrih malih krana kita pitados bilih pepesten pejah punika sanes pungkasan saking sedayanipun. Nanging yektosipun, pepesten pejah punika malah minangka satunggaling wiwitaning lampah kangge pepanggihan lan tinunggil dening Gusti Yesus Kristus ing Swarga Adi salaminipun. Kejawi punika, kita ugi perlu waspada bilih nalika kita ketaman raos ajrih dhateng pepesten pejah, punika badhe damel tuna tumrap dhiri kita piyambak lan tiyang sanes, malahan saged nuwuhaken karisakan. Cariyos Kaesar Qin Shi Huang minangka salah setunggaling tuladhanipun. Nalika Sang Kaesar ngudi ngendhani pepesten pejah, panjenenganipun malah tega ngorbanaken kathah tiyang, inggih para winasis negerinipun lan ugi para perawan ingkang dados tumbal. Mbok bilih sikep kita dereng ngantos kados sikepipun Kaesar Qin Shi Huang, nanging nalika kita terus kémawon teluk dhateng raos ajrih karena pepesten pejah, punapa punika mboten badhe ugi ngrisak gesang kita?

Mila saking punika, mugi Gusti Yesus Kristus nyagedaken kita gadhah iman kados Rasul Paulus ingkang kendel ngakeni, “Urip iku Sang Kristus, dene mati iku kabegjan”. Gusti Yesus tansah mberkahi kita sami. Amin.

7. PANDONGA

- a. Nyenyuwun supados tansah saged ngucap sokur tumraping gesang lan Pepestèn pejah ingkang minangka sih rahmating Gusti.

- b. Nyenyuwun supados saben brayat saged ngaosi gesang kanthi ngudi tumindhak ingakang saé lan leres ing ngarsanipun Gusti Allah.

8. KIDUNG

KPJ. 423:1,2 “Wonten Satunggal Panggenan”

- 1) Wonten satunggal panggènan dumununging kasampurnan.

Ngriku gesang datan kéguh, wit dayaning pati lumpuh

Refr.:

Yéku dhamparing sih rahmat, nentremken tyas kula.

Tyang kang ngayom wah mratobat rahayu slaminya.

- 2) Ngriku tan wonten pasambat, awit dosanya binirat.

Begja salaminig gesang, linimputan ing pepadhang. *Refr.:*

9. DONGA PANUTUP

(Pangarsa mimpin pandonga panutup lan nglantaraken berkah)

[DNW/IP]